मंगल

11 अगस्त, 2026

पटना

देशक गप गामक भाषा मे

# समदिया मिथिला

साओन, कृष्ण पक्ष, चतुर्दशी , संवत् : 2083

समदिया मिथिला

देशक पहिल मैथिली दैनिक

RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 16, अंक : 330 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com आमंत्रण मूल्य : 4:00


मात्र अपना लेल जीयल गेल जीवन कोनो जीवन नहि होइत अछि।

- मदर टेरेसा

# झारखंड विधानसभाक गेट लग पहुंचल आंदोलनकारी छात्र, बैरिकेडिंग तोड़लक, पुलिस कएलक लाठीचार्ज

## पुलिस केलक टीयर गैस आ वाटर कैननक प्रयोग, राहुल गांधी कहलनि, छात्र पर बल प्रयोग गलत

**रांची, समदिया**

झारखंडक रांची मे जेपीएससी-जेएसएससी परीक्षा मे धांधलीक विरोध मे प्रदर्शन कए रहल हजारो छात्र बैरिकेडिंग तोड़ि विधानसभा गेटक लग धरि पहुंचि गेलाह। छात्र सभ सरकारक विरुद्ध नारा लगबैत रहलाह। एहि क्रम मे कतेको बेर पुलिस आ छात्रक बीच झड़पक स्थिति उत्पन्न भेल। पुलिस कें दू-तीन बेर लाठीचार्ज करय पड़ल। एहि क्रम मे किछु छात्रक माथ मे चोट लागल। प्रदर्शनकारी छात्र सभ सेहो पुलिस पर पानिक बोतल आ चप्पल फेकलनि। लोकसभा मे नेता प्रतिपक्ष आ कांग्रेस सांसद राहुल गांधी सोशल मीडिया एक्स पर एकटा पोस्ट मे कहलनि जे झारखंड मे विरोध कए रहल छात्रक विरुद्ध बल प्रयोग गलत अछि। छात्र सभ कें शांतिपूर्ण विरोध करबाक अधिकार अछि आ संवादक माध्यमे सं समाधान निकलि सकैत अछि। झारखंड सरकार कें एहि छात्रसभक बात सुनबाक चाही आ हुनकर समस्याक तत्काल समाधान करबाक चाही।

एहि सं पहिने आंदोलनकारी छात्र सभ भोर 10 बजे पुरान विधानसभा भवनक लग एकत्रित भेलाह। तकर बाद ओ सभ



विधानसभा घेराव लेल निकललाह। पुलिसक दिस सं विधानसभा परिसरक लग कंटीला तारक बैरिकेडिंग कएल गेल छल। पुलिस जखन वाटर कैननक प्रयोग शुरू केलक, तखन छात्र सभ बैरिकेडिंग पर चढ़ि कए नाचैत देखल गेलाह। किछु छात्र सभ राष्ट्रगान सेहो गौलनि। एकर बाद पुलिस टीयर गैसक गोला छोड़लक। विधानसभा परिसरक आसपास 6 लेयरक सुरक्षा व्यवस्था कएल गेल अछि। सीसीटीवी कैमरा सं लगातार निगरानी कएल जा रहल अछि।

### जेपीएससीक पूर्व अध्यक्ष एल ख्यांगते गिरफ्तार

एहि बीच सीआइडी जेपीएससीक पूर्व अध्यक्ष एल ख्यांगते कें गिरफ्तार कए लेने अछि। 21 जुलाई कें जेपीएससी कार्यालय मे छापेमारीक बाद ओ अपन पद सं इस्तीफा दए देने छलाह। ओकर बाद सं सीआइडी हुनका सं लगातार पूछताछ कए रहल छल। झारखंड पीएससी-एसएसीक परीक्षा रद्द करबाक मांग कें लए कए छात्र सभ पछिला 17 दिन सं आंदोलन कए रहल छथि। देवेंद्रनाथ महतो समेत छह छात्र भूख हड़ताल पर छथि। ई सभ एंबुलेंसक माध्यमे विधानसभा घेरावक कार्यक्रम मे शामिल होबय पहुंचलाह।

### राहुल गांधी कहलनि, संवादेक माध्यम सं होयत समाधान

कांग्रेस सांसद राहुल गांधी सोशल मीडिया एक्स पर अपन पोस्ट मे कहलनि जे झारखंड मे विरोध कए रहल छात्रक विरुद्ध बल प्रयोग करब गलत अछि। हुनकर अनुसार, छात्र सभ कें शांतिपूर्ण ढंग सं विरोध करबाक अधिकार अछि आ संवादक माध्य मे समस्याक समाधान कएल जा सकैत अछि। झारखंड सरकार कें छात्रसभक बात सुनि हुनकर समस्याक शीघ्र समाधान करबाक चाही।

### स्वास्थ्य मंत्री कहलनि, सरकार संवेदनशील, 95 प्रतिशत मांग मानल गेल

झारखंडक स्वास्थ्य मंत्री इरफान अंसारी कहलनि जे छात्र सभ शांतिपूर्ण ढंग सं विरोध कए रहल छलाह आ सरकार सेहो संवेदनशील अछि। हुनकर कहब अछि जे छात्र सभ बैरिकेड तोड़ि देने छलाह, मुदा सरकार कोनो कठोर डेग नहि उठौलक। ओ कहलनि जे ओ सभ युवा छलाह, तें हुनका पर मात्र वाटर कैननक प्रयोग कएल गेल। मंत्री आरोप लगौलनि जे इखढ सं जुड़ल किछु असामाजिक तत्व छात्रसभक शांतिपूर्ण विरोध मे बाधा उत्पन्न करबाक प्रयास केलक, मुदा पुलिस समय रहैत स्थिति कें नियंत्रण मे कए लेलक। हुनकर अनुसार, पुलिसकर्मी सभ कें पीटल गेल आ हुनका पर लाठी चलाओल गेल, तैयो पुलिस संयम बना रखने छल, कारण युवाक भविष्य दांव पर छल। स्वास्थ्य मंत्री कहलनि जे सरकार छात्र सभक मांग कें लए कए गंभीर अछि आ ओकरा पूरा करबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। हुनकर दाबी अछि जे छात्रसभक 95 प्रतिशत मांग पहिनहि मानल जा चुकल अछि। मंत्रीक अनुसार, आब छात्र सभक मुख्य मांग सीजीएल परीक्षाक सीबीआइ जांच करेनाइ अछि। ओ कहलनि जे ई युवा छथि आ संभव अछि जे हुनका सभ कें पूरा जानकारी नहि हो। हुनकर कहब अछि जे सीजीएल परीक्षाक परिणाम सुप्रीम कोर्टक निदेर्शानुसार जारी कएल गेल अछि आ सरकार सुप्रीम कोर्ट सं ऊपर नहि अछि।

**एक नजरि**

### चंदा चोरीक विरोध मे सांसद पप्पू यादवक 'सड़कासन'



**नई दिल्ली :** अयोध्या राम मंदिर मे चढ़ावाक गड़बड़ीक मामिलाक सीबीआई सं जांच कराबयक मांग लए सोमदिन देशक विभिन्न भाग सं करीब 500 साधु-संत दिल्लीक मंडी हाउस मे जुटलाह। पूर्णियाक सांसद राजेश रंजन उर्फ पप्पू यादव सेहो संत सभक समर्थन मे प्रदर्शन मे शामिल भेलाह। संत सभ प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी कें ज्ञापन देबाक लेल प्रधानमंत्री आवास दिस मार्च करए चाहैत छलाह।

सुरक्षाक कारण दिल्ली पुलिस भीड़ कें आगू बढ़ए सं रोकलक। बीएनएसएसक धारा 163 लागू रहबाक कारण पुलिसक रोकलाक बाद किछु संत सड़क पर लेटि गेलाह। पप्पू यादव सेहो सड़क पर बैसि आ पसरि कए जय श्रीरामक नारा लगबैत चढ़ावाक गबन कएनिहार सभक विरुद्ध कड़ा कारबाइक मांग कयलनि। बाद मे पुलिस हुनका सभ कें हिरासत मे लए दोसर दिस पठा देलक। पप्पू यादव सोशल मीडिया पर लिखलनि जे चंदा चोर गद्दी छोड़, रामजीक लुटेरा कुर्सी छोड़ू। ओ प्रधानमंत्री पर संत सभक प्रदर्शन कें रोकबाक आरोप लगबैत निशाना साधलनि। उल्लेखनीय अछि जे किछु दिन पहिने संसद परिसर मे दानपात्र सं चढ़ावा निकालबाक नाटकीय प्रदर्शन करबाक कारण पप्पू यादवक किछु संत संगठन सभ आलोचना कयने छल।

# सम्राट सरकारक विरुद्ध उतरला 12 हजार शिक्षक, देलनि धरना

- पटना यूनिवर्सिटी मे लगौलनि नारा, प्रस्तावित विवि अधिनियम मे बदलावक विरोध

**पटना, समदिया**

राज्य मे करीब 50 वर्ष बाद विश्वविद्यालयक कानून बदलय जा रहल अछि। बिहार सरकार द्वारा प्रस्तावित विश्वविद्यालय अधिनियमक विरोध मे प्रदेशक सभ विश्वविद्यालय आ कॉलेजक शिक्षक सोम कें सामूहिक अवकाश पर रहलाह। राज्यक 481 सरकारी डिग्री कॉलेजक 12 हजार सं बेसी शिक्षक अपन-अपन विश्वविद्यालय मुख्यालय पर प्रदर्शन कएलनि। पटना यूनिवर्सिटी मे सेहो सभ शिक्षक प्रदर्शन लेल उतरला आ बिहार सरकारक विरुद्ध नारा लगौलनि।

बिहार राज्य विश्वविद्यालय एवं महाविद्यालय शिक्षक-शिक्षकेतर कर्मचारी संयुक्त संघर्ष मोर्चाक आह्वान पर ई प्रदर्शन कएल जा रहल अछि।



पटना यूनिवर्सिटी शिक्षक संघक अध्यक्ष शिवसागर कहलनि जे शिक्षक सभ पहिने सं धरना-प्रदर्शन करैत आबि रहल छथि। बिहार विश्वविद्यालय अधिनियम आ पटना विश्वविद्यालय अधिनियम कें समाप्त कएल जा रहल अछि। एकर विरोध मे शिक्षक सभ पछिला दिन चारि दिनक मास कैजुअल लीव लेने छलाह आ मानव श्रृंखला सेहो बनौने छलाह। हुनकर कहब अछि जे विधेयकक विरोध मे शिक्षक, कर्मचारी आ छात्र - तीनू वर्गक लोक जुटल छथि।

शिक्षक सभक कहब अछि जे विश्वविद्यालयक स्वायत्तता समाप्त करबाक जे प्रयास भए रहल अछि, तकर विरोध मे ओ सभ एकजुट भेल छथि आ अंतिम दम धरि एहि विधेयक कें लागू नहि होमय देबाक प्रयास करताह।

### उच्च शिक्षा कें नियंत्रण मे राखय चाहैत अछि सरकार

शिक्षक डॉ. सुधीर कुमार कहलनि जे बिहार विश्वविद्यालय अधिनियम-2026क विरोध मे प्रदर्शन कएल जा रहल अछि। हुनकर आरोप अछि जे सरकार विश्वविद्यालयक स्वायत्तता समाप्त करबाक प्रयास कए रहल अछि। हुनकर कहब अछि जे सरकार उच्च शिक्षा व्यवस्था कें अपन नियंत्रण मे राखय चाहैत अछि। एकर प्रभाव शिक्षाक स्वतंत्रता आ विश्वविद्यालयक भीतर चलि रहल शोधक परंपरा पर पड़त। हुनकर आरोप अछि जे सरकार शोध आ नवाचार कें अपन विचारधाराक प्रचारक माध्यमक रूप मे उपयोग करय चाहैत अछि।

### कुलपति कें सौंपल गेल ज्ञापन

पटना यूनिवर्सिटीक व्हीलर सीनेट हॉल मे दुपहर 1:30 बजे सं प्रदर्शन चलि रहल अछि। प्रदर्शनक बाद कुलपति कें ज्ञापन सौंपल जाएत। एहि मे प्रस्तावित अधिनियम कें तत्काल निरस्त करबाक लेल सरकार कें अनुशंसा करबाक मांग कएल जाएत।

### शिक्षकक नियुक्ति आ स्थानांतरण पर सरकारक नियंत्रणक आशंका

शिक्षक सभक अनुसार, नव विधेयक लागू भेला सं कॉलेजक प्रोफेसर सभक नियुक्ति, स्थानांतरण-पदस्थापन सहित अन्य महत्वपूर्ण अधिकार सरकारक नियंत्रण मे आबि जाएत। छोट-छोट काज लेल सेहो सचिवालयक चक्कर लगाबय पड़त। राज्यपालक अधिकार मे सेहो कमी आएबाक आशंका जताओल जा रहल अछि। कॉलेज शिक्षकक चुनाव लड़बाक आ कोनो राजनीतिक दलक सदस्य बनेबाक अधिकार पर सेहो रोक लगबाक संभावना अछि।

# तिरंगा यात्रा मे जदयू कोटाक दुनू उपमुख्यमंत्री नदारद मुख्यमंत्री सम्राट 1.5 किलोमीटर पैदल चललाह

## मंत्री दिलीप जायसवाल आ मिथिलेश तिवारी कें सेहो रोकल गेल

**पटना, समदिया**

हर घर तिरंगा अभियानक अंतर्गत सोमदिन पटना मे भव्य तिरंगा यात्रा निकालल गेल। यात्राक शुभारंभ जेपी गोलंबर सं भोर 10:30 बजे भेल। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी हाथ मे तिरंगा लेने जेपी गोलंबर सं कारगिल चौक धरि करीब 1.5 किलोमीटर पैदल चललाह। यात्रा सं पहिने मुख्यमंत्री गांधी मैदान स्थित बापूक प्रतिमा पर माल्यार्पण कयलनि। हुनका संग मंत्री दिलीप जायसवाल आ शिक्षा मंत्री मिथिलेश तिवारी सेहो छलाह। मुख्यमंत्रीक काफिला गांधी मैदानक गेट नंबर 12 सं भीतर गेलाक बाद गेट बंद कए देल गेल। सुरक्षा मे तैनात जवान



सभ मुख्यमंत्रीक एस्कॉर्ट छोड़ि दोसर कोनो गाड़ीक भीतर नहि जाए देबाक बात कहलनि। एहि कारण दिलीप जायसवाल आ मिथिलेश तिवारीक कर्मचारी सभक आग्रहक बादो दुनू मंत्री कें करीब पांच मिनट धरि प्रतीक्षा करए पड़ल।

तिरंगा यात्राक कार्यक्रम मे दुनू उपमुख्यमंत्रीक उपस्थिति नहि देखल गेल। उपमुख्यमंत्री विजय चौधरी पटना सं बाहर छथि। ओतहि दोसर उपमुख्यमंत्री विजेंद्र यादवक कार्यक्रम मे नहि पहुंचबाक कारण हुनकर अधिक आयु बताओल जा रहल अछि।

# मुजफ्फरपुर-भागलपुर मे शिवभक्त सभ पर हेलिकॉप्टर सं कएल गेल फूलक बरखा

- बेगूसराय मे 2 किलोमीटर नमहर लाइन लागल

**पटना, समदिया**

साओनक दोसर सोमवारी पर सोमदिन बिहारक शिवालय सभ मे शिवभक्त सभक भारी भीड़ि उमड़ि पड़ल। हर-हर महादेव आ बोल बमक जयघोष सं मंदिर आ कांवरिया पथ गुंजायमान रहल। मुजफ्फरपुरक बाबा गरीबनाथ मंदिर मे स्थानीय श्रद्धालु आ कांवरिया सभ मिला कए करीब 2 लाख श्रद्धालुक पहुंचबाक अनुमान अछि। मंदिरक ऊपर हेलिकॉप्टर सं पुष्पवर्षा कए कांवरिया सभक स्वागत कएल गेल। भागलपुरक अजगैबीनाथ मंदिर, उत्तरवाहिनी गंगा आ कांवरिया पथ पर सेहो हेलिकॉप्टर सं फूलक बरखा कएल गेल। पुष्पवर्षा शुरू होइतहि हर-हर महादेव आ बोल बमक



जयघोष सं पूरा मेला क्षेत्र भक्तिमय भए गेल। सुल्तानगंज सं गंगाजल भरि कांवरिया सभ 105 किलोमीटर लंबा यात्रा करैत देवघर दिस विदा भेलाह। बेगूसरायक हरिगिरीधाम गढ़पुरा मे भोरहि सं श्रद्धालु सभक नमहर लाइन लागल रहल, जे करीब 2 किलोमीटर धरि पहुंचि गेल। लखीसरायक अशोक धाम, दरभंगाक बाबा कुशेश्वरनाथ, सोनपुरक बाबा हरिहरनाथ आ राजगीरक बाबा सिद्धनाथ मंदिर मे सेहो श्रद्धालु सभक भारी भीड़ि रहल। कुशेश्वरनाथ मंदिर मे राति करीब 12 बजे सं जलाभिषेक लेल लाइन लागय लागल छल, जे भोर धरि करीब 3 किलोमीटर नमहर भए गेल।

राजगीरक वैभारगिरि पर्वत पर स्थित बाबा सिद्धनाथ मंदिर मे श्रद्धालु 536 सीढ़ी चढ़ि महादेवक दर्शन करैत रहलाह। एहि दौरान एकटा छोट बालक सेहो सीढ़ी चढ़ैत देखल गेल।

सुल्तानगंज सं करीब 5 घंटा मे एक लाख कांवरिया गंगाजल भरि देवघर लेल विदा भेलाह। वाराणसीक दीपक कनौजिया अपन दिव्यांग मित्र प्रमोद पांडे कें कान्ह पर बैसाकए विगत आठ वर्ष सं देवघर लए जा रहल छथि। प्रमोद चलए मे असमर्थ छथि, मुदा दीपक हुनकर जलाभिषेकक अभिलाषा पूरा करैत आबि रहल छथि। मुजफ्फरपुर मे कांवरिया सभक विश्राम लेल शिविर, स्वास्थ्य केंद्र, एंबुलेंस, चिकित्सा दल आ यात्री शेडक व्यवस्था कएल गेल अछि। बाबा गरीबनाथ मंदिर मे एक हजार सं बेसी स्वयंसेवक लागल रहला। पुलिस प्रशासन द्वारा कांवरिया पथ, मंदिर आ संवेदनशील स्थल सभ पर अतिरिक्त बल तैनात कए सादे वस्त्र मे सेहो निगरानी कएल गेल।

(विस्तृत खबरि पेज 10 पर)

### सुपौल मे 150 घर मे घुसल पानि, स्पर नंबर-6 लग बोल्डर क्रेटिंग धंसल

**सुपौल :** नेपाल आ सुपौल सं सटल क्षेत्र सभ मे रुकि-रुकि कए भए रहल बरखाक बीच कोसी नदीक जलस्तर मे लगातार उतार-चढ़ाव भए रहल अछि। जलस्तर घटैत-बढ़ैत रहबाक कारण कोसी तटबंधक भीतर बसल गाम सभ मे बाढ़ि आ कटावक स्थिति उत्पन्न भए गेल अछि। करीब 150 घर मे बाढ़क पानि घुसि गेल अछि। मरौना प्रखंडक सिसौनी पंचायतक वार्ड नंबर-6 मे सिकरहट्टा-मझारी निम्न बांधक स्पर नंबर-6 लग बोल्डर क्रेटिंग धंसि गेल अछि। एहि सं बांध पर पानिक दबाव बढ़ि गेल अछि। बाढ़ि पीड़ित सभक कहब अछि जे घर मे पानि भरल रहबाक कारण भोजन बनेबा मे परेशानी भए रहल अछि। मवेशी सभक लेल चारा जुटेनाइ सेहो चुनौती बनि गेल अछि। स्थानीय लोक सभ प्रशासनिक सहायता नहि भेटबाक शिकायत कयलनि।




# पटना मे तिरंगा यात्राक रूट डायवर्जन सं थमल शहर

## जेपी पथ सं स्टेशन फ्लाईओवर धरि भीषण जाम



**पटना, समदिया**

पटना मे सोमदिन आयोजित तिरंगा यात्राक कारण कएल गेल यातायात रूट डायवर्जनक असर शहरक सड़क सभ पर स्पष्ट देखल गेल। जेपी गोलंबर सं कारगिल चौक धरि निकालल गेल यात्राक कारण अनेको प्रमुख मार्ग बंद राखल गेल, जाहि सं जेपी पथ, डाकबंगला चौराहा, स्टेशन फ्लाईओवर आ आसपासक क्षेत्र सभ मे पैघ जाम लागि गेल।

भोरहि सं वाहनसभक लंबा कतार लगब शुरू भए गेल आ देखते-देखते पूरा इलाका यातायात दबाव मे आबि गेल। कार्यालय जाए बला लोकसभ, स्कूल बस आ सामान्य यात्री सभ घंटों जाम मे फंसल रहलाह, जाहि सं लोक सभ कें बहुत परेशानीक सामना करय पड़ल।

प्रशासनक दिस सं पहिनहि रूट डायवर्जन लागू कएल गेल छल, मुदा धरातल पर एकर कारण स्थिति आरो जटिल बनि गेल। डाकबंगला चौराहा सं गांधी मैदान, न्यू डाकबंगला रोड, एसपी वर्मा रोड, छज्जूबाग आ टीएन बनर्जी रोड दिस वाहनसभक आवाजाही बंद रहबाक कारण दोसर मार्ग सभ पर दबाव बहुत बढ़ि गेल।

एहि बीच बुद्ध मार्ग, कोतवाली सं पुलिस लाइन आ जेपी गोलंबर सं रामगुलाम चौक होइत कारगिल चौक धरि सामान्य वाहनसभक प्रवेश पर रोक लगाओल गेल छल। एहि कारण लोक सभ वैकल्पिक मार्गक उपयोग करय लगलाह, मुदा ओतहु यातायातक दबाव लगातार बढ़ैत गेल।

पटना जंक्शन सं गांधी मैदान जाए बला ऑटोसभक रूट बदलि न्यू डाकबंगला रोड, भट्टाचार्य मोड़ आ एक्जीविशन रोड होइत निर्धारित कएल गेल, मुदा एहि मार्ग सभ पर सेहो जामक स्थिति बनि गेल। अनेको स्थान पर वाहन रेंगैत देखल गेल आ लोक सभ कें समय पर अपन गंतव्य धरि पहुंचब कठिन भए गेल।

प्रशासन गांधी मैदान मे पार्किंगक व्यवस्था केने छल आ आपातकालीन सेवा सभ कें छूट देल गेल छल, मुदा सामान्य नागरिक सभ लेल व्यवस्था परेशानीक कारण बनल रहल। न्यू डाकबंगला रोड, भट्टाचार्य मोड़ आ एक्जीविशन रोड सन वैकल्पिक मार्ग सभ पर अनचोके वाहनसंख्या बढ़ला सं यातायात व्यवस्था प्रभावित भए गेल।

डाकबंगला सं गांधी मैदान, एसपी वर्मा रोड, छज्जूबाग आ टीएन बनर्जी रोड सन प्रमुख मार्ग सभ पर परिचालन बंद रहबाक कारण लोक सभ बाध्य भए दोसर मार्गक सहारा लेलनि, जाहि सं जामक समस्या आरो गंभीर भए गेल।

यातायात पुलिस लोक सभ सं अपील केने अछि जे प्रतिबंधित मार्ग सभ सं बचैत वैकल्पिक मार्गक उपयोग करू। जखनकि समाचार लिखल जाए धरि शहरक अनेको क्षेत्र मे यातायात व्यवस्था पूर्ण रूप सं सामान्य नहि भए सकल छल आ लोक सभ कें परेशानीक सामना करय पड़ि रहल छल।

# पटना मेट्रो निर्माणक कारण चिड़ियाघर लग यातायात व्यवस्था मे बदलाव

**पटना, समदिया**

पटना मे मेट्रो निर्माण कार्यक कारण चिड़ियाघर लग लगभग 200 मीटर क्षेत्र मे सड़कक मात्र एकटा लेन सं वाहनसभक परिचालन भ' रहल अछि। एहि कारण पीक आवर मे यातायातक दबाव बढ़ि रहल अछि।



जामक समस्या कें देखैत पुलिस सोमदिन सं सगुना मोड़ दिस सं आबय बला व्यावसायिक वाहनसभ लेल नव डायवर्जन योजना लागू कएने अछि।

राजाबाजार पुलक नीचां सं आबय बला व्यावसायिक वाहनसभ कें चिड़ियाघर पहुंचबाक पहिने डुमरा चौकी लग डायवर्ट कएल जाएत। एतय सं वाहनसभ एयरपोर्टक मुख्य द्वारक सामने सं पटेल गोलंबर आ हार्डिंग रोड होइत आयकर गोलंबर अथवा पटना जंक्शन दिस जा सकत।

किछु व्यावसायिक वाहनसभ कें चिड़ियाघर सं पहिने एलएनजेपी अस्पताल दिस मोड़ि पुनाईचक दिस पठाओल जाएत। एहि व्यवस्थाक उद्देश्य चिड़ियाघर लग बंद लेन पर वाहनसभक दबाव कम करब अछि।

चिड़ियाघर लग सड़कक एकटा लेन बंद रहबाक कारण राजवंशी नगर स्थित हनुमान मंदिर लग पीक आवर मे जामक स्थिति बनि रहल अछि। वाहनसभक संख्या बढ़बाक कारण यातायात प्रभावित भ' रहल अछि। एहि कारण व्यावसायिक वाहनसभ कें वैकल्पिक मार्ग सं भेजबाक निर्णय लेल गेल अछि।

यातायात पुलिसक अनुसार, मेट्रो निर्माणक अगिला चरणक कार्य विकास भवन आ विद्युत भवनक आसपास शुरू होएत। ओतय निर्माण कार्य शुरू भेलाक बाद आयकर गोलंबर सं व्यावसायिक वाहनसभ कें डायवर्ट करबाक योजना अछि।

एलएनजेपी अस्पताल सं पुनाईचक जाए बला सड़क संकरी अछि। एहन स्थिति मे एहि मार्ग पर व्यावसायिक वाहनसभक संख्या बढ़ला सं जामक समस्या उत्पन्न भ' सकैत अछि। यातायात पुलिस स्थिति पर लगातार नजरि राखत आ आवश्यकता अनुसार डायवर्जन व्यवस्था मे बदलाव करत।

ट्रैफिक प्रशासनक अनुसार सगुना मोड़ दिस सं आबय बला व्यावसायिक वाहनसभ कें दू स्थान पर डायवर्ट कएल जाएत। पहिल रूट डुमरा चौकी सं एयरपोर्ट दिस आ दोसर रूट एलएनजेपी अस्पताल दिस होएत। विकास भवन आ विद्युत भवन लग मेट्रो निर्माण शुरू भेलाक बाद यातायात व्यवस्थामे फेर बदलाव कएल जाएत।

## एक नजरि

### विश्व आदिवासी दिवस पर विधानसभा अध्यक्ष देलनि शुभकामना

**पटना।** बिहार विधानसभा अध्यक्ष डॉ. प्रेम कुमार विश्व आदिवासी दिवसक अवसर पर देश आ प्रदेशक लोक सभ, विशेष रूप सं आदिवासी आ जनजातीय समाजक लोक सभ कें हार्दिक बधाई आ शुभकामना देलनि। ओ कहलनि जे भारतक आदिवासी आ जनजातीय समाजक परंपरा, लोक-संस्कृति, भाषा, कला, प्रकृति प्रति संवेदनशील जीवनशैली आ समृद्ध विरासत हमर राष्ट्रीय संस्कृतिक अमूल्य धरोहर अछि। आदिवासी समाज जल, जंगल आ जमीनक संरक्षणक संगहि देशक सामाजिक आ सांस्कृतिक विकास मे महत्वपूर्ण योगदान दैत आबि रहल अछि। डॉ. प्रेम कुमार कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक नेतृत्व मे जनजातीय समाजक सामाजिक, आर्थिक आ शैक्षणिक सशक्तिकरण पर विशेष ध्यान देल जा रहल अछि। विकासक मुख्यधारा मे आदिवासी समाजक प्रभावी सहभागिता सुनिश्चित करैत हुनकर संस्कृति, परंपरा आ अधिकारक संरक्षण करब आवश्यक अछि। ओ कहलनि जे ह्लसबका साथ, सबका विकास, सबका विश्वास आ सबका प्रयासह्व केर भावना सं एकटा समृद्ध, सशक्त आ विकसित भारतक निर्माण संभव अछि। समाजक आखरी पायदान पर ठाढ़ व्यक्ति धरि विकासक लाभ पहुंचाएब हम सभक सामूहिक जिम्मेदारी अछि। विधानसभा अध्यक्ष आदिवासी आ जनजातीय समाजक उज्ज्वल भविष्यक कामना करैत कहलनि जे हुनकर परंपरा, संस्कृति आ पहचान कें सुरक्षित राखैत विकासक अवसर उपलब्ध कराओल जाए, तखनहि समावेशी आ संतुलित समाजक निर्माण संभव भए सकत।

### दानापुर स्टेशनक होयत विस्तार, प्लेटफॉर्म सर्कुलेटिंग एरिया आ पार्किंगक बढ़त दायरा

**दानापुर।** दानापुर स्टेशनक विकास आ यात्री सुविधासभक विस्तार लेल रेलवे द्वारा पैघ मास्टर प्लान तैयार कएल जा रहल अछि। एहि योजनाक अंतर्गत खगौल आरओबी सं दानापुर स्टेशन गोलंबर धरि जाए बला पुरान सड़क बंद कएल जाएत। एहि जमीनक उपयोग प्लेटफॉर्म, सकुर्लेटिंग एरिया आ पार्किंगक विस्तार लेल कएल जाएत। सड़क बंद भेलाक बाद पटना-बिहटाक बीच आवागमन कएनिहार लोक सभ बिहटा एलिवेटेड रोडक नीचां बनल नव मार्गक उपयोग करताह। एहि व्यवस्था सं प्रतिदिन लगभग तीन लाख वाहन चालक सभ कें जामक समस्या सं राहति भेटबाक संभावना अछि। दानापुर रेल मंडलक अधिकारीसभक अनुसार स्टेशन विस्तार लेल मास्टर प्लान तैयार कएल जा रहल अछि। विस्तार कार्यक दायरा मे वर्तमान सड़क आबि रहल अछि, ताहि लेल राष्ट्रीय राजमार्ग प्राधिकरण (एनएचएआई) कें शीघ्र लिखित प्रस्ताव पठाओल जाएत। प्रस्ताव प्राप्त भेलाक बाद रेलवे आ एनएचएआई अधिकारीसभक बीच जमीन हस्तांतरण आ वैकल्पिक मार्गक संबंध मे बैठक होएत। योजनाक अंतर्गत पटना-बिहटा एलिवेटेड रोडक नीचां नव मार्ग चालू कएल जाएत, जाहि सं वाहनसभक आवाजाही बिना बाधाक होएत। एहि सं दैनिक यात्राक समय आ ईंधन दुनूक बचत होएत। सड़क बंद भेलाक बाद उपलब्ध अतिरिक्त जमीन पर प्लेटफॉर्म ए आ ए-1क विस्तार कएल जाएत। विस्तारक बाद एहि प्लेटफॉर्मसभक चौड़ाई वर्तमान सं दोगुना सं बेसी भए जाएत। एकर लाभ ट्रेनक ठहरावक समय यात्री सभ कें भेटत आ भीड़ प्रबंधन मे सेहो सुविधा होएत। एहि योजनाक अंतर्गत दानापुर स्टेशनक बाहर पैघ सकुर्लेटिंग एरिया आ पार्किंग जोन विकसित कएल जाएत।

# रोटरी क्लब ऑफ पटना वाइब्रेंट केलक दिव्यांग बच्चा सभक बीच अध्ययन आ खेल सामग्रीक वितरण




**पटना, समदिया**

मानवता ही सब सं पैघ धर्म अछि एहि उक्ति कें चरितार्थ करैत रोटरी क्लब ऑफ पटना वाइब्रेंटक सदस्य सभ सोम दिन वेदनगर, रुकनपुरा, पटना स्थित दिव्यांग विशेष विद्यालय चमन पहुंचि दिव्यांग बच्चासभक बीच अध्ययन सामग्रीक संग किछु खेल सामग्रीक वितरण कएलनि। एहि अवसर पर क्लबक अध्यक्ष प्रदीप कुमार झा कहलनि जे समाजक एहन सभ जरूरतमंद लोक लग संस्था निरंतर पहुंचैत रहत, जाहि सभ कें सहयोगक आवश्यकता अछि। हुनका अनुसार शिक्षा, स्वास्थ्य, अनाथ वा वंचित वर्गक सहयोगक क्षेत्र मे रोटरी क्लब ऑफ पटना वाइब्रेंट सदिखन सक्रिय रहल अछि आ आगू सेहो बढ़ि-चढ़ि कए समाजसेवाक कार्य करैत रहत। क्लबक सचिव सोनी झा आ कोषाध्यक्ष मुस्कान झा सेहो विद्यालयक बच्चा सभ आ संस्थाक सहयोग लेल सदिखन तत्पर रहबाक बात कहलनि। विद्यालय समिति कें सचिव सतीश कुमार, कोर्डिनेटर पूनम जी आ शिक्षिका निशी जी सहित अन्य सदस्य सभ रोटरी क्लबक सभ सदस्यक दुपट्टा आ फ्लावर पॉट दए स्वागत-सम्मान कएलनि। एहि पुनीत अवसर पर रोटरी क्लब ऑफ पटना वाइब्रेंटक अध्यक्ष प्रदीप कुमार झा, सचिव सोनी झा, कोषाध्यक्ष मुस्कान झा, गिरीश कुमार झा, पूजा गुप्ता, मनीष कुमार सिन्हा, नीलम झा, अजय कुमार झा, ललिता सिंह, आदित्य कुमार झा, श्वेता सोनी, रजनी रेजिना सहित अनेको सदस्य उपस्थित छलाह।

# पटना मे एआई बला ई-स्कूटर सं होयत शहरक निगरानी

## 'नगर नेत्रा' पकड़त खद्धा-कचरा आ अतिक्रमण, प्रत्येक वार्ड पर रहत नजरि

**पटना, समदिया**

पटना मे नागरिक सुविधा आ शहरी प्रबंधन कें बेसी प्रभावी बनेबाक लेल नव पहल शुरू कयल जा रहल अछि। पटना स्मार्ट सिटीक दिस सं सिविक सर्विसेज सर्विलांस एंड मॉनिटरिंग प्रोजेक्ट शुरू कयल जाएत। एकर उद्देश्य आर्टिफिशियल इंटेलिजेंस (एआई) आ आधुनिक तकनीकक सहायता सं शहरक सफाइ, सुरक्षा आ सड़कक स्थिति मे सुधार आनब अछि।



नगर विकास विभाग एहि प्रोजेक्ट कें मंजूरी दए देने अछि। पटना मे सफल कार्यान्वयनक बाद एहि मॉडल कें बिहारशरीफ, मुजफ्फरपुर आ भागलपुर सहित राज्यक आन प्रमुख शहर सभ मे सेहो लागू कयल जाएत।

शहरक सड़क सभ आ विभिन्न वार्ड सभ मे गश्त लेल ई-स्कूटर तैनात कयल जाएत। एहि लेल लगभग 19 ई-स्कूटर लगाबबाक योजना बनाओल गेल अछि। पटना नगर निगम मे कुल 75 वार्ड अछि। योजना अनुसार लगभग प्रत्येक चारि वार्ड पर एकटा ई-स्कूटर तैनात रहत।

एहि ई-स्कूटर सभ कें 'नगर नेत्रा' नाम देल गेल अछि। एकर संचालन लेल सितंबर धरि एजेंसीक चयन कयल जाएत।

गांधी मैदान स्थित एकीकृत कमांड एंड कंट्रोल सेंटर (आईसीसीसी) मे सेंट्रल सिविक सर्विसेज ऑपरेशंस सेंटर विकसित कयल जाएत। ई-स्कूटर आ आन कैमरा सभ सं भेटल लाइव डाटा सीधा एहि सेंटर धरि पहुंचत।

तकर बाद एआई आ मशीन लर्निंग एल्गोरिदमक सहायता सं डाटाक विश्लेषण कयल जाएत। कोनो गड़बड़ी भेटला पर संबंधित विभाग आ अधिकारी सभ कें मोबाइल ऐपक माध्यम सं तत्काल सूचना पठाओल जाएत।

एहि लेल अधिकारी, ठेकेदार आ फील्ड स्टाफ सभ लेल विशेष एंड्रॉयड ऐप सेहो तैयार कयल जा रहल अछि।

'नगर नेत्रा' शहरक सात प्रमुख नागरिक समस्या सभक पहचान करत। एहि मे सड़क पर पड़ल कचरा, बिना झाड़ू बला अथवा गंदी सड़क, सड़कक खद्धा, खुलल अथवा टूटल मैनहोल, खराब स्ट्रीट लाइट, अतिक्रमण आ अवैध कब्जा, सड़क पर घूमैत आवारा मवेशी आ अवैध होर्डिंग्स शामिल अछि।

एआई तकनीकक सहायता सं एहि समस्या सभ कें कैमरा माध्य मे रिकॉर्ड कयल जाएत। उदाहरणक तौर पर सड़क पर 10 इंच सं पैघ खद्धा अथवा एक मीटर सं बेसी कचराक ढेर भेटला पर सिस्टम स्वतः ओकर रिकॉर्ड तैयार करत।

# वीबी-जीरामजीः बिहार मे 15 अगस्त धरि चलत 'पंच सम्मेलन'

## प्रत्येक ग्राम पंचायत धरि पहुंचत नव रोजगार योजना

**पटना, समदिया**

गाम सभ कें आत्मनिर्भर आ समृद्ध बनेबाक दिश मे सरकार एकटा ऐतिहासिक कदम उठौने अछि। केंद्र सरकारक नव आ महत्वाकांक्षी योजना विकसित भारत रोजगार आ आजीविका मिशन ग्रामीण (वीबी-जीरामजी) केर प्रभावी कार्यान्वयन आ पारदर्शिता सुनिश्चित करबाक लेल जिलाबार पंच सम्मेलनक आयोजन कयल जाएत।

एहि सम्मेलन मे त्रिस्तरीय पंचायती राज संस्था सभक प्रतिनिधि, विशेष रूप सं मुखिया, वार्ड सदस्य, पंच आ प्रशासनिक अधिकारी सभक सहभागिता रहत। ई राज्यव्यापी जागरूकता अभियान आगामी 15 अगस्त धरि बिहारक सभ ग्राम पंचायत सभ मे लगातार आयोजित कयल जाएत।

ग्रामीण विकास विभाग आ सूचना एवं जनसंपर्क मंत्री श्रवण कुमार कहलनि जे पंच सम्मेलनक मुख्य उद्देश्य त्रिस्तरीय पंचायती राज व्यवस्थाक निर्वाचित प्रतिनिधि सभ आ अधिकारी सभ कें पुरान मनरेगा आ 1 जुलाई 2026 सं लागू भेल वीबी-जीरामजी योजनाक बीचक अंतर स्पष्ट रूप सं बुझेबाक अछि।

सम्मेलनक माध्यम सं पंचायत सभ कें ई सिखाओल जाएत जे ओ सभ स्थानीय आवश्यकता अनुसार साक्ष्य-आधारित विकास योजना कोना तैयार करथि, जाहि सं योजनाक लाभ सीधा आ सही रूप मे ग्रामीण सभ धरि पहुंचि सकए। मंत्री कहलनि जे वीबी-जीरामजी कार्यक्रम केवल एकटा रोजगार योजना नहि, बल्कि विकसित भारत-2047 केर राष्ट्रीय लक्ष्य प्राप्त करबाक प्रमुख आधार अछि। योजना अंतर्गत समय पर पारदर्शी डिजिटल भुगतान आ अनिवार्य बेरोजगारी भत्ताक कानूनी प्रावधान कयल गेल अछि।

पुरान व्यवस्था सं अलग, एहि नव योजना मे विकास कार्य सभ कें चारि स्पष्ट आ परिणाममुखी श्रेणी मे विभाजित कयल गेल अछि। एहि मे जल संरक्षण आ प्राकृतिक संसाधन प्रबंधन, गाम सभ मे टिकाऊ आ मजबूत आधारभूत संरचनाक निर्माण, आजीविका क्षेत्र मे उत्पादक परिसंपत्तिक निर्माण आ ग्रामीण अर्थव्यवस्था कें मजबूत करब, तथा जलवायु परिवर्तनक प्रभाव सं मुकाबला कए हरित विकास कें बढ़ावा देब शामिल अछि।

मंत्री कहलनि जे वीबी-जीरामजी योजना कें पारदर्शी, जवाबदेह आ भ्रष्टाचार-मुक्त बनेबाक लेल आधुनिक डिजिटल तकनीक सभक समावेश कयल गेल अछि। एहि सं योजना सभक निगरानी, भुगतान प्रक्रिया आ कार्यान्वयन मे पारदर्शिता सुनिश्चित कयल जा सकत, जाहि सं ग्रामीण सभ कें सीधा लाभ भेटत।

### समाजक प्रगति लेल मजबूत संगठन, सामाजिक एकजुटता आ राजनीतिक जागरूकता अत्यंत आवश्यकः डॉ. प्रेम कुमार

**कोलकाता, समदिया**

कोलकाता मे अखिल भारतवर्षीय चंद्रवंशी क्षत्रिय महासभाक पदाधिकारी सभक महत्वपूर्ण बैठक आयोजित कयल गेल। बैठकक अध्यक्षता महासभाक राष्ट्रीय अध्यक्ष सह बिहार विधानसभा अध्यक्ष डॉ. प्रेम कुमार कएलनि। बैठक मे राष्ट्रीय महामंत्री रणविजय रोशन, राष्ट्रीय उपाध्यक्ष रणजीत चंद्रवंशी, राष्ट्रीय महामंत्री संजय सिंह, प्रदेश अध्यक्ष सुरेंद्र सिंह सहित संगठनक विभिन्न पदाधिकारी आ समाजक प्रमुख लोक सभ उपस्थित छलाह। बैठक कें संबोधित करैत डॉ. प्रेम कुमार कहलनि जे कोनो समाजक प्रगति लेल मजबूत संगठन, सामाजिक एकजुटता आ राजनीतिक जागरूकता अत्यंत आवश्यक अछि। चंद्रवंशी समाज कें गाम सं लए प्रदेश आ राष्ट्रीय स्तर धरि संगठन कें आओर मजबूत बनेबाक लेल निरंतर काज करए पड़त। ओ कहलनि जे समाजक राजनीतिक आ शासन व्यवस्था मे सहभागिता बढ़ेबाक लेल लोकतांत्रिक आ संवैधानिक माध्यम सं लगातार संघर्ष करब जरूरी अछि। समाजक युवा सभ कें संगठन सं जोड़ब, महिला सभक सहभागिता बढ़ाएब आ समाजक प्रतिभाशाली लोक सभ कें आगू आनब महासभाक प्राथमिकता मे शामिल होएबाक चाही। डॉ. प्रेम कुमार कहलनि जे संगठनक उद्देश्य मात्र सामाजिक कार्यक्रम धरि सीमित नहि रहबाक चाही, बल्कि शिक्षा, रोजगार, स्वास्थ्य, सामाजिक सुरक्षा आ आर्थिक सशक्तिकरणक क्षेत्र मे सेहो समाजक लोक सभ कें आगू बढ़ेबाक प्रयास होएबाक चाही।

# बिहार मे जल स्त्रोत बनत पर्यटन केंद्र, पहिल चरण मे मार्च धरि 70 सं बेसी जल स्त्रोत पर भेटत सुविधा

### 276 जल स्रोत मे होयत बोटिंग

**पटना, समदिया**

बिहार मे वाटर टूरिज्म कें बढ़ावा देबाक तैयारी चलि रहल अछि। पर्यावरण, वन आ जलवायु परिवर्तन विभाग एहि लेल मेगा मास्टरप्लान तैयार केने अछि। राज्यक 276 जल स्त्रोत कें वाटर टूरिज्म केंद्रक रूप मे विकसित कएल जाएत। एहि मे डैम आ पोखरि शामिल अछि। पहिल चरण मे 70 सं बेसी जल स्त्रोत कें पीपीपी मोड पर विकसित कएल जाएत। मार्च धरि एहि स्थान सभ पर बोटिंगक सुविधा शुरू करबाक तैयारी अछि। अनुमान अछि जे प्रतिमाह करीब 12 लाख पर्यटक बोटिंगक आनंद लए सकताह। एहि सं प्रत्यक्ष आ अप्रत्यक्ष रूप सं 10 हजार सं बेसी लोक सभ कें रोजगार भेटत। पर्यटक सभ कें जल स्त्रोतसभक जानकारी सहज रूप सं भेटए, एहि लेल विशेष वाटर टूरिज्म मैप सेहो तैयार कएल जाएत। पटनाक गंगा, बेगूसरायक कावर झील, गयाक फल्गु, नालंदाक घोड़ा कटोरा, नवादाक ककोलत सहित अनेको जल स्त्रोत विकसित कएल जाएत। एहि स्थान सभ पर 10 प्रकारक बोट चलाओल जाएत। पटना सहित राज्यक विभिन्न नदी सभ मे बोटिंग आ वाटर स्पोर्ट्स शुरू कएल जाएत। गंगा, गंडक, कोसी, सोन आ पुनपुन नदी मे फ्लोटिंग जेट्टी बनाओल जाएत। एतय स्पीड बोट आ क्रूजक संचालन होएत। पर्यटक सभ कें बर्ड वॉचिंग आ रिवर सफारीक अनुभव सेहो भेटत।



# बिहार मे शराबबंदी कें लए राजनीतिक बहस तेज

## जीतन राम मांझी कहलनि-समीक्षा हो, मंत्री सुनील कुमार कहलनि- सरकार अपन रुख पर कायम

**पटना, समदिया**

बिहार मे शराबबंदी कानून कें लए एक बेर फेर राजनीतिक बहस तेज भए गेल अछि। केंद्रीय मंत्री जीतन राम मांझी बिहार मे लागू शराबबंदी कानूनक समीक्षा करबाक मांग कएलनि। हुनकर बयानक बाद राज्यक राजनीति मे शराबबंदी कें लए चर्चा शुरू भए गेल अछि। एहि पर मंत्री सुनील कुमार कहलनि, बिहार मे फिलहाल शराबबंदी कानून पूर्ण रूप सं लागू अछि आ सरकार एहि विषय मे अपन रुख पर कायम अछि।



सरकारक दिस सं कहल गेल जे अवैध शराबक कारोबार आ सेवनक विरुद्ध पुलिस लगातार कार्रवाई कए रहल अछि। अवैध शराब सं जुड़ल मामिला सभ मे गिरफ्तारीक संग मुकदमा चलाबयक प्रक्रिया सेहो आगू बढ़ाओल जा रहल अछि। विभिन्न मामिला सभ मे ट्रायल चलि रहल अछि आ दोष सिद्ध भएला पर कानूनक अनुसार कड़ा कार्रवाई कएल जाएत।

सरकारक कहब अछि जे शराबबंदी कानूनक उल्लंघन कएनिहार सभक विरुद्ध कार्रवाई मे कोनो प्रकारक ढिलाई नहि बरतल जा रहल अछि। पुलिस आ प्रशासन कें अवैध शराबक कारोबार पर रोक लगाबय लेल लगातार अभियान चलाबयक निर्देश देल गेल अछि।

हालहि मे भेल एक आपराधिक घटनाक संदर्भ मे सेहो सरकार एहि घटना कें अत्यंत निंदनीय बतौलक। पुलिस मामिलाक प्राथमिकी दर्ज कए जांच शुरू कएने अछि। एहि प्रकरण मे किछु लोकक गिरफ्तारी सेहो भेल अछि।

सरकार कहलक जे जांच मे जे कियो दोषी पाओल जाएत, ओकरा विरुद्ध कड़ा कार्रवाई कएल जाएत। संगहि पीड़ित परिवारक प्रति संवेदना व्यक्त कए सरकार भरोस देलक जे दोषी लोकनि कें कोनो परिस्थिति मे बख्शल नहि जाएत।

# भटौरा सं 22.605 लीटर विदेशी शराब बरामद

## बंदा गाम सं 84 लीटर देसी शराब संग युवक गिरफ्तार

**समस्तीपुर/शिवाजीनगर, समदिया**

शिवाजीनगर प्रखंड अंतर्गत शराबक विरुद्ध चलाओल जा रहल अभियानक अंतर्गत पुलिस रवि दिन सांझ आ सोमदिन अलग-अलग स्थान पर छापामारी कए भारी मात्रा मे शराब बरामद कयलक। पुलिस दसौत पंचायतक बंदा गाम स्थित मानस मंदिरक समीप सं 84 लीटर देसी चुलाई शराबक संग एक युवक आ मोटरसाइकिल कें जब्त कयलक। ओतहि भटौरा गाम मे गोइठाक ढेरक बीच लुकौने राखल 22.605 लीटर विदेशी शराब सेहो बरामद कएल गेल। पुलिसक एहि कारबाइ सं शराब कारोबारि सभ मे हड़कंप मचल अछि। थानाध्यक्ष रविंद्र कुमार बतौलनि जे रवि दिन सांझ गश्ती दौरान पुलिस कें गुप्त सूचना भेटल जे भटौरा गाम मे विदेशी शराब लुकौने राखल गेल अछि। सूचनाक आधार पर पुलिसक टीम तत्काल छापामारी कयलक। एहि दौरान 22 लीटर विदेशी शराब



बरामद भेल। ओतहि बंदा स्थित मानस मंदिरक समीप सं 84 लीटर देसी शराबक संग एक युवक कें मोटरसाइकिल सहित गिरफ्तार कए लेल गेल। गिरफ्तार युवकक पहचान बहेरि थाना क्षेत्रक शेर बिजोलिया गाम निवासी बेचन मुखियाक पुत्र संदीप मुखियाक रूप मे भेल अछि। पुलिसक अनुसार संदीप मुखिया शिवाजीनगर थाना क्षेत्रक घिवाही गाम निवासी बिंदेश्वर मुखियाक पुत्र संतोष मुखियाक ओतय रहि शराब आपूर्ति करबाक काज करैत छल। एहि दौरान ओकर शराबक कारोबार मे संलिप्तताक सूचना पुलिस कें भेटल छल। छापामारीक दौरान पुलिस ओकर कब्जा सं देसी शराब बरामद कयलक। शराबक संग घटना मे प्रयुक्त मोटरसाइकिल कें सेहो जब्त कए लेल गेल। सोमदिन पुलिस कें भटौरा गाम मे शराब लुकौने राखल जेबाक गुप्त सूचना भेटल। सूचना पर थानाध्यक्ष रविंद्र कुमारक नेतृत्व मे पुलिस टीम गाम मे छापामारी कयलक। तलाशी दौरान गोइठाक ढेरक समीप राखल तीन बोरा भेटल। जांच करबा पर तीनू बोरा सं विदेशी शराब बरामद भेल। पुलिस कुल 22.605 लीटर विदेशी शराब जब्त कयलक। थानाध्यक्ष कहलनि जे शराबक अवैध कारोबारक विरुद्ध पुलिसक अभियान लगातार जारी रहत। छापामारी मे पुलिस पदाधिकारी मुकेश कुमार सिंह, शैलेश कुमार सहित अन्य पुलिसकर्मी शामिल छलाह। पुलिस दुनू मामिला मे आगांक कारबाइ करबाक संग शराबक स्रोतक पता लगाबय मे जुटल अछि।

# हथियार प्रदर्शन मामिला मे बासोपट्टी थानाक त्वरित कारबाइ, 2 अभियुक्त गिरफ्तार

**मधुबनी, समदिया**

सोशल मीडिया (इंस्टाग्राम)क माध्यम सं दू युवक द्वारा हाथ मे अवैध आग्नेयास्त्र लहरबैत आ फायरिंग करैत वीडियो/फोटो प्राप्त भेल छल। एहि माध्यम सं क्षेत्र मे अपन वर्चस्व स्थापित करबाक संग आम जनता मे भय आ दहशत फैलाबयक प्रयास कएल जा रहल छल। वीडियोक जांच आ सत्यापनक क्रम मे वीडियो मे देखाइत युवक सभक पहचान बासोपट्टी थाना क्षेत्रक शिवम कुमार साह आ चंदन कुमार मंडलक रूप मे भेल। मामिलाक गंभीरता कें देखैत वरीय पुलिस अधीक्षक, मधुबनी द्वारा दुनू व्यक्तिक त्वरित गिरफ्तारी लेल बासोपट्टी थाना कें आवश्यक दिशा-निर्देश देल गेल। प्राप्त निर्देशानुसार बासोपट्टी थाना पुलिस त्वरित कारबाइ करैत वायरल वीडियोक वैज्ञानिक आ स्थानीय स्तर पर सत्यापन कयलक। एहि उपरांत सशस्त्र बलक संग त्वरित छापामारी कएल गेल। छापामारीक दौरान बासोपट्टी थाना अंतर्गत जानकीनगर, वार्ड संख्या-13 स्थित घरक घेराबंदी कए शिवम कुमार साह कें तथा मझौरा गामक वार्ड संख्या-10 स्थित घर सं चंदन कुमार मंडल कें विधिवत गिरफ्तार कएल गेल।



गिरफ्तार अभियुक्त सभक तलाशी लेल गेल, जाहि दौरान हुनका सभक लग सं घटना मे प्रयुक्त 2 एंड्रॉइड मोबाइल फोन बरामद कएल गेल। पुलिस द्वारा पूछताछक क्रम मे अभियुक्त सभ स्वीकार कयलनि जे वायरल वीडियो मे देखाइत अवैध हथियार ओ सभ नेपाल सं अनने छलाह। एहि संबंध मे बासोपट्टी थाना द्वारा आर्म्स एक्टक अंतर्गत कांड संख्या-279/24 दर्ज कए दुनू अभियुक्त कें न्यायिक हिरासत मे पठाओल जा रहल अछि तथा आगांक कानूनी कारबाइ कएल जा रहल अछि। उल्लेखनीय अछि जे गिरफ्तार अभियुक्त शिवम कुमार साहक पूर्व मे सेहो आपराधिक इतिहास रहल अछि आ ओ जेल सेहो जा चुकल अछि।

### सर्पदंश सं युवकक मृत्यु, श्रीरामपुर गाम मे पसरल शोक

**तारडीह।** सकतपुर थाना क्षेत्रक तारडीह प्रखंड अंतर्गत शेरपुर नारायणपुर पंचायतक श्रीरामपुर गाम मे सर्पदंश सं एक युवकक मृत्यु भए गेल। घटना 9 अगस्त 2026 केर रातिक बताओल जा रहल अछि। मृतकक पहचान राजेश मुखिया केर रूप मे भेल अछि। भेटल जानकारीक अनुसार राजेश मुखिया कें राति मे सर्प डसि लेलक। सर्पदंशक बाद परिजन हुनका बचाबय लेल तत्परतापूर्वक प्रयास कयलनि, मुदा हुनकर जान नहि बचि सकल। घटना सं परिवार मे कोहराम मचि गेल आ गाम मे शोकक लहरि पसैर गेल।

# नौमाक छात्र 15 वर्षीय गोविंद मां किरण देवी कें देलक मुखाग्नि

**बेनीपट्टी, समदिया**

नवटोली गाम मे हादसाक दोसर दिन सोमदिनो मातम पसैरल रहल। गामक गली सभ सूना आ सड़क सभ वीरान नजरि आएल। कतेको घरक चूल्हा धरि नहि जरल। सभक आंखि नम छल। रवि दिनक भोर भेल दर्दनाक हादसा तीन परिवार कें गहींर शोक मे डुबा देलक। बेनीपट्टी थाना क्षेत्रक जगदंबा पेट्रोल पंपक लग बेनीपट्टी-पुपरी मुख्य मार्गक कात टहललाक बाद आराम कए रहल किरण देवी, रीता देवी आ फूल दाई देवी कें तेज रफ्तारक कारी रंगक स्कॉर्पियो कुचलि देने छल। हादसा मे तीनू महिलाक घटनास्थले मृत्यु भए गेल छल। रवि दिनक सांझ धरि तीनू शवक बारी-बारी सं आखरी संस्कार कए देल गेल। किरण देवी कें हुनकर 15 वर्षीय पुत्र गोविंद कुमार महतो मुखाग्नि देलक। गोविंद श्री जगदीश प्लस-टू उच्च विद्यालय, धकजरी



मे नवम वर्गक छात्र अछि। ओ दू भाइ आ एक बहिन मे सं एक अछि। हुनकर पिता राजू महतो जयनगर मे सोना-चांदीक दोकान मे काज करैत छथि। मायक मृत्यु सं परिवार पर दुखक पहाड़ टूटि पड़ल अछि।

गोविंदक दादा शिव कुमार महतो, दादी धनवंती देवी, चाचा विजय कुमार महतो आ संजय महतोक संग धर्मेंद्र महतो, कन्हैया महतो आ चंदन महतो घरक बाहर कुर्सी पर मायूस बैसल छलाह। परिवारक लोक कोनो तरह एहि मनहूस घड़ी कें काटि रहल छलाह। गोविंद कानैत कहलनि जे हुनकर मां किरण देवी पहिल बेर टहलय लेल गेल छलीह। केकरा पता छल जे रवि दिनक भोर हुनकर जीवनक आखरी भोर भए जाएत। मायक वियोग मे डूबल गोविंद कहलनि जे बुझबा मे नहि आबि रहल अछि जे भगवान कोन अपराधक सजा देलनि, मायक ममता छीनि लेलनि।

### अपहरणक आरोपितक जमानत याचिका खारिज

**दरभंगा।** सिविल कोर्ट दरभंगा केर प्रथम अपर सत्र न्यायाधीश नीरज कुमारक अदालत एकटा नाबालिग बच्चीक अपहरणक आरोपित नेहरा थाना क्षेत्रक महरैल निवासी राकेश झा केर जमानत याचिका खारिज कए देलक अछि। लोक अभियोजक अमरेंद्र नारायण झा बतौलनि जे आरोपित नेहरा थाना कांड संख्या 75/26 मे गत 9 जुलाई सं काराधीन अछि। ओतहि एडीजे नीरज कुमारक अदालत डकैतीक आरोप मे दर्ज मनीगाछी थाना कांड संख्या 240/23 केर अभियुक्त मकरंदा गामक कन्हैया राय केर अग्रिम जमानत याचिका सेहो खारिज कए देलक। एकर अतिरिक्त अपर सत्र न्यायाधीश आदिदेवक अदालत रंगदारीक मांग करबाक, नहि देलापर प्राणघातक हमला करबाक, गाड़ीक शीशा तोड़ि मारपीट करबाक आरोप मे दर्ज हायाघाट थाना कांड संख्या 103/26 केर चारि आरोपितक अग्रिम जमानत आवेदन खारिज कए देलक।

# कथाकुंज साहित्य सेवा परिषद नैना साहू व डॉ. मनोज कें सौंपलनि अहम जिम्मेदारी

**सीतामढ़ी, समदिया**

देशक प्रमुख साहित्यिक आ सामाजिक संस्था कथाकुंज साहित्य सेवा परिषद् सुरसंड, सीतामढ़ीक चर्चित लेखिका नैना साहू कें बिहार प्रदेश अध्यक्ष आ वरिष्ठ वैज्ञानिक तथा शिक्षाविद् डॉ. मनोज कुमार कें राष्ट्रीय उपाध्यक्ष मनोनीत कएलक अछि। संस्था साहित्यिक गतिविधिक संग सामाजिक सरोकार, भारतीय संस्कृति, लोक परंपरा आ मानवीय मूल्यक संरक्षण एवं संवर्धन लेल देश-विदेश मे विभिन्न कार्यक्रम आयोजित करैत रहल अछि। देशक विभिन्न राज्य सभ मे संस्थाक इकाई साहित्यिक आ सामाजिक गतिविधि कें आगू बढ़ा रहल अछि। अपन मनोनयन पर डॉ. मनोज कुमार कहलनि जे राष्ट्रक संतुलित विकास लेल विज्ञान आ





तकनीकी प्रगतिक संग साहित्य, संस्कृति, मानवीय संवेदना आ सामाजिक मूल्यक विकास सेहो आवश्यक अछि। सजग समाज आ सशक्त राष्ट्रक निर्माण लेल एहि सभ आयाम मे समन्वय जरूरी अछि। लेखिका नैना साहू कहलनि जे बदलैत समय मे साहित्य समाज कें अपन जड़ि आ सांस्कृतिक पहचान सं जोड़बाक महत्वपूर्ण माध्यम अछि। कथाकुंज साहित्य सेवा परिषद् साहित्य कें मात्र मंचीय गतिविधि धरि सीमित नहि राखि सामाजिक चेतना, संस्कार, महिला सशक्तीकरण आ सांस्कृतिक विरासत संरक्षण सं जोड़बाक प्रयास कए रहल अछि। संस्था मे महिला कें प्राथमिकता दए हुनका साहित्यक मुख्यधारा मे आगू अनब सेहो महत्वपूर्ण जिम्मेदारी अछि। मनोनयन पर संस्थाक संस्थापक गोविंद गुप्ता, मुकेश पटेल, ब्रांड एंबेसडर एवं पूर्व मिसेज यूनिवर्स नीमा पंत, अध्यक्ष पारुल अग्रवाल, अंतरराष्ट्रीय संयोजिका (दोहा, कतर) स्मृति त्रिवेदी, महिला राष्ट्रीय अध्यक्ष मीनू कुमार, साहित्य शाखाक राष्ट्रीय अध्यक्ष बिनीता जायसवाल, बिहार महिला अध्यक्ष श्वेता सुरभि, राष्ट्रीय उपाध्यक्ष प्रीतम झा, प्रवक्ता डॉ. शंभू पवार, विधि सलाहकार प्रशांत मिश्र सहित अन्य पदाधिकारी आ साहित्यकार सभ दुनू कें बधाई देलनि। मिथिलाक वरिष्ठ शिक्षाविद् प्रो. विद्यानाथ झा दुनूक मनोनयन कें मिथिला क्षेत्र मे साहित्यिक गतिविधि, सांस्कृतिक चेतना आ रचनात्मक अभिव्यक्ति कें नव दिशा देबय बला महत्वपूर्ण कदम बतौलनि।

# 577 ग्राम गांजा संग बाइक सवार दू युवक गिरफ्तार

**अलीनगर, समदिया**

विशेष अभियानक अंतर्गत अलीनगर थाना पुलिस गुप्त सूचनाक आधार पर कारबाइ करैत इमामगंज बाबा पोखरक ताड़बन्ना सं 577 ग्राम गांजा सहित बाइक सवार दू युवक कें गिरफ्तार कयलक। पुलिसक अनुसार, 9 अगस्त 2026 कें सूचना भेटल छल जे यामाहा आर-15 मोटरसाइकिल पर सवार दू युवक अवैध नशीला पदार्थ गांजा लए कए डिलीवरी करबाक लेल जा रहल अछि। सूचना सत्यापनक बाद थानाध्यक्ष रंजीत कुमार शर्मा केर



नेतृत्व मे पुलिस दल घटनास्थल पर पहुंचि घेराबंदी कयलक। पुलिस कें देखिते दुनू युवक भागबाक प्रयास केलक, मुदा पुलिस तत्परता सं दुनू कें पकड़ि लेलक। तलाशी लेलापर दुनूक लग सं कुल 577 ग्राम गांजा बरामद भेल। गिरफ्तार युवकक पहचान मो. आले अकबर उर्फ सरताज (20 वर्ष), पिता मो. अली अकबर, ग्राम रूपसपुर आ मो. मंजर आलम (21 वर्ष), पिता मो. अब्दुलबारी, ग्राम धमासाइन, थाना अलीनगर केर रूप मे भेल अछि। पुलिस घटनास्थल सं गांजाक अतिरिक्त बीआर-07-बीक्यू-0664 नंबरक यामाहा आर-15 मोटरसाइकिल आ दूटा एंड्रॉयड मोबाइल फोन सेहो जब्त कयलक। पुलिस दुनू आरोपितक विरुद्ध प्राथमिकी दर्ज कए अग्रेतर कारबाइ मे जुटल अछि। दुनू कें न्यायालय मे प्रस्तुत करबाक प्रक्रिया चलि रहल अछि। छापामारी दल मे थानाध्यक्ष रंजीत कुमार शर्मा, पुअनि ओमप्रकाश कुमार, पीटीसी अरुण कुमार, सि-1769 गोपाल कुमार, बीएएनजी पंकज मुखिया आ बीओजी रोशन कुमार झा शामिल छलाह।

### हर घर तिरंगा विषय पर प्रतियोगिता आयोजित

**लदनियां।** महथा गाम स्थित उत्कृष्ट मध्य विद्यालयक सभागार मे सशस्त्र बलक पदाधिकारी सभक देखरेख मे स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर हर घर तिरंगाक सफलता विषय पर 5म सं 8म वर्ग धरि छात्र सभक बीच प्रतियोगिताक आयोजन कएल गेल। प्रतियोगिताक विषय राष्ट्रीय तिरंगा, शहीद आ महापुरुषक चित्र, पर्यावरण संरक्षण, जल संरक्षण तथा प्राकृतिक संसाधन सं संबंधित छल। प्रत्येक वर्गक तीन-तीन छात्र कें उत्कृष्ट प्रदर्शन लेल पदक, कलम आ कॉपी दए सम्मानित कएल गेल।

## साओनक दोसर सोमवारी कें शिवालय सभ मे उमड़ल श्रद्धालुक भीड़

**बेनीपट्टी, समदिया**

साओनक दोसर सोमारी कें प्रखंडक शिवनगर स्थित महाभारतकालीन बाबा गांडिश्वरनाथ महादेव मंदिर, बर्री स्थित बाणेश्वरनाथ महादेव मंदिर, ब्रह्मपुराक हरिहरनाथ महादेव मंदिर, गैबीपुर स्थित पशुपतिनाथ महादेव मंदिर आ बेनीपट्टी मुख्यालय स्थित बाबा विश्वंभरनाथ महादेव मंदिर सहित सिद्धपीठ उच्चैठ भगवती स्थान आ अन्य शिवालय सभ मे पूजा-अर्चना लेल शिवभक्त सभक भारी भीड़ उमड़ि पड़ल। श्रद्धालु सभ शिवलिंग पर जलाभिषेक कए भांग, मधु, धतूरा, शनि, बेलपत्र, फूल, धतूराक फूल, अक्षत, गंगाजल आ



विल्वपत्र अर्पित कए भगवान भोलेनाथ सं मनोवांछित कामनाक पूर्तिक आशीर्वाद मंगलनि। किछु श्रद्धालु विभिन्न शिवालय मे स्थापित शिवलिंग पर दुग्धाभिषेक सेहो कएलनि। सोमवारीक भोर सं पहिनहि श्रद्धालु स्नान कए विभिन्न पोखरि आ नदी सं जल लए शिवालय पहुंचलाह आ बाबा भोलेनाथ तथा मैया पार्वतीक पूजा-अर्चना मे जुटि गेलाह। ई क्रम सांझ धरि चलैत रहल। साओनक अवसर पर शिवालय सभ आ धार्मिक स्थल सभ कें आकर्षक ढंग सं सजाओल गेल अछि। पूजा-अर्चनाक दौरान श्रद्धालु सभक बेर-बेर लगाओल जा रहल हर-हर महादेवक जयघोष सं पूरा वातावरण गुंजायमान रहल।

## साइबर सुरक्षा कार्यक्रम मे छात्र सभ कें अपराध सं बचावक देल गेल जानकारी

**झंझारपुर, समदिया**

झंझारपुर प्रखंड अंतर्गत उत्क्रमित माध्यमिक विद्यालय अररिया संग्राम मे साइबर सुरक्षा कार्यक्रमक अंतर्गत अररिया संग्रामक थानाध्यक्ष अर्पण कुमार छात्र सभ कें साइबर अपराधक संबंध मे विस्तृत जानकारी देलनि। एहि सं पहिने विद्यालय परिवारक दिस सं साइबर अपराध विषय पर एकटा संगोष्ठीक आयोजन कएल गेल छल। संगोष्ठी मे प्रधानाध्यापक डॉ. अमित कुमार पांडेय अररिया संग्राम थाना प्रभारी कें आमंत्रित कए छात्र सभ कें साइबर अपराधक प्रति जागरूक करबाक लेल बजौने छलाह। थानाध्यक्ष अर्पण कुमार छात्र सभ कें साइबर अपराधक विभिन्न तरीका आ ओकरा सं बचबाक उपाय सभक जानकारी देलनि। ओ कहलनि जे आइ-काल्हि साइबर अपराधी लोक सभ कें ओटीपीक माध्यम सं ठगैत अछि। एकर अतिरिक्त फोटो केर दुरुपयोग, डिजिटल अरेस्टक नाम पर डर देखेबाक संग विभिन्न तरीका सं लोक सं ठगी कएल जा रहल अछि। ओ छात्र सभ कें कहलनि जे सभ कें स्वयं जागरूक रहबाक संग अपन परिवार आ सगा-संबंधी सभ कें सेहो साइबर अपराधक संबंध मे जानकारी देबाक चाही, जाहि सं ठगीक घटना सं बचल जा सकय। ओ कहलनि जे साइबर ठगी सं संबंधित कोनो समस्या भेलापर साइबर अपराध हेल्पलाइन नंबर 19300 पर फोन कए शिकायत दर्ज कराओल जा सकैत अछि। थानाध्यक्ष फर्जी लिंक, ओटीपी, फ्रॉड कॉल सहित अन्य साइबर ठगीक तरीका सं सावधान आ सतर्क रहबाक सलाह देलनि।

# संयुक्त किसान संघर्ष मोर्चाक सीतामढ़ी मे जोरदार प्रदर्शन, जेल भरो आंदोलन तेज

**सीतामढ़ी, समदिया**

संयुक्त किसान संघर्ष मोर्चाक देशव्यापी आह्वान पर सीतामढ़ी मे किसान सभ सड़क जाम आ जेल भरो अभियानक अंतर्गत विशाल प्रदर्शन कएलनि। मोर्चाक बैनर तर सैकड़ो किसान सीतामढ़ी समाहरणालय पर जोरदार नारेबाजी करैत अंबेडकर स्थल पर धरना देलनि। प्रदर्शनकारी किसान सभ कें संबोधित करैत किसान नेता सभ केंद्र आ राज्य सरकारक किसान-मजदूर विरोधी नीतिक कड़ा आलोचना कएलनि। एहि दौरान अनुमंडल अधिकारी आ पुलिस पदाधिकारी सभ शांतिपूर्ण प्रदर्शन कए रहल किसान सभ कें अंबेडकर स्थल पर हिरासत मे लेलनि। करीब एक घंटा बाद सभ कें छोड़ि देल गेल। आंदोलनकारी सभक प्रमुख मांग मे



भारत सरकार द्वारा अमेरिकाक संग कएल जा रहल कृषि समझौता कें तत्काल रद्द करबाक मांग शामिल छल। किसान नेता सभ कहलनि जे ई समझौता किसान सभक हितक विरुद्ध अछि। केंद्र सरकार अपन वादा अनुसार सी2+50 प्रतिशतक फॉर्मूलाक आधार पर न्यूनतम समर्थन मूल्य (एमएसपी) केर कानूनी गारंटी दे। किसान सभ मजदूर विरोधी चारू नव श्रम संहिता वापस लेबाक, देशभरक किसान सभक संपूर्ण कर्ज माफ करबाक मांग सेहो कएलनि। प्रस्तावित निजी बिजली विधेयक आ निजी बीज विधेयक वापस लेबाक मांग करैत आंदोलनकारी कहलनि जे एकर लागू भेला सं बिजलीक दर मे भारी वृद्धि होयत आ आम जनजीवन प्रभावित होयत।

मोर्चाक नेता सभ मनरेगाक पुरान स्वरूप बहाल करैत साल मे 200 दिनक रोजगारक गारंटी आ प्रतिदिन 700 टका मजदूरी निर्धारित करबाक मांग रखलनि। लैंड पूलिंग आ सैटेलाइट सिटीक नाम पर किसान सभक 45 प्रतिशत जमीन लेल जेबाक प्रस्ताव कें तत्काल रद्द करबाक मांग सेहो कएल गेल। हाल मे मुख्यमंत्री द्वारा एहि लेल सर्वेक्षण आ योजना निर्माणक निर्देश देल गेलाक आलोचना कएल गेल। सीतामढ़ी जिला मे सुखाड़क स्थिति कें देखैत नदीक जल प्रबंधन करबाक, जर्जर सिंचाई स्रोत सभक मरम्मति करबाक आ खादक कालाबाजारी पर सख्त रोक लगाबयक मांग कएल गेल। आंदोलनकारी छात्र सभ पर दर्ज कथित झूठ मुकदमा वापस लेबाक आ जेल मे बंद छात्र सभ कें रिहा कए हुनकर मांग पूरा करबाक सेहो मांग कएल गेल।

## विधायक नवटोली पहुंच मृत महिलाक परिजन सं कएलनि भेंट

**बेनीपट्टी, समदिया**

पूर्व मंत्री सह बेनीपट्टीक विधायक विनोद नारायण झा रवि दिनक देर सांझ नवटोली गाम पहुंचलाह। ओ जगदंबा पेट्रोल पंप, सरिसबक लग स्कॉर्पियो सं कुचलल गेल तीनू मृत महिलाक परिजन सं बारी-बारी भेंट कएलनि। एहि दौरान पूर्व मंत्री शोकाकुल परिजन कें सांत्वना दैत कहलनि जे घटना अत्यंत दुःखद अछि। मुदा परिजन निश्चिंत रहथि, दोषी कतहु छिपल हो, ओ कानूनक हाथ सं बचि नहि सकत। ओ कहलनि जे एहि घटनाक संबंध मे ओ स्वयं जिलाधिकारी, पुलिस अधीक्षक, अनुमंडल पदाधिकारी, डीएसपी आ बीडीओ सं बातचीत कए चुकल छथि। पीड़ित परिवारक संग ओ सदिखन ठाढ़ छथि।



बताबी जे रवि दिनक भोर मे बेनीपट्टीक जगदंबा पेट्रोल पंप, सरिसबक लग टहललाक बाद सड़क सं दूर किनारा मे बैसल तीन महिला कें अरेर दिस सं आबि रहल कारी रंगक स्कॉर्पियो कुचलि देलक। एहि दुर्घटना मे तीनू महिलाक घटनास्थल परे दर्दनाक मृत्यु भए गेल छल। मौका पर बीडीओ महेश्वर पंडित, पूर्व जिला पार्षद राजेश यादव, पंचायत समिति सदस्य चंदन ठाकुर, गोविंद झा दादा, प्रो. मदन कुमार कर्ण, जय सुंदर मिश्र सहित अन्य लोक उपस्थित छलाह।

# मधुबनी मे ट्रेड यूनियनक जेल भरो अभियान मे सैकड़ो लोक देलनि गिरफ्तारी

## मनोज यादव कहलनि जे मोदी सरकारक आर्थिक नीति सं देश तबाहीक कगार पर

मधुबनी, समदिया

भारतक कम्युनिस्ट पार्टी (मार्क्सवादी)क राष्ट्रव्यापी आह्वान पर ट्रेड यूनियन द्वारा जोरदार प्रतिरोध मार्च आ जेल भरो अभियान चलाओल गेल। टाउन क्लब मैदान सं निकलल जुलूस शहरक थाना चौक होइत जिला समाहरणालय पहुंचल। एहि दौरान यातायात व्यवस्था अस्त-व्यस्त रहल। कार्यकर्ता सभ अपन मांगक समर्थन मे जोरदार नारेबाजी करैत रहलाह। बाद मे जुलूस सभा मे परिणत भए गेल। सभा समाप्त भेलाक बाद जनसंगठनक हजारो कार्यकर्ता आ नेता सभ नगर थाना मे गिरफ्तारी देलनि।नगर थाना निरीक्षक द्वारा प्रदर्शनकारी सभ कें गिरफ्तार कएल गेल। सभाक अध्यक्षता रामजी यादव कयलनि। सभाक संबोधन करैत बिहार राज्य किसान सभाक राज्य संयुक्त सचिव मनोज कुमार याद केंद्र आ राज्य सरकार पर जमि कए हमला कयलनि। ओ कहलनि जे मोदी सरकारक गलत आर्थिक नीतिक




कारण देश तबाहीक कगार पर पहुंचि गेल अछि। ओ चारू श्रम संहिता कानून वापस लेबाक, मनरेगायोजना लागू करबाक आ बीवीजी रामजी संशोधन विधेयक कें तत्काल वापस लेबाक मांग पर जोर देलनि। यादव बिजली विधेयक वापस लेबाक, स्मार्ट मीटर लगेनाइ रोकबाक, सभ स्कीम वर्कर कें 26 हजार रुपैया भुगतान करबाक, बीज विधेयक वापस लेबाक आ किसानक ऋण माफ करबाक मांग सेहो रखलनि। एहि संग ओ बिहार सरकारक कार्यशैली पर सवाल उठबैत रिक्त पद सभ पर बहाली करबाक मांग कयलनि। सभाक संबोधन करैत मधुबनी किसान सभाक सचिव सत्यनारायण यादव कहलनि जे मधुबनी मेअपराधीक मनोबल बढ़ि गेल अछि। ओ कहलनि जे रहिका

» किसानक ऋण माफ करबाक मांग
» बीवीजी रामजी संशोधन विधेयक कें तत्काल वापस लेबाक मांग
» बीज विधेयक वापस लेबाक आ किसानक ऋण माफ करबाक मांग

खरौआक किसान नेता भागवत यादवक अपराधी द्वारा बेरहमी सं हत्या कए देल गेल, मुदा प्रशासन अपराधी कें बचाबयक काज कए रहल अछि। दोसर दिस मधुबनीक लोहा पंचायत मे किसान सभ शाखा नहर चालू करबाक लेल आंदोलन करैत छथि तं बेनीपट्टीक अंचल अधिकारीक द्वारा अड़ेर थाना मे 151/26क अंतर्गत झूठा मुकदमा दर्ज कराओल जारहल अछि। ओ जिला प्रशासन सं मुकदमा वापस लेबाक मांग कयलनि। खेतीहर मजदूर यूनियन, मधुबनीक अध्यक्ष रामनारायण यादव मधुबनी जिला कें सुखाड़ क्षेत्र घोषित करबाक, खेतीहर मजदूर सभ कें रोजगार उपलब्ध कराबय आ ठेका प्रथा बंद करबाक मांग कयलनि। एहि अवसर पर डीवाईएफआई नेता रामनरेश यादव, बिहार राज्य किसान सभाक जिला उपाध्यक्ष दिलीप झा, बाबूलाल महतो, कामगार यूनियनक सचिव उमेश राय, राजेश कुमार मिश्र, शशिभूषण प्रसाद, बिंदु यादव, सोनधारी यादव, विजय नाथमिश्र, राणा प्रताप सिंह, अशोक यादव, उमेश घोष, रामकृष्ण यादव, विद्यानंद शास्त्री, ललित कुशवाहा, हरिहर झा, अरुण यादव, प्रभात कुमार, कैलाश पासवान, रेखा देवी, सुमित्रा देवी सहित अन्य नेता सभ गिरफ्तारी देलनि।

# श्रावणी मेला मे विशेष चिकित्सा शिविर सं शिवभक्त सभ कें भेटल सहायता

बिस्फी, समदिया

श्रावणी मेलाक दौरान उगना महादेव परिसर सहित विभिन्न स्थान पर शिवभक्त सभ कें नीक, त्वरित आ गुणवत्तापूर्ण स्वास्थ्य सेवा उपलब्ध कराबय लेल स्वास्थ्य विभाग द्वारा विशेष चिकित्सा दलक व्यवस्था कएल गेल अछि। एहि सं शिवभक्त सभ कें बहुत सहायता भेटि रहल अछि। दंडी कांवरिया, बच्चा आ सभ कें विभागक दिस सं आवश्यक स्वास्थ्य सुविधा उपलब्ध कराओल जा रहल अछि। जिला चिकित्सा पदाधिकारी डॉ. हैलेंद्र कुमार कहलनि जे मेला क्षेत्रक विभिन्न महत्वपूर्ण स्थान पर चिकित्सा व्यवस्थाक सुनिश्चित कएल गेल अछि। ई व्यवस्था सीएचसी प्रभारी डॉ. अब्दुल बासितक कुशल नेतृत्व आ पर्यवेक्षण मे संचालित भए रहल अछि। भैरवा, रमुनिया, बलहा सहित आठ ठाम मेडिकल टीमक तैनातीक संग आवश्यक औषधि आ प्राथमिक उपचारक समुचित व्यवस्था कएल गेल अछि। शिवभक्त



सभक स्वास्थ्यक नियमित निगरानीक संग आपातकालीन स्थिति मे त्वरित चिकित्सा सुविधा उपलब्धकराओल जा रहल अछि। डॉ. अब्दुल बासित कहलनि जे चिकित्सक, एएनएम आ स्वास्थ्यकर्मी सभकसक्रिय भागीदारी सुनिश्चित कएल गेल अछि। आवश्यकता पड़ला पर रोगी सभ कें उच्चतर स्वास्थ्यसंस्थान मे रेफर करबाक व्यवस्था सेहो कएल गेल अछि। ओ कहलनि जे श्रावणी मेलाक दौरान स्वस्थ श्रद्धालु, सुरक्षित मेलाक संकल्पक संग सीएचसी बिस्फीक संपूर्ण स्वास्थ्य टीम पूरा तत्परता, जिम्मेदारी आ समर्पणक संग अपन सेवा प्रदान कए रहल अछि। जनसेवा हमर संकल्प आ स्वास्थ्य सेवा हमरप्राथमिकता अछि। एहि अवसर पर डॉ. अब्दुल बासित, डॉ. कैफ, लक्ष्मी कुमारी, डॉ. एसके राय, डॉ. शगुफ्ता सहित कतेको चिकित्सक उपस्थित छलाह।

# हर-हर महादेवक जयघोष सं गूंजैत रहल उगना महादेवक परिसर

## नेपाल, दरभंगा, शिवहर, सीतामढ़ी आ मधुबनी सं पहुंचल शिवभक्त सभ कयलनि जलाभिषेक

बिस्फी, समदिया

श्रावण मासक दोसर सोमवारी पर प्रखंड क्षेत्रक भैरवा गाम स्थित ऐतिहासिक उगना महादेव महादेव मे शिवभक्तक जनसैलाब उमड़ि पड़ल। भोरहि सं मिथिलाक विभिन्न क्षेत्रक अतिरिक्त दरभंगा, सीतामढ़ी,मधुबनी आ नेपाल सं पहुंचल शिवभक्त सभ देवाधिदेव बाबा उगना महादेवक उत्साह आ हर्षोल्लासक वातावरण मे जलाभिषेक कयलनि। शिवभक्त सभक लंबा पांति बलहा घाट सं उगना महादेव धरि लागल रहल। महादेव परिसर दिनभरि हर-हर महादेव आ बोल बमक जयघोष सं गूंजैत रहल। शिवभक्त सभ घौस नदी सं जल भरि कए आ मंदिर परिसर स्थित पवित्र सरोवरक जल लए बाबा उगना महादेव पर गंगाजल, दूध, मधु, शनि-पत्र, बेलपत्र, धतूरा, पुष्प आ अक्षत अर्पित कयलनि। एहि क्रम मे भक्त सभ सुख- समृद्धि आ परिवारक मंगलक कामना कयलनि। भारी भीड़क दृष्टिगत करैत प्रशासन आ मंदिर प्रबंधनक दिस सं विशेष व्यवस्था कएल गेल छल। एसएसपी योगेंद्र कुमार, ग्रामीण एसपी शिवम् धाकड़, एडीएममुकेश रंजन झा, एसडीएम सारंग पाणि



पांडेय, डीएसपी अमित कुमार, बीडीओ बसंत कुमार सिंह, सीओसंतोष सिंह आ समिति अध्यक्ष सुशील कुमार सुमन शिवभक्त सभक सुरक्षा आ सुविधा पर लगातार नजरि रखने छलाह। कड़ी सुरक्षा व्यवस्थाक अंतर्गत वॉच टावर, जगह-जगह बैरिकेडिंग, मेटल डिटेक्टर, पुलिसकर्मी, सीसीटीवी, वीडियोग्राफी आ नियंत्रण कक्षक व्यवस्था कएल गेल छल। मौका पर बीपीआरओ शेखर कुमार, एमओ कौशल कुमार मंडल, वीएओ कौशल कुमार सिंह, राजस्व पदाधिकारी सविता कुमारी, सीडीपीओ अहमद रजा खां, थानाध्यक्ष अविनाश कुमार, अनुराग कुमार, आदित्य कुमार भगत सहित भारी संख्या मे पुलिस बल तैनात छल।

# मैथिली विषयक उपेक्षा पर साहित्यिक-सांस्कृतिक समितिक बढ़ल चिंता

## समिति डीएम कें सौंपलनि ज्ञापन

मधुबनी, समदिया

मैथिली साहित्यिक एवं सांस्कृतिक समिति, मधुबनी द्वारा जिला पदाधिकारी कें महत्वपूर्ण ज्ञापन सौंपि शिक्षक मानक मंडल निर्धारण मे मैथिली विषयक उपेक्षा पर गंभीर चिंता व्यक्त कएल गेल। समितिकप्रतिनिधि सभ मांग कयलनि जे मैथिली भाषा संग होइत एहि भेदभाव कें शीघ्र समाप्त कए न्यायसंगत कारबाइ कएल जाय। समितिक प्रतिनिधि सभ कहलनि जे बिहार मे शिक्षक मानक मंडल निर्धारण सं संबंधित वर्तमान प्रावधानमे मैथिली विषय कें अपेक्षित स्थान नहि देल गेल अछि, जखन कि मैथिली भारतीय संविधानक आठम अनुसूची मे सम्मिलित मान्यता प्राप्त भाषा अछि। मिथिला क्षेत्रक लाखो विद्यार्थी माध्यमिक आ उच्च माध्यमिक स्तर पर मातृभाषाक रूप मे मैथिली पढ़ैत छथि। ज्ञापन मे उल्लेख कएल गेल अछि जे विभागीय निर्देश रहितो जिला स्तर पर शिक्षा विभाग द्वारा आवश्यक संशोधन नहि कएल



» शिक्षक मानक मंडल निर्धारण मे मैथिली विषयक भए रहल उपेक्षा
» कतेको प्रखंड मे मैथिली विषयक शिक्षकक पद निर्धारित नहि

गेल, जाहि कारण मधुबनी जिलाक कतेको प्रखंड मे मैथिली विषयक शिक्षकक पद निर्धारित नहि भए सकल अछि। उदाहरणस्वरूप, राजनगर आ अंधराठाढ़ी जेकां प्रखंड मे कतेको उच्च माध्यमिक विद्यालय होइतहु बहुतकम विद्यालय मे मैथिली विषयक पद स्वीकृत कएल गेल अछि। परिणामस्वरूप आगामी शिक्षक बहालीप्रक्रिया (टीआरई-4) मे माध्यमिक आ उच्च माध्यमिक स्तर पर मैथिली विषयक पदक संख्या शून्य भएजेबाक स्थिति उत्पन्न भए गेल अछि। समितिक कहब अछि जे ई स्थिति मात्र विद्यार्थी आ शिक्षक सभक हितक विरुद्ध नहि, बल्कि भाषा संरक्षण, संवर्धन आ संवैधानिक सम्मानक प्रतिकूल सेहो अछि। एहि सं मैथिली विषयक विद्यार्थी आ शिक्षक सभक शैक्षणिक आ व्यावसायिक भविष्य पर प्रतिकूल प्रभाव पड़ि रहल अछि। समिति जिला पदाधिकारी सं आग्रह कयलक अछि जे शिक्षक मानक मंडल मे मैथिलीविषय कें उचित स्थान देबाक लेल आवश्यक कारबाइ कएल जाय। एहि संग ई-शिक्षा कोष पोर्टल पर पुनः रिक्ति सभक समुचित समावेश सुनिश्चित कएल जाय, जाहि सं मैथिली भाषा संग कोनो प्रकारक भेदभाव नहि होय आ एहि सं जुड़ल विद्यार्थी आ शिक्षक सभक हितक रक्षा भए सकय। एहि अवसर पर समितिकअध्यक्ष चंडेश्वर खां, सचिव आशीष कुमार मिश्र, वरिष्ठ साहित्यकार दिलीप कुमार झा, प्रभास कुमार दमन, पं. प्रजापति ठाकुर, सुमन कुमार सहित कतेको गणमान्य सदस्य उपस्थित छलाह।

# दोसर सोमवारी पर विदेश्वर स्थान मे उमड़ल भक्तक सैलाब

## हजारो श्रद्धालु कयलनि बाबा विदेश्वर स्थान महादेव पर जलाभिषेक

झंझारपुर, समदिया

साओन मासक दोसर सोमवारी पर भैरव स्थान थाना क्षेत्रक अंतर्गत प्रसिद्ध बाबा विदेश्वर स्थान महादेव मंदिर मे आस्थाक सैलाब उमड़ि पड़ल। भोरहि सं हजारोंक संख्या मे महिला-पुरुष श्रद्धालु पांति मे ठाढ़भए बाबा केर दरबार पहुंचलाह आ शिवलिंग पर जलाभिषेक कए अपन मनोकामना मांगलनि।बोल बम आ हर-हर महादेवक जयघोष सं पूरा मंदिर परिसर आ आसपासक क्षेत्र भक्तिमय भए गेल।कांवरिया आ आम श्रद्धालु सभ मे शिवभक्तिक उत्साह देखैत बनि रहल छल। भोरक चारि बजहि सं मंदिरक पट खुलिते श्रद्धालुक पांति लगब शुरू भए गेल छल। जलाभिषेक लेल दूर-दराजक गाम सभ संसेहो श्रद्धालु पहुंचल छलाह। मंदिर परिसर मे जगह-जगह स्वयंसेवक सभक दिस सं भक्त सभ लेल प्रसाद आ पानिक व्यवस्था कएल गेल छल। श्रद्धालुक भारी भीड़ कें देखैत भैरव स्थान थानाध्यक्ष सत्येंद्र तिवारीक नेतृत्व मे पुलिस बल तैनात छल। बैरिकेडिंग, मार्ग परिवर्तन आ सीसीटीवीक माध्यम सं सुरक्षा व्यवस्थाक पुख्ता इंतजाम कएल गेल छल। थानाध्यक्ष कहलनि जे साओनक दोसर सोमवारी कें लए कए सभ तैयारी पूरा कएल गेल छल। श्रद्धालु



सभ शांतिपूर्वक पूजा-अर्चना आ जलाभिषेक कए रहल छथि। एखन धरि कतहु सं कोनो अप्रिय घटनाक सूचना नहि अछि। सभ भक्त सं शांति आ अनुशासन बनौनेरखबाक अपील कएल गेल अछि। मंदिरक पुजारी कहलनि जे साओन मासक प्रत्येक सोमवारी बाबाविदेश्वर स्थान पर जलाभिषेक करय सं विशेष फल प्राप्त होइत अछि। एहि कारणें दूर-दूर सं भक्त सभएतय अबैत छथि। दिनभरि मंदिर मे शिवभजनक गूंज आ हर-हर महादेवक जयघोष सं संपूर्ण वातावरण शिवमय बनल रहल।

# जिलाक 4 लाख 88 हजार 940 लाभार्थीक खाता मे डीबीटी सं पठाओल गेल सामाजिक सुरक्षा पेंशनक राशि

मधुबनी, समदिया

मुख्यमंत्री बिहार सम्राट चौधरी द्वारा सोमदिन राज्यक सभ छह प्रकारक सामाजिक सुरक्षा योजनाक कुल 1 करोड़ 1 लाख 32 हजार 888 पेंशनधारीक खाता मे जुलाई 2026 मासक पेंशन राशि कुल 11 अरब 57करोड़ 71 लाख 84 हजार 700 रुपैया डीबीटी (प्रत्यक्ष लाभ अंतरण) क माध्यम सं हस्तांतरित कएल गेल। एहि मे मधुबनी जिलाक 4 लाख 88 हजार 940 लाभार्थीक खाता मे डीबीटीक माध्यम सं सामाजिक सुरक्षा पेंशनक राशि पठाओल गेल। एहि अवसर पर समाहरणालय स्थित एनआईसी वीसी कक्ष मे जिलाधिकारी आनंद शर्माक उपस्थिति मे कार्यक्रमक सीधा प्रसारण (सीधा वेब प्रसारण) कएल गेल। जिलाधिकारी कहलनि जे मधुबनी जिलाक कुल 4 लाख 88 हजार 940 सामाजिक सुरक्षा पेंशनधारीक खाता मे 55 करोड़ 65 लाख 45 हजार 300 रुपैयाक राशि हस्तांतरित कएल गेल अछि। ई राशि राज्यक सभ जिला मेसर्वाधिक अछि, जे जिला मे सामाजिक सुरक्षा योजनाक प्रभावी क्रियान्वयन कें दर्शबैत अछि। ओ कहलनिजे बिहार राज्य निःशक्तता पेंशन योजनाक 8 लाख 83 हजार 168 पेंशनधारी कें कुल लगभग 99 करोड़31 लाख 55 हजार 700 रुपैया, इंदिरा गांधी राष्ट्रीय निःशक्तता पेंशन योजनाक 81 हजार 816 पेंशनधारीकें 9 करोड़ 17 लाख 56 हजार 300 रुपैया, इंदिरा गांधी राष्ट्रीय वृद्धावस्था पेंशन योजनाक 23 लाख 26 हजार 100 पेंशनधारी कें 2 अरब 58 करोड़ 9 लाख 18 हजार 300 रुपैया तथा इंदिरा गांधी राष्ट्रीय विधवापेंशन योजनाक 5 लाख 16 हजार 624 पेंशनधारी कें 60 करोड़ 99 लाख 3 हजार 300 रुपैयाक राशिभुगतान कएल गेल अछि। एहि अतिरिक्त लक्ष्मीबाई सामाजिक सुरक्षा पेंशन योजनाक 8 लाख 48 हजार 61 पेंशनधारी कें 95 करोड़ 25 लाख 44 हजार 500 रुपैया तथा मुख्यमंत्री वृद्धजन पेंशन योजनाक 54लाख 77 हजार 119 लाभार्थी कें 6 अरब 34 करोड़ 89 लाख 6 हजार 600 रुपैयाक राशि भुगतान कएल गेल अछि। जिलाधिकारी कहलनि जे सामाजिक सुरक्षा पेंशन योजना समाजक वृद्धजन, दिव्यांगजन आ असहाय महिला सभ कें आर्थिक संबल प्रदान करबा मे महत्वपूर्ण भूमिका निभा रहल अछि। ओ कहलनि जे जिला प्रशासन सभ पात्र लाभार्थी धरि योजनाक लाभ समय पर पहुंचाबय लेल प्रतिबद्ध अछि। एहि अवसर पर जिलाधिकारी लाभार्थी सभ सं सीधा संवाद कए हुनकर अनुभवक जानकारी लेलनि। लाभार्थी सभ मे इंद्रकला देवी, सुनीता देवी, मेहरून निशा, राधा देवी, रामचंद्र राम आ भोला प्रसाद मुख्यमंत्री, राज्य सरकार आ जिला प्रशासनक प्रति आभार व्यक्त कयलनि।

# हर घर तिरंगा अंतर्गत सांसद अपन आवास पर फहरौलनि तिरंगा

दरभंगा, समदिया

9 अगस्त सं शुरू भेल हर घर तिरंगा अभियानक अंतर्गत दरभंगाक सांसद सह लोकसभा मे भाजपा सचेतक डॉ. गोपाल जी ठाकुर दिल्ली स्थित अपन आवास पर तिरंगा फहरौलनि। एहि अवसर पर ओ राष्ट्रक प्रति अपन समर्पणक भाव व्यक्त करैत देशक संप्रभुता रक्षाक लेल अपन संकल्प दोहरौलनि। हर घर तिरंगा अभियान कें भाजपा कार्यकर्ता सभ लेल प्रेरणादायी बतबैत सांसद डॉ. ठाकुर हलनि जे आब ई तिरंगा अभियान प्रत्येक भारतीय लेल राष्ट्रक प्रति संकल्प, समर्पण आ सम्मानक प्रतीक बनि गेल अछि। एहि कारण राष्ट्रवाद कें अपन आदर्श माननिहार नागरिक अपन घर पर तिरंगा फहराबय कें अपन नैतिक कर्तव्य बुझैत छथि। सांसद डॉ. ठाकुर एहि अभियान कें राष्ट्रव्यापी कार्यक्रम बतबैत कहलनि जे देशक यशस्वी प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक



आह्वान पर देशभरि मे आम नागरिक सभ उत्साहक संग अपन-अपन घर पर तिरंगा फहरा रहल छथि। ई एहि बातक प्रमाण अछि जे 140 करोड़ देशवासी मे राष्ट्र प्रथमक भावनासर्वोपरि अछि। सांसद डॉ. ठाकुर तिरंगा झंडा कें भारतीय चेतनाक श्रेष्ठ उदाहरण बतबैत कहलनि जे ईतिरंगा देशक संप्रभुता रक्षाक लेल शहीद भेल वीर जवान सभक प्रति सच्चा श्रद्धांजलि अछि। ई एहिबातक सेहो परिचायक अछि जे राष्ट्रक बलिवेदी पर भारत माताक रक्षाक लेल प्रत्येक नागरिकक मन मेसमर्पणक भावना समाहित अछि।

### पुलिस 16 घंटा मे उमगांव लखमा पोखरिक समीप सं कयलक बरामद

# महिला सभ कें पिच कए फरार भेल स्कॉर्पियो बरामद

बेनीपट्टी, समदिया

स्थानीय थाना क्षेत्रक जगदंबा पेट्रोल पंपक समीप रवि दिन भोर मे सड़क सं दूर कात मे बैसल महिला सभ कें कुचलि फरार भेल कारी रंगक स्कॉर्पियो कें पुलिस मात्र 16 घंटा मे हरलाखी थाना क्षेत्रक उमगांव लखमा पोखरक समीप सं बरामद कए लेलक अछि। एहि मामिला मे एक व्यक्ति कें सेहो हिरासत मे लेलगेल अछि। ई कारबाइ बेनीपट्टी आ हरलाखी थाना पुलिसक संयुक्त प्रयास सं कएल गेल। हिरासत मे लेल गेल व्यक्तिक पहचान उमगांव निवासी मो. अंजारक रूप मे भेल अछि। बताबी जे रवि दिन भोर करीब साढ़े पांच सं छह बजेक बीच नवटोली वार्ड संख्या-14 निवासी राजू महतोक पत्नी किरण देवी (42), पच्चू साहक पत्नी रीता देवी (55) आ स्व. अरुण झाक पत्नी फूल दाई देवी (72) भोरक सैर कए कए आराम करबाक लेल सड़क सं दूर कात मे बैसल छलीह। ओतहि अरेर दिस



सं आबि रहल बीआर 07 बीपी 2510नंबरक कारी रंगक तेज रफ्तार स्कॉर्पियो गलत दिस मे जा कए तीनू महिला कें कुचलि देलक। दुर्घटना मेतीनू महिला सभक घटनास्थल परे दर्दनाक मृत्यु भए गेल। घटना कें अंजाम देलाक बाद चालक गाड़ी कें बहुत तेज रफ्तार मे लए कए ओतय सं फरार भए गेल। संगहि सैर करय गेल सीता देवी आ दुर्गा देवी प्रत्यक्ष रूप सं घटना कें देखलनि। पुलिस किरण देवी आ रीता देवीक शव कें पोस्टमार्टम लेल पठौने छल। ओतहि फूल दाई देवीक परिजन पोस्टमार्टम कराबय सं मना कए देलनि। पोस्टमार्टमक बाद तीनू शवकपरिजन सभ

» बुशरा हामिदक नाम पर अछि गाड़ी
» मो. अंजार कें हिरासत मे लए पुलिस कए रहल अछि पूछताछ

द्वारा क्रमशः आखरी संस्कार कएल गेल। घटनाक बाद एसएचओ इंस्पेक्टर अनूप कुमारकनेतृत्व मे बेनीपट्टी थाना पुलिस गाड़ी आ चालकक खोज मे जुटि गेल। जगदंबा पेट्रोल पंप सं उमगांव मार्ग मे लागल करीब सभ सीसीटीवी कैमरा कें खंगालल गेल। बहुत प्रयासक बाद पुलिसक समक्ष ई बात सामने आयल जे उक्त गाड़ी हरलाखी थाना क्षेत्रक उमगांवक अछि। स्थानीय थाना पुलिसक सहयोग सं उमगांवक लखमा पोखरक समीप सं स्कॉर्पियो कें बरामद कए लेल गेल। गाड़ी अब्दुल मन्नानक पत्नी बुशरा हामिदक नाम पर अछि। पुलिस हिरासत मे लेल गेल मन्नानक पिता मो. अंजार सं पूछताछ कए रहल अछि।

# मिथिलाक कला कें सीधे भेटत डिजिटल बाजार, कलाकार सभ कें भेटत कलाकृतिक लाभ

मधुबनी, समदिया

मिथिलाक समृद्ध कला आ सांस्कृतिक विरासत कें देश-दुनियाक बाजार सं जोड़बाक दिशा मे जिला प्रशासन आ मिथिला चित्रकला संस्थान द्वारा एकटा महत्वपूर्ण पहल कएल जा रहल अछि। स्वतंत्रता दिवस, 15 अगस्त 2026क अवसर पर मधुबनी आट्र्स ई-कॉमर्स पोर्टलक शुभारंभ कएल जाएत। ई डिजिटल मंच मिथिलाक प्रसिद्ध मधुबनी चित्रकला आ अन्य कलाकृति सभ कें ऑनलाइन बाजार उपलब्ध करयबाक संग स्थानीय कलाकार सभ कें व्यापक ग्राहक आधार सं जोड़बाक दिशा मे महत्वपूर्ण कदम होयत। पोर्टल पर बिक्री लेल उपलब्ध कलाकृति सभ कें हुनकर गुणवत्ता आधार पर मिथिला हेरिटेज, मिथिला सिग्नेचर आ मिथिला क्लासिक श्रेणी मे वर्गीकृत कएल जाएत। एहि लेल मूल्यांकन समिति द्वारा बारकोड आधारित ऑनलाइन मूल्यांकन प्रणालीक उपयोग कएल जाएत, जाहि सं मूल्यांकन प्रक्रिया मे पारदर्शिता आ मानकीकरण सुनिश्चित कएल जा सकय। पोर्टल पर प्रदर्शित प्रत्येक कलाकृतिक मिथिला चित्रकला संस्थान द्वारा प्रमाणीकरण कएल जाएत। खरीदार कें कलाकृतिक प्रमाणिकता आ गुणवत्ता पर भरोसा देबाक लेल गारंटी/प्रमाणीकरण प्रमाणपत्र सेहोउपलब्ध कराओल जाएत।मधुबनी आट्र्स पोर्टल पर कलाकार सभ लेल बिना प्रत्यक्ष संपर्क कलाकृति जमा करबाक सुविधा, डिजिटल कलाकार परिचय, लाइव प्रदर्शन, एसएमएस/ई-मेल सूचना सहित कतेको सुविधा उपलब्ध रहत। एहि संग कलाकृति सभक फ्रेमिंग, पैकेजिंग आ वितरणक सुविधा सेहो एकहि मंच पर एकीकृत कएल जाएत। कलाकार सभक सुविधा कें ध्यान मे राखि पोर्टलक मोबाइल अनुप्रयोग सेहो विकसित कएल जा रहल अछि। पोर्टल कें हिंदी, अंग्रेजी आ मैथिली सहित बहुभाषीय बनाओल जा रहल अछि। उपयोगकर्ता अपनसुविधा आ स्थानक अनुसार भाषाक चयन कए सकताह। पोर्टलक विकास आ सेवा मे कृत्रिम बुद्धिमत्ता, जनरेटिव कृत्रिम बुद्धिमत्ता/चैटजीपीटी आ ब्लॉकचेन सहित आधुनिक तकनीकक उपयोगक परिकल्पना कएल गेल अछि। आंकड़ाक सुरक्षा आ विश्वसनीयता सुनिश्चित करबाक लेल पोर्टल कें राज्य डेटा केंद्र पर स्थापित कएल जाएत। ऑनलाइन खरीदारी कें सहज आ सुरक्षित बनाबय लेल पोर्टल पर एसबीआई भुगतान प्रणाली कें एकीकृत कएल गेल अछि। ओतहि कलाकृति सभक सुरक्षित आ व्यवस्थित वितरण लेल डाक विभागक संग समझौता ज्ञापन कएल गेल अछि। पोर्टलक प्रथम चरण मे मिथिला चित्रकला संस्थानक वर्तमान आ पूर्व छात्र सभक कलाकृति कें प्राथमिकता देल जाएत।

# जिला मे 2.42 लाख पेंशनधारी मे 2.10 लाखक जीवन प्रमाणीकरण पूरा

## राज्यक 1.01 करोड़ सं बेसी पेंशनधारीक खाता मे अंतरित भेल 1100 रुपैयाक पेंशन राशि

» जुलाइक पेंशन राशि डीबीटी सं खाता मे पठाओल गेल
» मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कयलनि हस्तांतरण

**सहरसा, समदिया**

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सोमदिन वीडियो कॉन्फ्रेंसिंगक माध्यम सं राज्यभरिक 1,01,32,888 पेंशनधारी कें सामाजिक सुरक्षा पेंशन योजनाक अंतर्गत जुलाई 2026क 1100 रुपैयाक पेंशन राशि सीधे हुनकर बैंकखाता मे डीबीटीक माध्यम सं हस्तांतरित कयलनि। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री वृद्धजन, विधवा महिलाआ दिव्यांगजनक कल्याणक प्रति सरकारक प्रतिबद्धता दोहरबैत कहलनि जे पेंशनधारी सभ कें प्रत्येक मासक 10 तारीख कें पिछला मासक पेंशन राशि डीबीटीक माध्यम सं हुनकर खाता मे उपलब्ध कराओल जाएत। जिला स्तर पर आयोजित कार्यक्रम मे जिलाधिकारी दीपेश कुमार, जिला कार्यक्रम पदाधिकारी (आईसीडीएस), सहायक निदेशक सामाजिक सुरक्षा कोषांग, वरीय समाहर्ता-सह-जिला जनसंपर्क पदाधिकारीसहित 100 सं बेसी पेंशनधारी ऑनलाइन माध्यम सं जुड़ल छलाह। कार्यक्रमक दौरान जिलाक पेंशनधारीसभ कें जुलाई मासक पेंशन राशि हस्तांतरणक जानकारी देल गेल। जिलाधिकारी दीपेश कुमार कहलनि जेबिहार सरकार द्वारा सामाजिक सुरक्षा पेंशनक सभ छह योजना मे ओहि लाभार्थी सभ कें जुलाई 2026क पेंशन राशि डीबीटीक माध्यम सं भुगतान कएल गेल अछि, जिनकर जीवन प्रमाणीकरण 31 जुलाई 2026 धरि पूरा भए गेल छल। ओ कहलनि जे जिला मे इंदिरा गांधी राष्ट्रीय वृद्धावस्था पेंशन योजनाक 54,624, मुख्यमंत्री वृद्धजन पेंशन योजनाक 1,14,694, इंदिरा गांधी राष्ट्रीय विधवा पेंशन योजनाक9,425, लक्ष्मीबाई सामाजिक सुरक्षा पेंशन योजनाक 14,190, इंदिरा गांधी राष्ट्रीय निःशक्तता पेंशन योजनाक 1,394 आ बिहार निःशक्तता पेंशन योजनाक 14,807 लाभार्थीक खाता मे जुलाई 2026क पेंशन राशि अंतरित कएल गेल अछि। जिलाधिकारी बतौलनि जे जिला मे कुल 2,42,944 पेंशनधारी छथि। एहि मे 10 अगस्त 2026 धरि 2,10,388 पेंशनधारीक जीवन प्रमाणीकरण पूरा भए चुकल अछि, जखन कि 32,531 पेंशनधारीक जीवन प्रमाणीकरण एखनहुं लंबित अछि। ओ सभ लंबित पेंशनधारी सं अपील कयलनि जे ओ यथाशीघ्र अपन जीवन प्रमाणीकरण करा लिअथि, जाहि सं भविष्य मे पेंशन राशि प्राप्त करबा मे कोनो प्रकारक बाधा नहिहोय। जिलाधिकारी कहलनि जे सामाजिक सुरक्षा पेंशन सरकारक महत्वपूर्ण कल्याणकारी योजना अछि,जकर उद्देश्य वृद्धजन, विधवा महिला आ दिव्यांगजन कें आर्थिक सहायता संग सम्मान आ सामाजिक सुरक्षा प्रदान करब अछि। ओ जिलाक सभ पेंशनधारी कें पेंशन राशि प्राप्त भेलाक लेल शुभकामना देलनि।



# जनसुनवाई मे 16 मामिलाक भेल सुनवाइ, समयबद्ध निष्पादनक निर्देश



**सहरसा, समदिया**

जिलाधिकारी दीपेश कुमारक अध्यक्षता मे सोमदिन समाहरणालय स्थित कार्यालय कक्ष मे सेवा संवाद समाधान अनुसरण प्रणालीक अंतर्गत सभक सम्मान, जीवन आसान कार्यक्रमक आयोजन कएल गेल।कार्यक्रम मे जिलाक विभिन्न प्रखंड आ पंचायत सं पहुंचल आम नागरिक सभक समस्या आ शिकायतक सुनवाइ कएल गेल। जनसुनवाईक उद्देश्य आम लोक कें सरकारी सेवा धरि सहज आ सरल पहुंच उपलब्ध करेनाइ, समस्या सभक समयबद्ध समाधान सुनिश्चित करेनाइ आ प्रशासन आ जनता बीच संवाद आ विश्वास कें मजबूत करेनाइ अछि। एहि दौरान जिलाधिकारी नागरिक सभ सं सीधा संवाद करैत हुनकर समस्या सभ कें गंभीरतापूर्वक सुनलनि आ संबंधित विभागीय अधिकारी सभ कें त्वरित आ प्रभावी कारबाइ करबाक निर्देश देलनि। जनसुनवाई मे कुल 16 आवेदन पर सुनवाइ कएल गेल। श्रीमती रीता देवी,सिमरी बख्तियारपुर; रीना कुमारी, सत्तरकटैया; विश्वनाथ सादा, बलवाहाट; राम कुमार साह तिवारी, पतरघट;विजल कुमार ठाकुर, चैनपुर सहित अन्य आवेदक सभ भूमि विवाद आ विभिन्न जनसमस्या सं संबंधित आवेदन देलनि। जिलाधिकारी सभ मामिलाक निष्पक्ष, पारदर्शी आ गुणवत्तापूर्ण ढंग सं निर्धारित समय-सीमा मे निष्पादन सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। मौका पर अपर समाहर्ता गणेश कुमार सहित अन्यअधिकारी आ कर्मचारी उपस्थित छलाह।

# इलेक्ट्रिक वाहनक खरीद पर भेटत 1 लाख धरि अनुदान : डीटीओ

## चार्जिंग प्वाइंट लगाबय पर 1.50 लाख धरि प्रोत्साहन

» 2030 धरि बिहार मे 30 प्रतिशत इलेक्ट्रिक वाहनक पंजीकरणक लक्ष्य

**सहरसा, समदिया**



बिहार सरकारक मुख्यमंत्री बिहार पर्यावरण अनुकूल परिवहन रोजगार योजनाक अंतर्गत इलेक्ट्रिक वाहनक खरीद कें बढ़ावा देबाक लेल पात्र लाभार्थी सभ कें अनुदान देल जा रहल अछि। एहि संग इलेक्ट्रिक वाहन लेल आवश्यक चार्जिंग ढांचाक विकास करबाक लेल सेहो प्रोत्साहनक प्रावधान कएल गेल अछि। ई जानकारी जिला परिवहन पदाधिकारी सुजीत कुमार बरनवाल देलनि। ओ कहलनि जे सरकार वर्ष 2030 धरि राज्य मे पंजीकृत आ उपयोग मे अनल जा रहल वाहन सभ मे 30 प्रतिशत इलेक्ट्रिक वाहनकहिस्सेदारीक लक्ष्य निर्धारित केने अछि। योजनाक अंतर्गत 15 मई 2026क बाद खरीदल गेल पात्र इलेक्ट्रिक वाहन पर निर्धारित शर्तक अनुसार अनुदानक लाभ भेटत। इच्छुक लाभार्थी परिवहन विभागक ऑनलाइन पोर्टल पर उपलब्ध ईवी सब्सिडी लिंकक माध्यम सं आवेदन कए सकैत छथि।

# तीन दिवसीय ध्वज बंधन प्रशिक्षणक शुभारंभ

**सीतामढ़ी, समदिया**

लायंस क्लब सीतामढ़ी वेस्टक तत्वावधान मे तीन दिवसीय ध्वज बंधन, ध्वज खोलबाक आ ध्वजारोहण प्रशिक्षण कार्यक्रमक शुभारंभ नगरक पुनौरा स्थित एमजीएन विद्यालय परिसर मे कएल गेल। विद्यालयक निर्देशक लायन राघव बाजोरिया, सचिव लायन गणेश सराफ, कांग्रेस सेवा दलक राष्ट्रीय प्रशिक्षक लायन डॉ. राजीव कुमार काजू, प्रतीक, रीमा आ आलोक कुमार संयुक्त रूप सं दीप प्रज्वलित कएकार्यक्रमक शुभारंभ कयलनि। कार्यक्रमक उद्देश्य विद्यार्थी आ युवा सभ कें राष्ट्रध्वजक सम्मान, ओकर मर्यादा आ ध्वजारोहणक सही प्रक्रिया सं अवगत करेनाइ अछि। एहि अवसर पर मुख्य अतिथि राघव बाजोरिया कहलनि जे राष्ट्रध्वज मात्र एकटा प्रतीक नहि, बल्कि देशक आन, बान आ शानक प्रतीक अछि।प्रत्येक नागरिकक कर्तव्य अछि जे ओ तिरंगाक सम्मान आ गरिमा कें बनौने रखथि। मुख्य प्रशिक्षकलायन डॉ. राजीव कुमार काजू प्रशिक्षणक दौरान प्रतिभागी सभ कें ध्वज कें सही ढंग सं बांधबाक, खोलबाक, फहराबक आ सुरक्षित रखबाक व्यावहारिक जानकारी देताह। तीन दिन धरि चलयवला एहि प्रशिक्षण कार्यक्रम मे प्रतिभागी सभ कें राष्ट्रध्वज संहिता आ ध्वजक प्रति सम्मानक भावना सं सेहो परिचित कराओल जाएत। कार्यक्रम मे लायंस क्लब सीतामढ़ी वेस्टक पदाधिकारी सभक संग शिक्षक नितेश, नयनसी, आदित्य सुमन झा, दिलीप, संजीव सहित सैकड़ो विद्यार्थी आ गणमान्य लोक उपस्थित छलाह। लायंस क्लबक सचिव गणेश सराफ कहलनि जे ब्रिटेनिया कंपनीक सहयोग सं आयोजित एहि तीन दिवसीय प्रशिक्षणक माध्यम सं अधिक सं अधिक युवा मे राष्ट्रभक्ति, अनुशासन आ राष्ट्रीय ध्वजक प्रतिसम्मानक भावना विकसित करब कार्यक्रमक प्रमुख लक्ष्य अछि।



# सीतापुरम परियोजना वापस लेबाक मांग कें लए मशाल जुलूस

**सीतामढ़ी, समदिया**

सैटेलाइट सीतापुरम परियोजना वापस लेबाक मांग कें लए पुनौरा, खैरबा, सांखी, मनियारी, अन्हारी, मारर सहित अन्य गांवक सैकड़ो किसान मशाल जुलूस निकाललनि। ई जुलूस पुनौरा बाजार चौक सं जानकी मंदिरक मुख्य द्वार धरि पहुंचि कए समाप्त भेल। किसान सभ सैटेलाइट सीतापुरम परियोजना वापस लिअ, जमीन छीननाइ बंद करू, गांव उजाड़नाइ बंद करू, संपत्तिक संवैधानिक अधिकार छीननाइ बंद करू, 45 प्रतिशत लैंड पूलिंग वापस लिअ, लैंड लॉक शीघ्र हटाउ सहित विभिन्न नारा लगा रहल छलाह। मशालजुलूस समाप्त भेलाक बाद सभ किसान सीता मंदिर पहुंचलाह आ सीता मइया सं प्रार्थना कयलनि जे सरकार आ मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कें सद्बुद्धि दिअथि, जाहि सं किसान-मजदूर विरोधी सीतापुरमपरियोजना वापस लेल जाय। संगहि किसान सभ कें अपन संघर्ष मे सफल होयबाक लेल शक्ति देबाकप्रार्थना सेहो कयलनि। जुलूस आ प्रार्थना मे शामिल प्रमुख किसान नेता सभ मे बैद्यनाथ हाथी, प्रो. आनंद किशोर, संतोष कुमार सिंह, जयप्रकाश राय, जालंधर यदुवंशी, चंद्रदेव मंडल, अमरेंद्र राय, अवधेश यादव, राम सागर ठाकुर, अश्विनी कुमार मिश्र, नवीन कुमार सिंह, हरिओम सिंह, शंकर प्रसाद, सत्यनारायण सिंह, शंभू यादव, जितेंद्र हाथी, रामविवेक सिंह, प्रेमचंद्र सिंह, शिवचंद्र यादव सहित सैकड़ो किसान शामिल छलाह।



# क्रांति दिवस पर पूर्व सैनिक सभक भेल सम्मान

**सीतामढ़ी, समदिया**




प्रेस क्लब मे अखिल भारतीय साहित्य परिषद, सीतामढ़ी इकाइक तत्वावधान मे मासिक काव्यगोष्ठी सह सम्मान समारोहक आयोजन कएल गेल। क्रांति दिवसक अवसर पर आयोजित एहि कार्यक्रम मे जिलाक साहित्यकार, पत्रकार, पूर्व सैनिक आ समाजसेवी सभ सहभागी भेलाह। कार्यक्रमक अध्यक्षता संगठनकजिलाध्यक्ष मुरलीधर झा मधुकर कयलनि, जखन कि संचालन वरिष्ठ साहित्यकार सत्येंद्र मिश्र कयलनि। एहि अवसर पर जिलाक पूर्व सैनिक अशोक कुमार, रत्नेश सिंह, सोहन यादव, मुकेश कुमार, संजीव कुमार, धर्मलाल राय आ अनिल कुमार कें तिरंगा अंगवस्त्र पहिरा कए सम्मानित कएल गेल। ओतहि सीतामढ़ी प्रेस क्लबक अध्यक्ष राकेश रंजन कें जन्मदिनक अवसर पर अंगवस्त्र आ स्मृतिचिह्न प्रदान कएल गेल। कार्यक्रमक विषय प्रवेश करबैत संगठनक जिला संगठन मंत्री वाल्मीकि कुमार प्रखर कहलनि जे स्वतंत्रता दिवस आ गणतंत्र दिवसक अवसर पर संगठनक दिस सं जिलाक पूर्व सैनिक सभ कें सम्मानित करबाक परंपराक निर्वहन कएल जाइत अछि। देशक सीमाक रक्षा मे अपन जीवनक बहुमूल्य समय देनिहार पूर्व सैनिक सभक सम्मान सं नव पीढ़ी मे सैनिक सभक प्रति श्रद्धा आ सम्मानक भावना बढ़ैत अछि।कार्यक्रमक दोसर सत्र मे काव्यगोष्ठीक आयोजन कएल गेल। महंत अशोक दास एक ज्ञानी अज्ञानी बहुमतक रोना रोती छथि, तखन धरतीक हर कोना मे किछु अनहोनी होइत अछि प्रस्तुत कए कार्यक्रम मेऊर्जाक संचार कयलनि। संगठनक उपाध्यक्ष आचार्य धीरेंद्र झा माणिक्य शान तिरंगा मान तिरंगा, जान सं प्यारा हमरो तिरंगा आ कवि रामबाबू सिंह उठल लहर जखन आजादीक, स्वर हुनकर ओहि मे गूंजल प्रस्तुत कए राष्ट्रीय चेतनाक संदेश देलनि। चर्चित कवि गौतम कुमार वात्स्यायन अधरक मुस्कान अहांक, देखि ईदिल हारल... आ गजल सम्राट गुफरान राशिद आगि नफरतक दुनिया सं बुझाओल जाय, चारूकातमुहब्बतक समां जराओल जाय... प्रस्तुत कए खूब वाहवाही लूटलनि। प्रेस क्लबक सचिव आदित्यानंद आर्यक उपस्थिति मे कवि राजेंद्र सहनी सवालिया अनुमान मे नेता जुबानी जंग लड़ैत रहताह, हर घटनाक निंदा करैत रहताह, आखिर कतए धरि? प्रस्तुत कयलनि। आचार्य रामानंद मंडल देशक लाल, लालबहादुरशास्त्री आ वरिष्ठ साहित्यकार सत्येंद्र मिश्र मातृभूमि पर समर्पित, हर जवानी चाही, इतिहास मे एहन कहानी नहि चाही सुनौलनि। ओतहि संगठनक संरक्षक बच्चा प्रसाद विह्वल वीर जवानक गाथा हम की गाबी जुबान सं, जिनकर ऊंच दास्तान विशाल आकाश सं... प्रस्तुत कए खूब तालि बटोरलनि।

# जेल भरो आंदोलन मे उमड़ल किसान-मजदूरक हुजूम

## आंदोलनकारी समाहरणालयक केलक घेराव

» 23 सूत्री मांगक स्मारपत्र जिलाधिकारी कें सौंपल गेल

**सहरसा, समदिया**

अखिल भारतीय किसान सभा, अखिल भारतीय खेतिहर एवं ग्रामीण मजदूर यूनियन, सीटू सहित अन्य जनसंगठनक राष्ट्रव्यापी जेल भरो आंदोलनक अंतर्गत सोमदिन हजारो किसान-मजदूर, छात्र-युवा आ महिला सभ विशाल जुलूस निकाललनि। जिला परिषद परिसर सं निकलल जुलूस थाना चौक, वीर कुंवरसिंह चौक आ अंबेडकर चौक होइत समाहरणालयक मुख्य द्वार धरि पहुंचल। प्रदर्शनकारी सभक हाथ मेलाल झंडा, बैनर आ विभिन्न मांग सं संबंधित तख्ती छल। प्रदर्शनकारी सभ कॉरपोरेट भारत छोड़ू, भाजपाभगाउ, देश बचाउ, चारू श्रम संहिता रद्द करू, भूमिहीन कें वासक जमीन दिअ, न्यूनतम समर्थन मूल्यक गारंटी करू, शिक्षा, स्वास्थ्य आ बिजलीक निजीकरण बंद करू सहित विभिन्न मांग कें लए जोरदार नारेबाजी कयलनि। समाहरणालयक मुख्य द्वार पर पहिने सं तैनात पुलिस बल प्रदर्शनकारी सभ कें रोकि देलक। एहि दौरान पुलिस आ प्रदर्शनकारी सभक बीच नोकझोंक सेहो भेल। प्रदर्शनकारी सभ गिरफ्तारीकमांग करैत मुख्य द्वार पर धरना पर बैसि गेलाह। कामरेड व्यास प्रसाद यादवक अध्यक्षता मे आयोजितसभाक संबोधन करैत किसान सभाक बिहार राज्य महासचिव विनोद कुमार कहलनि जे केंद्र सरकारकनीतिक कारण किसान-मजदूर पर कॉरपोरेट घराना सभक दबाव बढ़ि रहल अछि। ओ न्यूनतम समर्थनमूल्यक कानूनी गारंटी देबाक आ मजदूर सभक अधिकार बहाल करबाक मांग कयलनि। प्रांतीय संयुक्त सचिव रणधीर यादव कहलनि जे महंगाई, बेरोजगारी आ भ्रष्टाचार सं आम जनता परेशान अछि। ओ भूमिहीन सभ कें जमीन देबाक, पर्चाधारी सभ कें दखल-दिहानी करेनाइ आ पंचायत सभ पर प्रस्तावित कर वापस लेबाक मांग कयलनि। तकर बाद प्रशासनक निर्देश पर पुलिस प्रदर्शनकारी सभ कें गिरफ्तार कए स्टेडियम परिसर स्थित अस्थायी केंद्र पर लए गेल। ओतय सूची तैयार कएल गेलाक बाद सभ कें रिहा कए देल गेल। अंत मे 23 सूत्री मांगक स्मारपत्र जिलाधिकारी कें सौंपल गेल।



# दोसर सोमवारी पर सुंदरनाथ धाम मे 50 हजार सं बेसी श्रद्धालु केलनि जलाभिषेक

**अररिया, समदिया**

पवित्र साओन मासक दोसर सोमवारी पर ऐतिहासिक धर्मस्थल बाबा सुंदरनाथ धाम मे आस्थाक सैलाब उमड़ि पड़ल। श्रद्धालु सभ हर-हर महादेव आ जय बाबा सुंदरनाथक गगनभेदी जयघोष करैत रहलाह। एहि जयघोष सं संपूर्ण वातावरण शिवमय भए गेल। सुंदरी मठ न्यास समितिक निर्धारित नियमक अनुसारमहंथ सिंघेश्वर गिरि भोरक पूजा-अर्चनाक बाद भोर चारि बजे भक्त सभ लेल शिव-पार्वती मंदिरक पट खोलि देलनि। तकर बाद सांझ चारि बजे धरि लगातार 12 घंटा श्रद्धालु सभ जलाभिषेक आ पूजा-अर्चना करैत रहलाह। मंदिर समिति द्वारा बैरिकेडिंगक समुचित व्यवस्था कएल गेल छल। एहि सं श्रद्धालु सभ कें जलाभिषेक करबा मे बहुत सुविधा भेल। मुदा शिवगंगाक सौंदर्यीकरणक काज प्रगतिशील रहबाक कारणश्रद्धालु सभ पोखर शिवगंगा सं जल नहि भरि सकलाह। हालांकि मंदिर समितिक दिस सं पर्याप्त संख्यामे नल लगाओल गेल छल, जाहि सं लोक सभ सहजतापूर्वक जल लए कए बाबा पर जलार्पण कयलनि। मंदिर समितिक कोषाध्यक्ष प्रणव गुप्ता, सदस्य उपेंद्र कुमार सिंह, विजय केशरी, एचके सिंह, रामदेव सरदार,मनोज भगत, रामानंद मंडल, रामप्रसाद शर्मा, श्याम राम, भानू सिंह, नवीन भगत आ जयप्रकाश सिंह सहितअन्य पदाधिकारी सभ कहलनि जे करीब 50 हजार लोक जलाभिषेक कयलनि। एहि अवसर पर कतेको बच्चाक मुंडन संस्कार सेहो कराओल गेल। जिला प्रशासनक सौजन्य सं आ मंदिर समितिक दिस सं श्रद्धालु सभ लेल निःशुल्क चिकित्सा शिविर, पेयजल, शौचालय सहित अन्य आवश्यक सुविधाक व्यवस्था कएल गेल छल। श्रद्धालु सभ समितिक व्यवस्थाक प्रशंसा कयलनि। सुरक्षा व्यवस्थाक दृष्टि सं पुलिस निरीक्षक धन प्रसाद, कुआड़ी थानाध्यक्ष विकास कुमार, सोनामणि गोदाम थानाध्यक्ष चंदन कुमार, बरदाहा थानाध्यक्ष मो. इम्तियाज, सिकटी थानाध्यक्ष रौशन कुमार सिंह, पुअनि सुरेंद्र सिंह सहित जिला सं आएलतीन दर्जन पुरुष-महिला पुलिस बल, भारत स्काउट एंड गाइडक बच्चा आ चौकीदार सभ सक्रिय देखल गेलाह।

# मैथिली ठाकुरक हस्तक्षेपक बावजूद हरिहरपुर विद्यालयक बदहाली ओहिना

**तारडीह, समदिया**

अलीनगरक विधायक मैथिली ठाकुरक हस्तक्षेपक बावजूद उत्क्रमित मध्य विद्यालय हरिहरपुर, तारडीहक बदहाल स्थिति मे अपेक्षित सुधार नहि भए सकल अछि। एहि सं स्थानीय लोक सभ मे चिंता बनलअछि। विद्यालय भवनक जर्जर अवस्था आ आधारभूत सुविधाक कमी सं संबंधित मामिला किछु दिन पूर्व विधायकक संज्ञान मे आएल छल। विद्यालयक प्रभारी प्रधानाध्यापक शिव कुमार चौधरी आ सहायक शिक्षक रामदेव साहू, संजय कुमार झा, विपिन कुमार ठाकुर, नेहा यादव आ रेखा कुमारी विधायक कें विद्यालयक विभिन्न समस्या सं अवगत करौने छलाह। तकर बाद विधायक मैथिली ठाकुर प्रखंड शिक्षा पदाधिकारी शैलेंद्र कुमार सं दूरभाष पर बातचीत कए विद्यालयक समस्या कें शीघ्र दूर करबाक दिशा मे आवश्यक पहल करबाक बात कहलनि। मुदा स्थानीय लोकक कहब अछि जे एहि हस्तक्षेपक बावजूद विद्यालयक जर्जर स्थिति आ आधारभूत सुविधाक कमी एखनहुं चिंता केर विषय बनल अछि। ग्रामीणरौशन झा, भाजपा नेता माधव झा आजाद, मुखिया प्रतिनिधि कन्हैया चौधरी, छात्र युवा नेता गौतम झा,रिंकू झा सहित अन्य ग्रामीणक कहब अछि जे बच्चा सभक सुरक्षित आ नीक पठन-पाठन लेल विद्यालयक समस्या सभक स्थायी समाधान आवश्यक अछि। ग्रामीण सभ संबंधित विभाग सं विधायकक हस्तक्षेपक बाद उठाओल गेल कदमक जानकारी सार्वजनिक करबाक संग विद्यालयक जर्जर व्यवस्थाकप्राथमिकताक आधार पर सुधार करबाक मांग कयलनि। ग्रामीण सभक प्रश्न अछि जे जखन विधायक स्तर सं पहल भए गेल अछि, तखन विद्यालयक स्थिति मे धरातल पर सुधार कहिया देखबा लेल भेटत?



# संयुक्त किसान संघर्ष मोर्चाक भेल प्रदर्शन आ जेल भरो आंदोलन

## न्यूनतम समर्थन मूल्यक कानूनी गारंटी,

» ऋण माफी आ सैटेलाइट सिटीक विरोध मे समाहरणालय पर धरना

**सीतामढ़ी, समदिया**

संयुक्त किसान संघर्ष मोर्चाक राष्ट्रव्यापी आह्वान पर सीतामढ़ी मे किसान सभ सड़क जाम आ जेल भरो अभियानक अंतर्गत विशाल प्रदर्शन कयलनि। मोर्चाक बैनर तर सैकड़ो किसान सीतामढ़ी समाहरणालय पर जोरदार नारेबाजी कयलनि आ अंबेडकर स्थल पर धरना देलनि। प्रदर्शनकारी सभ कें संबोधित करैत किसान नेता सभ केंद्र आ राज्य सरकारक किसान-मजदूर विरोधी नीतिक कड़ा आलोचना कयलनि। एहिदौरान अनुमंडल पदाधिकारी आ पुलिस पदाधिकारी सभ शांतिपूर्ण प्रदर्शन करैत किसान सभ कें अंबेडकर स्थल सं हिरासत मे लेलनि। करीब एक घंटाक बाद सभ कें रिहा कए देल गेल। आंदोलनक प्रमुख मांग सभ मे कृषि समझौता रद्द करब प्रमुख छल। किसान नेता सभ कहलनि जे भारत सरकार द्वाराअमेरिका संग कएल जा रहल कृषि समझौता कें तत्काल रद्द कएल जाय। ई किसानक हत्या समानअछि। केंद्र सरकार अपन वादाक अनुसार सी-2 प्लस 50 प्रतिशतक सूत्र पर न्यूनतम समर्थन मूल्यक कानूनी गारंटी दे। मजदूर विरोधी चारू नव श्रम संहिता कें वापस लेबाक मांग कएल गेल। देशभरककिसानक संपूर्ण ऋण माफ करबाक मांग सेहो उठाओल गेल। प्रस्तावित निजी बिजली विधेयक आ निजी बीज विधेयक कें वापस लेबाक मांग कएल गेल। किसान नेता सभ कहलनि जे एहि विधेयकक लागू भेला सं बिजलीक दर बेतहाशा बढ़त आ आम लोकक जनजीवन पर प्रतिकूल प्रभाव पड़त। मनरेगाक पुरान स्वरूप कें बहाल करैत वर्ष मे 200 दिनक रोजगारक गारंटी आ प्रतिदिन 700 रुपैया मजदूरी निर्धारित करबाक मांग कएल गेल। लैंड पूलिंग आ सैटेलाइट सिटीक नाम पर किसानक 45 प्रतिशत भूमि लए कॉरपोरेट सभ कें देबाक योजनाक तत्काल रद्द करबाक मांग कएल गेल। हालहि मे मुख्यमंत्री द्वारा एकर सर्वेक्षण आ योजना बनाबय लेल देल गेल निर्देश पर सेहो घोर निंदा व्यक्त कएल गेल। भारी सुखाड़क मारि झेलि रहल सीतामढ़ी जिला मे नदीक जल प्रबंधन करबाक, जर्जर सिंचाई स्रोत सभक मरम्मत करबाक आ उर्वरक अर्थात खादक कालाबाजारी पर सख्ती सं रोक लगाबयक मांग कएल गेल। आंदोलनकारी छात्र सभ पर दर्ज झूठा मुकदमा वापस लेबाक आ जेल पठाओल गेल छात्र सभ कें रिहा कए हुनकर मांग पूरा करबाक मांग सेहो उठाओल गेल। मोर्चाक नेता सभ स्पष्ट चेतावनी देलनि जे सरकार जं शीघ्र एहि जायज मांग सभ कें पूरा नहि करैत अछि तं आगांक समय मे आंदोलन आरो उग्र कएल जाएत। किसान सभक ई संघर्ष सरकार लेल भारीमुसीबत उत्पन्न करत आ किसान सभ अपन मांग कें लए कए पाछां हटयवला नहि छथि। विरोध प्रदर्शनमे डॉ. आनंद किशोर, संयोजक, संयुक्त किसान मोर्चा, उत्तर बिहार; जयप्रकाश राय, जिला सचिव, किसान सभा; बैद्यनाथ हाथी, जिलाध्यक्ष, किसान सभा; जालंधर यदुवंशी, अध्यक्ष, संयुक्त किसान संघर्ष मोर्चा; चंद्रदेव मंडल, उपाध्यक्ष; अवधेश प्रसाद यादव, महासचिव; मो. गयासुद्दीन, राज्य सचिव, एआईवाईएफ सहित सैकड़ो छात्र, युवा आ महिला किसान उपस्थित छलीह।



# धरा बिछौना, आकाश चद्दरि





कुमार नितेश

मनुष्य कें मनुष्य होयबाक लेल बहुत बेसी नहि, बहुत कम चाही। ई बात कोनो पोथीक पन्ना मे लिखल पांति नहि अछि। कोनो दार्शनिकक निष्कर्ष सेहो नहि। श्रावणी पथक पहिल राति एकरा स्वयं अनुभव करा दैत अछि। जे व्यक्ति दिन भर कांवर लेने चलैत अछि, राति होइत-होइत बिना कोनो उपदेशक ई बुझि जाइत अछि जे जीवनक आवश्यकता आ इच्छा एक नहि होइत अछि। आवश्यकता बहुत छोट होइत अछि, इच्छा बहुत पैघ। यात्रा धीरे-धीरे दुनूक बीचक अंतर स्पष्ट कए दैत अछि।

यात्राक आरंभ मे मोन एक अलग उत्साह सं भरल रहैत अछि। पहिल भोर डेग मे एक विशेष गति होइत अछि। लगैत अछि जे पहिल दिन जतेक बेसी दूरी तय कए लेल जाएत, आगांक यात्रा ततेक सरल होएत। देवघरक नाम मोन मे निरंतर धड़कैत रहैत अछि। शरीर मे शक्ति सेहो होइत अछि आ मोन मे संकल्प सेहो। एहि कारणें आरंभिक घंटा थकानक अनुभव नहि होमय दैत अछि। प्रत्येक पड़ाव छोट लगैत अछि, प्रत्येक मोड़ पार कयलाक बाद आगू बढ़बाक इच्छा बनल रहैत अछि। लगैत अछि जे एखन आरो चलल जा सकैत अछि।

मुदा श्रावणी पथ मात्र दूरी नापबाक यात्रा नहि अछि। ओ धीरे-धीरे अपन गति स्वयं सिखबैत अछि। एतय मनुष्य जतेक अपन संकल्प सं चलैत अछि, ततेक प्रकृतिक लय सं सेहो। दुपहरियाक रौद जखन माथ पर आबि जाइत अछि, तखन ओहि व्यक्ति कें जे भोर सं बिना रुकने चलि रहल छल, कोनो वृक्षक छाया आश्रय जकां देखाइ पड़ैत अछि। किछु काल लेल कांवर कांवर-स्थान पर टिका दैत अछि। कन्हा हलुक होइत अछि। जलक किछु घूंट भीतर उतरैत अछि। केओ अपन पैर दबबैत अछि, केओ कन्हा सहलाबैत अछि, केओ चुपचाप आंखि मूनि बैसि जाइत अछि। विश्राम छोट होइत अछि,

**श्रावणी पथ : कड़ी-12**

मुदा वएह अगिला कतेको किलोमीटरक शक्ति बनि जाइत अछि। तखन कांवर फेर कन्हा पर उठैत अछि। पैर आगू बढ़ैत अछि। यात्रा रुकैत नहि अछि, मात्र अपन लय बदलैत अछि।

दिन ढलए लगैत अछि। सूर्यक ताप कम होइत अछि। साओनक हवा खेतक ऊपर सं बहैत मुख कें स्पर्श करैत अछि। कतहु बादलक झुंड आकाश मे उतरि अबैत अछि। कतहु हलुका फुहार बिना कोनो सूचना देने शरीर कें भिजा दैत अछि। माटिक भीजल गंध वातावरण मे पसरि जाइत अछि। दिन भर चलबाक उत्साह आब अनुभव मे बदलए लगैत अछि। भोर मे जे शरीर मात्र आगू बढ़ए चाहैत छल, ओ आब अपन सीमा कें सेहो चिन्हए लगैत अछि। एतहि सं पहिल रातिक विचार जन्म लैत अछि। कोनो समूह निर्णय करैत अछि जे आजुक यात्रा एतबे धरि पर्याप्त अछि। किछु लोक कहैत छथि जे एखन किछु आरो चलल जा सकैत अछि। केओ शरीरक सुनैत अछि, केओ संकल्पक। मुदा अंततः राति सभ कें अपन आंचर मे समेटि लैत अछि। प्रकृति सभ कें एक समान निमंत्रण दैत अछि। केओ बेसी चलल होथि वा कम, विश्राम सभक लेल आवश्यक अछि।

एतय श्रावणी पथ एकटा आरो सत्यक दर्शन करबैत अछि। दिन भरिक पदयात्राक बाद ने मोलायम बिछौना आवश्यक रहि जाइत अछि, ने तकिया, ने खटिया आ ने बंद कोठली। जे सुविधा घर मे सामान्य लगैत अछि, से एतय अनचोके अनावश्यक प्रतीत होइत अछि। बरखा सं बचबाक आ बिछेबाक लेल संग आनल गेल प्लास्टिकक एकटा साधारण चद्दरि पर्याप्त भए जाइत अछि। वएह बिछौना बनि जाइत अछि, वएह सिरहाना सेहो। ओहिपर शरीर किछुए क्षण मे गहींर निद्रा मे उतरि जाइत अछि।

**धरा बिछौना बनि जाइत अछि आकाश चद्दरि...**

एहि सं बेसी ओहि समय कोनो वस्तुक आवश्यकता नहि रहैत अछि।

दिन भर कन्हा पर संग चलनिहार कांवर सेहो आब विश्राम करैत अछि। ओकरा धरती पर नहि राखल जाइत अछि। ओकर अपन मयार्दा अछि। ओ कांवर-स्थान पर टिकल रहैत अछि अथवा कोनो वृक्षक मजबूत डारि सं सम्मानपूर्वक लटकाओल जाइत अछि। यात्रा मे विश्राम मात्र मनुष्यक नहि, ओकर साधनाक सेहो होइत अछि।

रातिक वातावरण दिन सं सर्वथा भिन्न होइत अछि। धानक खेतक ऊपर सं अबैत हवा बेसी स्पष्ट सुनाइ पड़ैत अछि। दिनक कोलाहल शांत भए गेल रहैत अछि। कतहु दूर कोनो शिविर सं भजनक धुन उठैत अछि। कतहु कीर्तन चलैत अछि। कतहु बोल बमक स्वर रातिक निस्तब्धता कें चीरैत दूर धरि पसरि जाइत अछि। कहियो वर्षाक बूंद तिरपाल पर खसैत अछि आ ओहे एकटा मधुर लय बनि जाइत अछि। कहियो मात्र झींगुरक आवाजि सुनाइ पड़ैत अछि। लगैत अछि जे संपूर्ण राति सेहो यात्राक एकटा हिस्सा अछि।

मुदा ई मात्र विश्रामक राति नहि होइत अछि। कतहु केओ अपन संगति सभक संग अगिला दिनक पड़ावक चर्चा करैत अछि। केओ पयरक फफोला पर मरहम लगबैत अछि। केओ थाकल संगी तेल सं मालिश करैत अछि। केओ भोजन बांटैत अछि। कतहु कोनो वृद्ध कांवरिया युवा यात्री कें अपन पुरान अनुभव सुनबैत छथि। कतहु पहिल बेर यात्रा पर निकलल युवक चुपचाप सभ किछु देखैत रहैत अछि। आ कतहु केओ धरती पर माथ रखिते एहन गहींर निद्रा मे चलि जाइत अछि जे ओकरा लेल वएह स्थान संसारक सभ सं आरामदायक बिछौना भए जाइत अछि।

एतहि श्रावणी पथक सब सं सुंदर दृश्य देखाइ पड़ैत अछि। हजारो लोक एकहि खुलल आकाशक नीचां विश्राम करैत छथि। अधिकांश एक-दोसर कें जनितो नहि छथि। ने कोनो परिचय, ने कोनो नातेदारी। तैयो व्यवस्था बनल रहैत अछि। केओ दोसरक कांवरक मयार्दा राखैत अछि। केओ दोसरक विश्राम-स्थल मे अनावश्यक हस्तक्षेप नहि करैत अछि। केओ दोसरक आवश्यकता बुझि स्वयं पाछां हटि जाइत अछि। ई व्यवस्था मात्र प्रशासन अथवा शिविर सं नहि बनैत अछि। ई ओहि संस्कार सं बनैत अछि जे पीढ़ी-दर-पीढ़ी एहि यात्राक संग चलि रहल अछि। श्रावणी पथ पर किछु व्यवस्था बांस, रस्सी आ तिरपाल सं बनैत अछि, मुदा किछु व्यवस्था मनुष्यक भीतर बसल अनुशासन, संयम आ मयार्दा सं निर्मित होइत अछि। जतय दीवार नहि होइत अछि, ततय मयार्दा स्वयं दीवार बनि जाइत अछि। जतय ताला नहि होइत अछि, ततय विश्वास पहरेदार बनि जाइत अछि। आ जतय केओ दोसर पर अधिकार नहि जतबैत अछि, ततय सभ एक-दोसर लेल स्थान छोड़ि दैत छथि।

धीरे-धीरे राति आरो गहींर होइत जाइत अछि। ऊपर आकाश पसरल अछि, नीचां धरती स्थिर अछि। दुनूक बीच पड़ल मनुष्य किछु काल लेल अपन बनाओल संसार सं बाहर आबि जाइत अछि। घरक चिंता, पदक अहंकार, धनक मोह आ सुविधाक आकर्षण किछु घंटाक लेल दूर छूटि जाइत अछि। शरीर थाकल होइत अछि, मुदा मोन हलुक। संभवतः यात्राक सब सं पैघ विश्राम इएह अछि।

श्रावणी पथक पहिल राति एहि लेल मात्र विश्राम नहि दैत अछि, ओ मनुष्य कें ओकर वास्तविक आवश्यकताक परिचय करबैत अछि। ओ सिखबैत अछि जे जीवनक सुख वस्तुक विस्तार मे नहि, मोनक हलुक होयब मे अछि। जखन धरा बिछौना बनि जाइत अछि आ आकाश चद्दरि, तखन मनुष्य बुझए लगैत अछि जे आवश्यकता बहुत छोट अछि, इच्छे ओकरा पैघ बनबैत अछि।मुदा यात्राक स्वभाव ठहरब नहि अछि। भोरक संग धरती फेर पथ बनत। कन्हा पर कांवर फेर उठत। साओनक हवा फेर यात्रिक संग चलत। आ तखन यात्राक एकटा नव दृश्य सामने आएत - चारूकात बरखा सं धुलल हरितीमा होएत। ओहि हरितीमाक बीच दूर-दूर धरि बढ़ैत गेरुआ वस्त्रक एकटा अखंड धारा होएत।

**एक प्रकृतिक रंग।**
**दोसर संकल्पक।**
**दू रंग।**
**एक यात्रा।**
**बोल बम।**

# ढाकाक राजनीति आ भारत-बांग्लादेश संबंधक नव परीक्षा

ललित

बांग्लादेश मे पूर्व प्रधानमंत्री शेख हसीनाक दिसंबर 2026 मे स्वदेश लौटबाक घोषणा मात्र एकटा राजनीतिक वक्तव्य नहि, बल्कि दक्षिण एशियाक बदलैत भू-राजनीति, लोकतांत्रिक मूल्य आ भारत-बांग्लादेश संबंधक दिशा तय कएनिहार महत्वपूर्ण घटनाक्रम बनि गेल अछि। जखन बांग्लादेश राजनीतिक सत्तापरिवर्तन, वैचारिक ध्रुवीकरण आ संस्थागत अस्थिरताक दौर सं गुजरि रहल अछि, तखन शेख हसीनाक ई घोषणा राजनीतिक विमर्श कें नव मोड़ पर आनि देने अछि। हुनकर ई कथन जे गिरफ्तारी, जेल अथवा मृत्यु कें भय सेहो हुनका स्वदेश लौटबा सं रोकि नहि सकत, समर्थक लेल भावनात्मक आह्वान अछि, तं विरोधीक लेल पैघ राजनीतिक चुनौती।



बांग्लादेश मे सत्तापरिवर्तनक बाद लोकतांत्रिक संस्थाक निष्पक्षता आ राजनीतिक सहिष्णुतापर निरंतर प्रश्न उठैत रहल अछि। अंतरराष्ट्रीय अपराध न्यायाधिकरण द्वारा शेख हसीना विरुद्ध देल गेल फैसला आ हुनकर समर्थक सभ पर बढ़ैत कारबाइ सं ई संकेत भेटैत अछि जे राजनीतिक प्रतिस्पर्धा धीरे-धीरे प्रतिशोधक राजनीति मे बदलि रहल अछि। हालहि मे हुनकर प्रेस कॉन्फ्रेन्स मे सहभागी पूर्व क्रिकेट कप्तान साकिब अल हसनक घर पर भेल हमला सेहो देखबैत अछि जे राजनीतिक असहमति आब सामाजिक तनावक रूप लए रहल अछि। दोसर दिस, प्रधानमंत्री तारिक रहमानक निकट सहयोगी द्वारा शेख हसीना कें तुरंत लौटि कए सामना करबाक चुनौती देब सेहो बतबैत अछि जे बांग्लादेशक राजनीतिक वातावरण एखन सामान्य नहि भेल अछि।

लोकतंत्र मे कोनो दल अथवा नेता सं असहमति स्वाभाविक अछि, मुदा असहमतिक समाधान न्यायपूर्ण राजनीतिक प्रक्रिया आ स्वतंत्र संस्थाक माध्यम सं होयबाक चाही। जं कोनो लोकप्रिय नेताक उत्तर प्रतिबंध, दमन अथवा भयक वातावरण सं देल जाए, तं लोकतंत्रक आत्मा कमजोर होइत अछि। एहि कारणें शेख हसीनाक वापसी कें मात्र एकटा व्यक्तिक वापसी नहि, बल्कि लोकतांत्रिक प्रतिस्पर्धाक परीक्षाक रूप मे देखबाक चाही। जं अवामी लीग कें राजनीतिक प्रक्रिया सं बाहर रखबाक प्रयास होइत अछि, तं बांग्लादेशक लोकतांत्रिक विश्वसनीयतापर गंभीर प्रश्न उठत।

बांग्लादेशक राजनीति आब मात्र अवामी लीग आ बांग्लादेश नेशनलिस्ट पार्टी (बीएनपी) बीचक सत्तासंघर्ष धरि सीमित नहि रहल। ई संघर्ष आब राष्ट्रक ऐतिहासिक पहिचान, 1971 केर मुक्ति संग्रामक विरासत आ भविष्यक वैचारिक दिशा सं सेहो जुड़ि गेल अछि। अवामी लीग स्वयं कें मुक्ति संग्रामक मूल चेतनाक प्रतिनिधि मानैत अछि, तं बीएनपी सेहो एहि विरासत पर अपन दाबी प्रस्तुत करैत अछि। इतिहासक एहि प्रतिस्पर्धी व्याख्या सं राजनीतिक ध्रुवीकरण आरो गहींर भेल अछि। एहि परिस्थिति मे शेख हसीनाक वापसी राजनीतिक समीकरणक संग राष्ट्रीय विमर्शक दिशा कें सेहो प्रभावित कए सकैत अछि। एहि समस्त परिस्थिति मे भारतक भूमिका अत्यंत महत्वपूर्ण भए जाइत अछि। भारत-बांग्लादेश संबंध मात्र दू पड़ोसी देशक संबंध नहि, बल्कि साझा इतिहास, संस्कृति, भाषा, आर्थिक सहयोग आ सामरिक हितपर आधारित अछि। पछिला डेढ़ दशक मे दुनू देशक संबंध मे उल्लेखनीय निकटता आयल, जाहि मे शेख हसीना सरकार आ नयी दिल्लीक बीचक विश्वासक महत्वपूर्ण भूमिका रहल। सीमा विवादक समाधान, ऊर्जा सहयोग, संपर्क परियोजना, आतंकवाद विरोधी कारबाइ आ पूर्वोत्तर भारतक कनेक्टिविटी जेकां क्षेत्र मे उल्लेखनीय प्रगति भेल।

मुदा वर्तमान राजनीतिक परिवर्तन एहि विश्वासक नव परीक्षा शुरू कए देने अछि। भारत एक दिस शेख हसीना कें सुरक्षा आ आश्रय देने अछि, तं दोसर दिस ढाकाक नव सरकार सं संवाद सेहो जारी रखने अछि। भारतक चुनौती कोनो एक दलक पक्ष मे ठाढ़ देखायब नहि, बल्कि संपूर्ण बांग्लादेश सं स्थायी आ संतुलित संबंध कायम राखब अछि।

एहि संदर्भ मे नयी दिल्ली मे प्रस्तावित बारहम ब्रिक्स शिखर सम्मेलन महत्वपूर्ण अवसर बनि सकैत अछि। जं बांग्लादेशक प्रधानमंत्री तारिक रहमान एहि मे सहभागी होइत छथि आ भारतक शीर्ष नेतृत्व सं सकारात्मक संवाद करैत छथि, तं हालक तनाव कम करबाक बाट खुलि सकैत अछि। एहि अवसर कें मात्र आर्थिक सहयोग धरि सीमित नहि राखि क्षेत्रीय स्थिरता, लोकतांत्रिक मूल्य आ सुरक्षा सहयोग पर सेहो स्पष्ट संवाद होयबाक चाही।

आगू भारतक समक्ष गंगा जल संधिक नवीनीकरण, तीस्ता जल-वितरण, सीमा-पार व्यापार, अवैध घुसपैठ, सीमा सुरक्षा आ शेख हसीनाक प्रत्यर्पण सन जटिल प्रश्न रहत। एहि सभ मामिला मे भावनात्मक प्रतिक्रिया सं बेसी कानूनी, कूटनीतिक आ व्यावहारिक दृष्टिकोण आवश्यक अछि। विशेष रूप सं प्रत्यर्पणक प्रश्न अंतरराष्ट्रीय कानून, संधि आ राजनीतिक परिस्थिति सं सेहो जुड़ल अछि। भारत कें अपन कानूनी प्रक्रिया आ रणनीतिक हितक बीच संतुलन बनबैत आगू बढ़ए पड़त।

दोसर दिस बांग्लादेश मे चीनक बढ़ैत प्रभाव सेहो भारत लेल चिंताक विषय अछि। ढाका चीनक संग बढ़ैत संपर्क आ सामरिक महत्वक परियोजनाक माध्यम सं अपन विदेश नीति मे संतुलन साधबाक प्रयास करैत देखाइत अछि। भारत लेल आवश्यक अछि जे प्रतिस्पर्धाक मानसिकताक बदला विश्वास आ विकासक साझेदारी कें प्राथमिकता दैक। आर्थिक सहयोग, निवेश, आधारभूत संरचना, शिक्षा, स्वास्थ्य आ तकनीकी साझेदारीक नव अवसर दुनू देशक संबंध कें आरो मजबूत कए सकैत अछि।

# एआइ बदलि रहल अछि पंजाबक राजनीतिक प्रचार

चित्तलीन

पंजाब मे राजनीतिक प्रचारक तरीका तेजी सं बदलि रहल अछि। एआइ सं बनल वीडियो आब चुनावी प्रचारक नव हथियार बनि गेल अछि। एहि वीडियो सभ मे राजनीतिक विरोधीक उपहास, पुरान विवाद कें फेर उठेबाक प्रयास आ काल्पनिक संवादक माध्यम सं राजनीतिक नैरेटिव तैयार कएल जा रहल अछि। वास्तविक समाचार फुटेजक संग एआइ सं बनल दृश्य आ नकल कएल आवाज जोड़ि देला सं नकली कथा सेहो वास्तविक जकां प्रतीत होमए लगैत अछि।

हाल मे कांग्रेस नेता सुखपाल सिंह खैरा कें निशाना बनबैत एआइ सं बनल एकटा वीडियो सामने आयल, जाहि पर खैराक आपत्ति छल जे ई मानहानिकारक आ अपमानजनक अछि। ओ वीडियो हटेबाक आ एकरा बनौनिहार गुमनाम अकाउंटसभक पहचान करबाक मांग कएलनि। एहि मामिला पर चंडीगढ़ जिला अदालत मेटा प्लेटफार्म कें नोटिस सेहो जारी कएलक।

सत्तारूढ़ आम आदमी पार्टी आ ओकर समर्थक एआइ केर उपयोग दू प्रकारें करैत देखाइत छथि। एक दिस भगवंत मान सरकारक कल्याणकारी योजना आ उपलब्धिक प्रचार लेल भावनात्मक कथा तैयार कएल जा रहल अछि। उदाहरणस्वरूप, प्रतिमास 1,000 टाकाक आर्थिक सहायता सं लाभान्वित एक युवतीक काल्पनिक जीवनकथा देखाओल गेल अछि। दोसर दिस विपक्षी नेता सभ पर व्यक्तिगत प्रहार कएनिहार वीडियो सभ सेहो बनि रहल अछि।

आप समर्थित सामग्री मे सुखबीर सिंह बादल, हरसिमरत कौर बादल आ बिक्रम सिंह मजीठिया कें निशाना बनाओल गेल अछि। काल्पनिक बात, व्यंग्य आ बढ़ा-चढ़ा कए बनाओल परिस्थितिक माध्यम सं हुनकर राजनीतिक छवि कमजोर करबाक प्रयास कएल गेल अछि। किछु वीडियो मे अकाल तख्त सन धार्मिक संस्था कें सेहो काल्पनिक राजनीतिक कथाक हिस्सा बनाओल गेल अछि।

दोसर दिस एसएडी सेहो एआइ केर माध्यम सं



मुख्यमंत्री भगवंत मान कें निशाना बना रहल अछि। किछु वीडियो मे हुनका काल्पनिक बात करैत, मदिरा सेवन करैत अथवा राजनीतिक संकट सं घबराइत देखाओल गेल अछि। 2015 केर बेअदबी मामिलाक जांच, परीक्षा-पत्र लीक आ सरकारक अन्य विवाद कें सेहो एआइ-निर्मित काल्पनिक कथाक रूप देल गेल अछि। वास्तविक समाचार फुटेजक संग एहि काल्पनिक दृश्य कें जोड़लाक कारण सामग्री असली जकां प्रतीत होइत अछि। बीजेपीक रणनीति किछु अलग देखाइत अछि। पार्टी शासन सं जुड़ल विवाद आ समाचार घटना कें सिनेमाई राजनीतिक कथाक रूप मे प्रस्तुत करैत अछि। बरनाला मे पुलिस कारबाइ, परीक्षा-पत्र लीक आ सरकारक आम लोक सं दूरी सन मुद्दा कें एआइ दृश्य आ प्रतीकक माध्यम सं प्रभावशाली ढंग सं देखेबाक प्रयास कएल गेल अछि। कांग्रेस सेहो एहि डिजिटल मोकाबला सं अलग नहि अछि। ओकर आंतरिक मतभेद, विशेषतः चरणजीत सिंह चन्नी आ अमरिंदर सिंह राजा वडिंगक बीच कथित तनाव कें एआइ सामग्रीक माध्यम सं बढ़ा-चढ़ा कए प्रस्तुत कएल गेल अछि। राजनीतिक संचार विशेषज्ञ सभक अनुसार चुनावी प्रचार आब नव चरण मे प्रवेश कए गेल अछि। एआइ हास्य, सिनेमा, पैरोडी, वास्तविक फुटेज आ नकल कएल आवाज कें एक संग जोड़ि एहन राजनीतिक कथा तैयार कए सकैत अछि जे सोशल मीडिया पर तेजी सं पसरैत अछि। मुदा एहि तकनीकक सब सं पैघ चुनौती ई अछि जे दर्शक लेल वास्तविक समाचार आ एआइ सं बनल काल्पनिक सामग्रीक बीच अंतर करब कठिन होइत जा रहल अछि।

# के बनत भारतीय राजनीतिक अगिला किंगमेकर ?

किशन सनमुखदास भावनानी

वैश्विक स्तर पर 9 अगस्त 2026 केर स्थिति कें आधार मानि देखल जाए तं भारतक राजनीति मे एकटा पीढ़ीगत परिवर्तन देखाइ पड़ि रहल अछि, जाहि कें आब मात्र युवा मतदाता कहि टारब संभव नहि। जेन-जेड सामान्यतः 1997 सं 2012 केर बीच जन्मल पीढ़ी मानल जाइत अछि। एकर राजनीतिक व्यवहार परंपरागत राजनीतिक निष्ठा, जातीय समीकरण आ दलगत पहिचान सं आगू बढ़ि रोजगार, शिक्षा, पारदर्शिता, परीक्षा-व्यवस्था, डिजिटल स्वतंत्रता आ जवाबदेही जेकां प्रत्यक्ष मुद्दा सं जुड़ल देखाइ पड़ैत अछि।

हालांकि, एकटा महत्वपूर्ण सावधानी आवश्यक अछि। जेन-जेड कोनो आधिकारिक चुनावी श्रेणी नहि अछि आ एकर आयु-सीमा पर सेहो पूर्ण सहमति नहि अछि। तें भारत मे एकर मतदाताक सटीक संख्या बतएबाक बदला आयु-वर्ग आ मतदाता-आंकड़ाक आधार पर अनुमान लगेनाइ बेसी वैज्ञानिक होयत। 2026 मे परीक्षा-पत्र लीक आ परीक्षा-व्यवस्थाक विरुद्ध भेल युवा आंदोलन एहि परिवर्तन कें असाधारण रूप सं सामने अनलक। हजारो-लाखो युवाक असंतोष मात्र एकटा परीक्षा अथवा प्रशासनिक निर्णय धरि सीमित नहि रहल, बल्कि मेहनतक निष्पक्ष परिणाम, व्यवस्थाक जवाबदेही आ भविष्यक सुरक्षा जेकां व्यापक प्रश्न राजनीतिक विमर्शक हिस्सा बनि गेल।

आगामी विधानसभा चुनाव सभ - उत्तर प्रदेश, गुजरात, पंजाब, उत्तराखंड, हिमाचल प्रदेश आदि मे जेन-जेडक स्थिति आ ओकर लगभग 5 प्रतिशत मत राजनीतिक गणित कें प्रभावित कए सकैत अछि। जुलाई 2026 मे युवा प्रदर्शनकारी सभ परीक्षा-पत्र लीकक मुद्दा पर शिक्षा मंत्रीक इस्तीफाक मांग केने छलाह आ सरकारक संग बातचीत सेहो भेल छल।

एहि घटनाक्रम कें मात्र भारत धरि सीमित कए देखनाइ पर्याप्त नहि होयत। दक्षिण एशियाक तीन पड़ोसी देश श्रीलंका, बांग्लादेश आ नेपाल मे पछिला किछु वर्षक युवा-प्रधान जनआंदोलन सत्ताक स्थिरताक लेल चुनौती बनल। श्रीलंका मे 2022 केर व्यापक जनआंदोलन राष्ट्रपति गोटाबाया राजपक्षे कें सत्ता छोड़बाक स्थिति धरि पहुंचा देलक। बांग्लादेश मे 2024 केर छात्र-नेतृत्व बला आंदोलन प्रधानमंत्री



शेख हसीनाक सरकार कें खसल देलक। नेपाल मे सितंबर 2025 मे भ्रष्टाचार, राजनीतिक विशेषाधिकार आ सोशल-मीडिया प्रतिबंधक विरोध मे शुरू भेल युवा आंदोलन प्रधानमंत्री के.पी. शर्मा ओलीक इस्तीफाक बाट खोललक।

तीनू घटनाक परिस्थिति अलग-अलग छल आ सभ कें एक्के बेर जेन-जेड क्रांति कहनाइ अतिसरलीकरण होयत, मुदा एकटा साझा संदेश स्पष्ट अछि–डिजिटल रूप सं संगठित युवा असंतोष आब राजनीतिक सत्ता कें चुनौती देबाक क्षमता रखैत अछि।

एतहि भारतीय प्रधानमंत्रीक सोशल-मीडिया रणनीति मे देखाइ पड़ैत बदलाव महत्वपूर्ण भए जाइत अछि। राजनीति मे बहुत दिन धरि संदेश भाषण, रैली, टेलीविजन आ संगठित कार्यकर्ता नेटवर्कक माध्यम सं लोक धरि पहुंचैत छल। मुदा आब इंस्टाग्राम रील, यूट्यूब शॉर्ट्स, छोट वीडियो, मीम-संस्कृति आ प्रत्यक्ष डिजिटल संवाद राजनीतिक भाषाक हिस्सा बनि गेल अछि। मोदी आ भाजपा सं जुड़ल डिजिटल संचार मे युवाक अनुकूल छोट आ बेसी अनौपचारिक प्रारूप पर ध्यान बढ़ेबाक चर्चा अछि। एकरा मात्र परीक्षा आंदोलनक प्रतिक्रिया माननाइ एखन जल्दबाजी होयत; ई व्यापक डिजिटल राजनीतिक परिवर्तनक हिस्सा सेहो अछि। दोसर दिस विपक्षी नेता सभ सेहो जेन-जेडक संग अपेक्षाकृत अनौपचारिक डिजिटल संवादक बाट अपना रहल छथि। सोशल-मीडिया संवाद मे राजनीति संग फिटनेस, व्यक्तिगत अनुभव, युवा भाषा आ सीधा संवाद कें जोड़ल जा रहल अछि। 2025 मे आधिकारिक डिजिटल संवाद मे जेन-जेडक राजनीतिक ऊर्जाक चर्चा सेहो भेल छल। अगस्त 2026 मे फिटनेस सं संबंधित पोस्ट कें सेहो जेन-जेड सं जुड़बाक रणनीति रूप मे देखल गेल। एहि प्रकार भारतक एकटा पैघ स्वयंसेवी संस्थाक सर संघचालक द्वारा जेन-जेड सं संवाद आ युवा आंदोलन कें बुझबाक आवश्यकता पर देल गेल जोर सेहो देखबैत अछि जे ई परिवर्तन मात्र चुनावी दल धरि सीमित नहि अछि। एकर व्यापक राजनीतिक अर्थ ई अछि जे भारतीय राजनीतिक पारंपरिक संस्था सभ आब बुझि रहल छथि जे नव पीढ़ी कें मात्र भाषण दए कए प्रभावित नहि कएल जा सकैत अछि; ओकर प्रश्नक सटीक उत्तर सेहो देबय पड़त।

# जेन-जीक असरि, संवाद आ सुधारक पहल? सीधे छात्र सभ सं भेंट करताह मुख्यमंत्री, मंत्री, सांसद आ विधायक

जेन-जीक बढ़ैत सक्रियता सरकार कें आब नवका तरहे सोचबा लेल मजबूर कए देलक अछि। जेन-जी सरकार कें सतर्क कए देलक अछि जे हुनकर बात सुनने बिना कोनो नीति लागू करब जोखिमपूर्ण भए सकैत अछि। एहि परिस्थिति मे बिहार सरकार जेन-जी आ युवा सभक शिक्षा, परीक्षा प्रणाली आ हुनकर समस्या सभक समाधान लेल प्रत्यक्ष संवाद आ सुधारक नव पहल शुरू कएलक अछि। एकर अंतर्गत मुख्यमंत्री, मंत्री आ अधिकारी सीधे छात्र सभ सं भेटताह। बिहार सरकार जेन-जी आ छात्र सभ सं प्रत्यक्ष संवाद स्थापित करबाक निर्णय लेने अछि। मुख्यमंत्री, मंत्री, सांसद, विधायक आ अधिकारी सीधे छात्र सभक बीच जा कए हुनकर समस्या सुनताह।

**एआईक उपयोग पर विशेष जोर देल गेल**

सम्राट सरकार परीक्षा सभ कें पारदर्शी, निष्पक्ष आ आधुनिक बनेबाक लेल तकनीक आ एआईक उपयोग पर विशेष जोर दए रहल अछि। ओतहि, छात्र सभ सं प्रत्यक्ष संवाद आ हुनकर सहायता लेल संबंधित विभाग सभ मे अलग निदेशालय बनाओल जा रहल अछि।

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी रविदिन घोषणा कएलनि जे राज्यक सभ स्कूल आ कॉलेज मे मंत्री, विधायक, सांसद आ जिलाधिकारी कें पठाओल जायत।

ओ छात्र सभ सं प्रत्यक्ष संवाद कए हुनकर समस्या सुनताह आ सुझाव प्राप्त करताह। सम्राट सरकारक एहि योजनाक अंतर्गत छात्र सभ सं भेटल सभ सुझाव आ समस्या कें एकटा विशेष डिजिटल पोर्टल पर अपलोड कएल जायत। पोर्टल पर दर्ज प्रत्येक समस्या केर समाधान 30 दिनक भीतर करब अनिवार्य होयत।

जं निर्धारित समय अर्थात 30 दिनक भीतर समस्या सभक समाधान नहि होइत अछि, तं एहन स्थिति मे मुख्यमंत्री स्तर पर छात्र सभ लेल मास मे एक बेर सहयोग शिविरक आयोजन कएल जायत। दरअसल, सरकारक सोच मे



आयल ई बदलाव आगू आबि रहल समय लेल महत्वपूर्ण मोड़ मानल जा रहल अछि।

परीक्षा मे कथित गड़बड़ी आ पारदर्शिताक मांग लए छात्र सभक सड़क पर उतरब आब मात्र कोनो एकटा परीक्षा धरि सीमित विषय नहि रहल अछि। किएक तं आइक छात्र मात्र नौकरीक रिक्तिक विषय मे नहि पूछैत अछि। ओ ई सेहो जानय चाहैत अछि जे परीक्षा कखन होयत, प्रक्रिया कतेक पारदर्शी रहत, प्रश्नपत्र सुरक्षित रहत वा नहि आ परिणाम समय पर आयत वा नहि। सोशल मीडिया छात्र सभक शिकायत कें स्थानीय स्तर सं निकालि राज्य आ राष्ट्रीय बहसक हिस्सा बना देने अछि। एहि कारण परीक्षा सुधार मे एआई आ तकनीकक चर्चा मात्र तकनीकी बदलाव नहि अछि, बल्कि सरकार लेल ई एकटा राजनीतिक संदेश सेहो अछि जे भर्ती आ परीक्षा व्यवस्था कें आरो पारदर्शी आ आधुनिक बनाओल जायत।

जखनकि ई सेहो सत्य अछि जे घोषणा बहुत होइत अछि, मुदा एहि संदेशक वास्तविक परीक्षा घोषणा सं बेसी ओकर धरातल पर क्रियान्वयन मे होयत। उल्लेखनीय अछि जे दिल्लीक जंतर-मंतर पर छात्र आंदोलन समाप्त भेलाक बाद आब छात्र आ परीक्षा व्यवस्थाक विषय बिहारक राजनीतिक विमर्श मे तेजी सं स्थान बना रहल अछि।

एहि माहौलक बीच बिहारक सम्राट चौधरी सरकार छात्र सभ कें लए चारिटा पैघ घोषणा केने अछि। गुणवत्तापूर्ण शिक्षा लेल विशेष समिति, परीक्षा सुधार समिति, विशेष सहयोग शिविर आ छात्र कल्याण लेल अलग निदेशालयक पहल सरकारक दिस सं कएल गेल अछि। एहि घोषणा सभ कें मात्र शिक्षा विभागक सामान्य कवायदक रूप मे देखब संभवतः पूरा तस्वीर नहि होयत।

दरअसल, पेपर लीक, परीक्षा मे पारदर्शिता आ सरकारी नौकरीक चिंताक संग संघर्ष कएनिहार जेन-जीक बीच सरकार सीधे छात्र सभ कें अपन विमर्शक केंद्र मे आनबाक प्रयास केने अछि। विशेष बात ई अछि जे सम्राट चौधरी सरकार एहन समय मे ई पहल केने अछि जखन देश पेपर लीक जेकां समस्या सभ सं जूझि रहल अछि। सम्राट चौधरी रविदिन अपन एक्स हैंडल पर पोस्ट कए एहि चारू घोषणा सभक उल्लेख कएलनि।

# यूपी चुनाव सं पहिने मायावतीक 'जेन-जी' पर दांव

## बेरोजगारी आ पेपर लीकक मुद्दा पर सरकार कें घेरलनि

विधानसभा चुनाव लेल सोशल इंजीनियरिंगक ताना-बाना बुनि रहल मायावती आब जेन-जी कें अपन राजनीतिक एजेंडाक केंद्र मे आनबाक प्रयास शुरू केने छथि। जंतर-मंतर पर बेरोजगारी कें लए भेल युवा आंदोलनक हवाला दैत ओ केंद्र आ राज्य सरकार सभ सं शीघ्र पेपर लीकमुक्त आ भ्रष्टाचारमुक्त भर्ती प्रक्रिया शुरू करबाक मांग कएलनि।



**बसपा प्रमुख सोमदिन 'एक्स' पर पोस्ट केलीह**

बसपा प्रमुख सोमदिन 'एक्स' पर पोस्ट कए 'हर हाथ कें काज' क मांग कें सामाजिक न्याय संग जोड़लनि। ओ कहलनि जे एक परिवारक एक सदस्य कें सेहो सरकारी नौकरी भेटला सं पूरा परिवारक आर्थिक स्थिति बदलि सकैत अछि। सरकारी भर्ती सभ मे एससी, एसटी आ ओबीसी वर्ग कें आरक्षणक लाभ भेटला सं एहि वर्ग सभ कें सामाजिक आ आर्थिक सुरक्षा भेटि सकैत अछि। स्पष्ट अछि जे जेन-जी कें लए भाजपा, सपा आ कांग्रेसक सक्रियताक बीच बसपा सेहो पाछां नहि रहय चाहैत अछि।

नीट पेपर लीकक मुद्दा पर बीतल दिन सभ मे दिल्लीक जंतर-मंतर पर भेल प्रदर्शन कें लए सपा आ कांग्रेस सरकार पर लगातार हमला कए रहल अछि। जखनकि एहि सं पहिने बसपा प्रमुख राजनीतिक दल सभ कें एहि मुद्दा पर राजनीति नहि करबाक सलाह दैत संतुलित प्रतिक्रिया देने छलीह। एहन परिस्थिति मे मायावतीक एहि मुद्दा पर मुखर होयब विपक्षी राजनीति मे बसपाक अलग पहचान बनेबाक प्रयासक रूप मे देखल जा रहल अछि। बसपा प्रमुख सोमदिन 'एक्स' पर लिखलनि जे बसपा अपन शासनकाल मे सवा दू लाख सरकारी नौकरी देने छल। ओ कहलनि जे शिक्षित युवा सभ जंतर-मंतरक आंदोलनक माध्यम सं बेरोजगारी, पेपर लीक आ भर्तीक मुद्दा सभ कें गंभीर राष्ट्रीय बहसक विषय बना देने छथि। एहि मुद्दाक कारण देशक शिक्षा मंत्री कें सेहो अपन पद छोड़य पड़ल। मायावती केंद्र आ राज्य सरकार सभ सं मांग कएलनि जे राष्ट्रीय संपत्ति सभ कें निजी हाथ मे बेचब बंद कएल जाए आ सरकारी भर्ती प्रक्रिया तेज कएल जाए। ओ कहलनि जे एहि सं एससी, एसटी आ ओबीसी समाज कें ओ सुरक्षा भेटत, जे आरक्षण कें निष्प्रभावी आ निष्क्रिय बनेबाक कारण नहि भेटि रहल अछि। बसपा प्रमुख संसदक वर्तमान सत्र मे जारी गतिरोध समाप्त करबाक मांग सेहो कएलनि। राजनीतिक विश्लेषक सभक अनुसार मायावती युवा सभक मुद्दा कें अपन परंपरागत दलित आधार संग जोड़बाक प्रयास कए रहल छथि। मुदा एकर सफलता एहि बात पर निर्भर करत जे ओ अपन संगठन आ राजनीतिक संदेश कें युवा सभ धरि कतेक प्रभावी ढंग सं पहुंचा पबैत छथि।

# यूपी चुनाव लेल तैयार अछि चिराग पासवानक पार्टी

## अमित शाह सं सीट शेयरिंग पर भेल चर्चा?



**चिरागक पार्टी पहिनहिं केने छल असगर चुनाव लड़बाक घोषणा**

उत्तर प्रदेश मे होमय बला विधानसभा चुनाव कें लए सभ राजनीतिक दल अपन-अपन तैयारी मे जुटल अछि। एहि बीच लोक जनशक्ति पार्टी (रामविलास)क जमुई सांसद आ उत्तर प्रदेश प्रभारी अरुण भारती आइ केंद्रीय गृह मंत्री अमित शाह सं भेंट कएलनि। दूनू नेता बीच विभिन्न राजनीतिक मुद्दा पर चर्चा भेल। सूत्र सभक अनुसार, एहि भेंटक दौरान उत्तर प्रदेशक वर्तमान राजनीतिक गतिविधि आ आगामी विधानसभा चुनाव कें लए सेहो विचार-विमर्श भेल। सूत्रक मानल जाए तं अमित शाह उत्तर प्रदेश मे लोक जनशक्ति पार्टीक दिस सं चलाओल जा रहल 'पंडित-पासी-पासवान' नाराक सराहना कएलनि। उल्लेखनीय अछि जे केंद्रीय मंत्री चिराग पासवानक पार्टी एखन उत्तर प्रदेश मे अपन राजनीतिक सक्रियता बढ़ाबय मे जुटल अछि आ 2027क विधानसभा चुनावक तैयारी कए रहल अछि।

लोक जनशक्ति पार्टी शुरूआती चरण मे 2027क उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव एकसर लड़बाक घोषणा केने छल। पार्टी लगातार संगठनक विस्तार आ विभिन्न सामाजिक वर्ग सभक बीच अपन पकड़ मजबूत बनेबाक प्रयास कए रहल अछि। एहन स्थिति मे अरुण भारतीक अमित शाह सं भेंट आ उत्तर प्रदेश मे पार्टीक सक्रियता पर भेल चर्चाक विभिन्न राजनीतिक अर्थ निकालल जा रहल अछि।

### सीट शेयरिंगक संभावना पर सेहो तेज भेल चर्चा

एहि भेंटक बाद राजनीतिक गलियारा मे ई चर्चा तेज भए गेल अछि जे भाजपा आ लोक जनशक्ति पार्टी बीच 2027क उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव कें लए सीट शेयरिंग पर आगू बातचीत भए सकैत अछि। जखनकि एखन धरि एकरा लए कोनो आधिकारिक घोषणा नहि भेल अछि। मुदा उत्तर प्रदेश मे एलजेपीक बढ़ैत सक्रियताक बीच अमित शाह आ अरुण भारतीक भेंट कें आगामी विधानसभा चुनाव सं पहिने एनडीएक भीतर संभावित राजनीतिक तालमेलक संकेतक रूप मे देखल जा रहल अछि।

# राजद मे सेहो बनत 'मार्गदर्शक मंडल'! नव टीम कें लए तेजस्वी शुरू कएलनि तैयारी

बांकीपुर विधानसभा उपचुनाव मे राष्ट्रीय जनता दल (राजद) कें भेटल करारी हारक बाद पार्टीक भीतर संगठन कें नव सिरा सं ठाढ़ करबाक कवायद तेज भए गेल अछि। पार्टी बिहार मे प्रदेश सं लए पंचायत स्तर धरि सभ समिति सभ कें भंग कए देने अछि। आब सभक नजरि एहि बात पर टिकल अछि जे कार्यकारी अध्यक्ष तेजस्वी यादव नव टीम मे किनका-किनका स्थान दैत छथि आ संगठनक कमान कोन रूप मे फेर सं तय करैत छथि।

पार्टी सूत्र सभक अनुसार, नव टीमक गठन मे तेजस्वी यादव अनुभव आ युवा ऊर्जाक बीच संतुलन बनेबाक प्रयास कए सकैत छथि। लालू प्रसाद यादवक पुरान आ निकटस्थ नेता सभ कें संगठन मे महत्वपूर्ण जिम्मेदारी देल जाएबाक संभावना अछि। मानल जा रहल अछि जे पार्टीक कठिन समय मे संग ठाढ़ रहल वरिष्ठ नेता सभक अनुभवक उपयोग संगठन कें मजबूत बनाबय मे कएल जायत।

### राजद मे सेहो बनत 'मार्गदर्शक मंडल'!

ओतहि, जाहि नेता सभक कोनो प्रभावी विकल्प नहि अछि, हुनका सभ कें हुनकर उमेर आ भूमिकाक अनुरूप जिम्मेदारी दए सम्मान बना राखबाक रणनीति अपनाओल जा सकैत अछि। एकरा संगहि तेजस्वी यादव अपन विश्वस्त आ निकटस्थ नेता सभ कें सेहो संगठन मे महत्वपूर्ण स्थान देबाक विचार कए रहल छथि। युवा चेहरा सभ कें आगू आनबाक संग एहन कार्यकर्ता सभ कें सेहो जिम्मेदारी भेटबाक संभावना अछि, जाहि सभक संगठन आ जमीनी राजनीति पर मजबूत पकड़ अछि। राजद लेल ई बदलाव एहि कारण सं सेहो महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि, किएक तं 2025क विधानसभा चुनाव मे पार्टी मात्र 25 सीट पर जीत दर्ज कए सकल छल। चुनावक बाद कतेको चर्चित नेता सभ पार्टी छोड़ि दोसर दलक रुख कए लेने छलाह, जाहि सं संगठन कें लए प्रश्न सेहो उठल। आब नव टीमक माध्यम सं पार्टी एहि चुनौती सभक समाधान खोजबाक प्रयास करत।



**की लालू फॉमूर्ला पर बनत तेजस्वीक टीम?**

ओतहि, बांकीपुर उपचुनावक परिणाम पार्टीक भीतरक मतभेद कें सेहो सतह पर आनि देने अछि। राजद विधायक भाई वीरेंद्र आ पार्टीक मुख्य प्रवक्ता शक्ति सिंह यादवक बीच जुबानी संघर्ष सं संगठनात्मक स्थिति पर चर्चा आरो तेज भए गेल अछि। एहन परिस्थिति मे नव समिति सभक गठन मात्र संगठनात्मक बदलाव नहि, बल्कि पार्टीक भीतर शक्ति संतुलनक दृष्टि सं सेहो महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि।

### बहिन रोहिणीक सलाह मानताह तेजस्वी?

एहि बीच लालू प्रसाद यादवक पुत्री रोहिणी आचार्य सेहो नव टीमक गठन कें लए अपन अपेक्षा व्यक्त केने छथि। ओ सोशल मीडिया मंच 'एक्स' पर लिखलनि जे पार्टीक इकाई सभ आ प्रकोष्ठ सभ कें भंग करबाक निर्णय बहुत पहिने लेल जाएबाक चाही छल। ओ आशा व्यक्त कएलनि जे नव इकाई सभक पुनर्गठन मे कट्टर लालूवादी, वर्षो सं निष्ठा आ समर्पणक संग पार्टी लेल काज कएनिहार कार्यकर्ता सभ, संगठनक समझ रखनिहार लोक आ जमीन सं जुड़ल संघर्षशील नेता सभ कें प्राथमिकता देल जायत।

रोहिणी ई सेहो कहलनि जे जमीन सं जुड़ल लोक सभ आ सामाजिक, आर्थिक तथा राजनीतिक रूप सं हाशिया पर ठाढ़ वर्ग सभ कें आगू आनब तथा कार्यकर्ता सभ कें उचित अवसर आ पद देब, लालू प्रसाद यादवक सदिखन प्राथमिकता रहल अछि। हुनक अनुसार, लालू प्रसादक सिद्धांत आ देखाओल मार्ग पर चलिकए राजद कें आरो मजबूत बनाओल जा सकैत अछि।

# बाबा कुशेश्वरनाथक दरबार मे उमड़ल आस्थाक सैलाब

## पुलिस-स्वयंसेवक सभ संभारलनि कमान

कुशेश्वरस्थान, समदिया

सावनक दोसर सोमवारी कें मिथिलाक देवघर कहल जाएबला बाबा कुशेश्वरनाथ मंदिर मे आस्थाक जनसैलाब उमड़ि पड़ल। एक लाख सं बेसी श्रद्धालु बाबा पर जलाभिषेक कए सुख-समृद्धिक कामनाकएलनि। मध्यराति सं शिवगंगा घाट पर स्नान करबाक लेल श्रद्धालु सभक भीड़ जुटय लागल छल आ घुमावदार घेराबंदी मे कतार लगि गेल छल।पट खुलिते गूंजल हर-हर महादेवभोर मे सरकारी पूजाक बाद करीब 2 बजे आम श्रद्धालु सभक लेल मंदिरक प्रवेश द्वार खोलल गेल। चंद्रकूप सं जल लए भक्त सभ अरघा मे जल, बेलपत्र आ पुष्प अर्पित कएलनि। गर्भगृह मे अरघा द्वारा जल अर्पणक व्यवस्था रहबाक कारण भीड़ मे धक्का-मुक्की नहि भेल। महिला आ पुरुष श्रद्धालु सभकलेल अलग-अलग कतारक व्यवस्था कएल गेल छल, जे हजारी हाउस



सं बस पड़ाव धरि पहुंचि गेल छल। सांझ मे बाबा केर श्रृंगार पूजा आ महाआरतीक बाद जलाभिषेकक समापन भेल। समस्तीपुर, खगड़िया, मधुबनी, सहरसा सहित नेपाल सं सेहो पैघ संख्या मे श्रद्धालु पहुंचल छलाह। भीड़क बादो दंडाधिकारीक अनुपस्थिति पर उठल प्रश्नभारी भीड़ कें देखैत प्रशासनक दिस सं सुरक्षा व्यवस्थाक पुख्ता इंतजामक दावा कएल गेल छल, मुदा धरातल पर स्थिति किछु अलग देखल गेल। जाहि चिन्हित स्थान सभ पर ड्यूटी लेल दंडाधिकारीकप्रतिनियुक्ति कएल गेल छल, ओहि मे किछु दंडाधिकारी अपन निर्धारित स्थान पर नहि भेटलाह। मंदिर परिसर, शिवगंगा घाट आ बाजार मे दंडाधिकारी सभक उपस्थिति नहि देखल गेल। हालांकि भोर करीब 7 बजे सं किछु दंडाधिकारी अपन ड्यूटी पर पहुंचि गेल छलाह। एहि स्थिति मे पुलिस पदाधिकारी आ नवनियुक्त 300 स्वयंसेवक सभ व्यवस्थाक कमान संभाललनि। स्वयंसेवक सभ बिल्ला आ टी-शर्ट पहिरि श्रद्धालु सभ कें कतार मे लगबैत रहलाह आ हुनका सभ कें मार्ग देखबैत रहलाह। राति सं उपस्थित रहली ग्रामीण एसपी ग्रामीण एसपी साक्षी कुमारी राति सं शिवनगरी मे मौजूद रहलनि। ओ मंदिर, शिवगंगा घाट आ चंद्रकूप धरि पुलिस पदाधिकारी सभ कें सुरक्षा व्यवस्थाक संबंध मे लगातार दिशा-निर्देश दैत रहलनि। न्याससमितिक अध्यक्ष सह एसडीओ शशांक राज, उपाध्यक्ष सह डीएसपी प्रभाकर तिवारी आ थानाध्यक्ष गौरव प्रसाद दिनभर व्यवस्थाक मोर्चा पर डटल रहलाह। सीसीटीवीक माध्यम सं सेहो लगातार निगरानी कएलजाइत रहल। प्रशासन व्यवस्था कें सफल बतौलक प्रशासनक दिस सं सावनक दोसर सोमवारीक व्यवस्था कें सफल बताओल गेल। मुदा स्थानीय लोक अगिला सोमवारी मे ड्यूटी पर प्रतिनियुक्त दंडाधिकारी सभ कें अपन जिम्मेदारीक निर्वहन सुनिश्चितकरबाक मांग कएलनि, जाहि सं पुलिस पर अतिरिक्त भार नहि पड़य। दंडाधिकारीक अनुपस्थितिक संबंध मे एसडीओ शशांक राज कहलनि जे जे दंडाधिकारी अपन ड्यूटी सं अनुपस्थित रहलाह, हुनका सं स्पष्टीकरण मांगल जायत आ हुनका विरुद्ध आवश्यक कारबाइ कएल जायत।

# राम जानकी माध्यमिक विद्यालय भवनक मेयर केलनि उद्घाटन



जनकपुरधाम, समदिया

जनकपुरधाम उपमहानगरपालिका वार्ड-7 स्थित राम जानकी माध्यमिक विद्यालय के नवनिर्मित भवन का उद्घाटन रवि कें जनकपुरधाम उपमहानगरपालिकाक मेयर मनोज कुमार साह कएलनि। उद्घाटनक अवसर पर मेयर साह कहलनि जे जनकपुरधाम उपमहानगरपालिका शिक्षा, स्वास्थ्य, सौंदर्यीकरण आ स्वच्छता सहित विभिन्न क्षेत्रक विकास काज कें प्राथमिकता दए कए रहल अछि। मेयर कहलनि जे जानकी नगर स्थित राम जानकी माध्यमिक विद्यालय मे नव भवन आ कक्ष निर्माण भेला सं विद्यार्थी सभ कें पढ़ाइ-लिखाइ मे सुविधा होयत। विद्यालयक भौतिक संरचना सुदृढ़ होयबा सं छात्र-छात्राक पठन-पाठनक वातावरण सेहो नीक होयत। वार्ड-7क वार्ड अध्यक्ष नीरज कुमार साहकअध्यक्षता मे आयोजित उद्घाटन समारोह मे शिक्षा शाखा प्रमुख अंजू पांडे, अभियंता शंभू साह, जीवछसाह, वार्ड सदस्या फूल कुमारी महतो सहित कतेको लोक उपस्थित छलाह।

# स्वतंत्रता दिवस कें लए कए सहरसा जंक्शन पर बढ़ल सुरक्षा

## ट्रेन सभ मे विशेष टिकट जांच अभियान

सहरसा/समदिया, समदिया

स्वतंत्रता दिवस कें लए कए सहरसा जंक्शन सहित सहरसा-मानसी रेलखंड पर सुरक्षा व्यवस्था कड़ा कएदेल गेल अछि। रेलवे द्वारा सुरक्षा व्यवस्थाक संग बिना टिकट यात्रा करयवला यात्री सभ पर कारबाइलेल विशेष टिकट जांच अभियान सेहो तेज कए देल गेल अछि। सोमदिन डीसीआई संजय कुमारक नेतृत्व मे विभिन्न ट्रेन सभ मे सघन टिकट जांच अभियान चलाओल गेल। अभियान मे रेलवे सुरक्षा बलकनिरीक्षक धनंजय कुमार यादव, दल प्रमुख इनदाद अहमद सहित कतेको टिकट जांच अधिकारी आ रेलवे सुरक्षा कर्मी सहभागी छलाह। दल सहरसा जंक्शन सं गुजरयवला कतेको ट्रेन मे अनचोके जांच शुरू कएलक। एहि मे ट्रेन संख्या 55523



त्रिवेणीगंज-समस्तीपुर यात्री गाड़ी, 75287 सहरसा-समस्तीपुर यात्री गाड़ी, 11401 पुणे-सुपौल एक्सप्रेस, 15284 जयनगर-कटिहार जानकी एक्सप्रेस, 12204 अमृतसर-सहरसा गरीब रथ एक्सप्रेस, अहमदाबाद एक्सप्रेस सहित अन्य ट्रेन शामिल छल। अनचोके शुरू भेल विशेष जांचअभियानक असर सहरसा-मानसी रेलखंडक विभिन्न स्टेशन पर सेहो देखबा मे आयल। टिकट जांचकसूचना भेटिते कतेको स्टेशनक टिकट काउंटर पर यात्री सभक भीड़ बढ़ि गेल। ओतहि बिना टिकट यात्रा करयवला यात्री सभक बीच किछु समय लेल हड़कंपक स्थिति बनि गेल। रेलवे अधिकारी सभ कहलनि जे स्वतंत्रता दिवस कें लए कए स्टेशन आ ट्रेन सभ मे सुरक्षा व्यवस्थापर विशेष नजरि राखल जा रहल अछि। संदिग्ध गतिविधि पर नजरि रखबाक संग यात्री सभक टिकट सेहो जांचल जा रहल अछि। रेलवे नियमक उल्लंघन करयवला यात्री सभक विरुद्ध नियमानुसार कारबाइ कएल जायत। समाचार लिखल जाए धरि विभिन्न ट्रेन सभ मे टिकट जांच अभियान जारी छल।

# कर्मचारी महासंघ आठ सूत्री मांग कें लए कए केलक प्रदर्शन

सहरसा, समदिया




बिहार राज्य अराजपत्रित कर्मचारी महासंघक राज्य सामान्य परिषदक बैसार मे लेल गेल निर्णयक आलोक मे सोमदिन कर्मचारी सभ प्रदर्शन कए अपन चिरलंबित मांग कें लए कए जिलाधिकारीक माध्यम संबिहार सरकारक मुख्य सचिवक नाम मांगपत्र सौंपलनि। प्रदर्शनक नेतृत्व महासंघक जिला मंत्री शरदकुमार कएलनि। महासंघक प्रमुख मांग मे राष्ट्रीय पेंशन प्रणाली (एनपीएस) समाप्त कए सभ कर्मचारी कें पुरान पेंशन योजनाक लाभ देबाक, सभ संविदा कर्मचारी कें नियमित करबाक तथा संविदा, बाह्यस्रोत आ दैनिक वेतनभोगी व्यवस्था समाप्त करबाक मांग शामिल अछि। एकर अतिरिक्त सचिवालयक तर्ज पर जिला आ अनुमंडल स्तरक कार्यालय सभ मे पांच दिनक कार्यदिवस लागू करबाक, नवनियुक्त राजस्व कर्मचारी, अमीन, पंचायत सेवक, लिपिक आ स्वास्थ्य विभागक एएनएम सभक पदस्थापन हुनकर गृह जिला मेकरबाक मांग कएल गेल। सिंचाई विभाग मे कार्यरत मौसमी कर्मचारी सभक सेवा रिक्त पदक विरुद्धसमायोजित करबाक, कमांड कर्मचारी सभ कें सिंचाई विभाग मे समायोजित करबाक, लंबित महंगाई भत्ता (डीए) आ महंगाई राहति (डीआर) केर सभ किस्त प्रभावी तिथि सं भुगतान करबाक तथा आठम वेतनमानअविलंब लागू करबाक मांग सेहो रखल गेल। प्रदर्शन मे जिलाध्यक्ष प्रभात कुमार सिंह, जिला मंत्री शरदकुमार सहित विभिन्न कर्मचारी संगठनक पदाधिकारी आ सैकड़ो कर्मचारी सहभागी छलाह।

# 19 अगस्त कें महाकवि आरसी प्रसाद सिंह जयंतीक होयत आयोजन

समस्तीपुर/रोसड़ा, समदिया

नगर परिषद क्षेत्र स्थित सरस्वती विद्या निकेतन परिसर मे साहित्य संगमक महत्वपूर्ण तैयारी बैसार संस्थाक अध्यक्ष अनिरुद्ध झा दिवाकरक अध्यक्षता मे आयोजित भेल। बैसार मे सर्वसम्मति सं निर्णय लेल गेल जे आगामी 19 अगस्त 2026 कें महावीर चौक स्थित मारवाड़ी विवाह भवन मे पूर्वाह्न 11 बजे सं महाकवि आरसी प्रसाद सिंहक जयंती आ संस्थाक वार्षिकोत्सव समारोह भव्य रूप सं आयोजित कएल जाएत। समारोहक रूपरेखा प्रस्तुत करैत संस्थाक महासचिव संजीव कुमार सिंह आयोजन कें एहि वर्ष आरो व्यापक स्वरूप देबाक प्रस्ताव रखलनि। ओ बतौलनि जे कार्यक्रम मे रोसड़ा क्षेत्रक स्थानीय कवि सभक



अतिरिक्त समस्तीपुर जिला मुख्यालय तथा पड़ोसी जिला बेगूसराय आ खगड़ियाक ख्यातिलब्धसाहित्यकार आ कवि सभ कें विशेष रूप सं आमंत्रित कएल जाएत। आयोजनक दौरान रोसड़ा अनुमंडलक्षेत्रक रचनाकार सभक उत्कृष्ट कृति सभक भव्य पुस्तक प्रदर्शनी लगाओल जाएत। संगहि कतेको कवि सभक नव काव्य-कृति सभक लोकार्पण, साहित्यकार सभक सम्मान आ साहित्यिक कार्यक्रमक आयोजन सेहो कएल जाएत। बैसार मे उपस्थित सदस्य सभ समारोह कें सफल आ स्मरणीय बनेबाक लेल कतेको महत्वपूर्ण सुझाव देलनि। सुझाव सभ पर विस्तार सं विचार-विमर्शक बाद आवश्यक संशोधनक संग सर्वसम्मति सं अनुमोदन कएल गेल। समारोह कें सुचारु रूप सं संपन्न करबाक लेल विभिन्न उपसमितिकगठन कए सदस्य सभ कें जिम्मेदारी सेहो सौंपल गेल। तैयारी बैसार मे अध्यक्ष अनिरुद्ध झा दिवाकर, महासचिव संजीव कुमार सिंह, राम स्वरूप सहनी रोसड़ाई, सुरेश कुमार सहनी, मनोज कुमार झा, नकी समस्तीपुरी, दिनेश्वर दिनेश, संतोष कुमार राय, लक्ष्मी नारायण झा, तृप्ति नारायण झा सहित कतेको साहित्यप्रेमी आ गणमान्य लोक उपस्थित छलाह।

# बीएड द्वितीय वर्षक प्रशिक्षु शिक्षकक लेल उन्मुखीकरण कार्यक्रम आयोजित

दरभंगा, समदिया

ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय, दरभंगाक दूरस्थ शिक्षा निदेशालयक शिक्षा संकाय मे बीएड सत्र 2025-27 केर द्वितीय वर्षक प्रशिक्षु शिक्षक सभक लेल सोमदिन द्वितीय वर्ष उन्मुखीकरण कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। विभागक बहुउद्देशीय सभागार मे आयोजित कार्यक्रमक उद्देश्य प्रशिक्षु शिक्षकसभ कें द्वितीय वर्षक पाठ्यक्रम, शैक्षणिक गतिविधि, शिक्षण-अधिगम प्रक्रिया आ आगांक कार्ययोजना सं अवगत करेनाइ छल। कार्यक्रम मे शत-प्रतिशत प्रशिक्षु शिक्षक उपस्थित छलाह। कार्यक्रमक शुभारंभ विभागाध्यक्ष डॉ. अरविंद कुमार मिलन आ प्राध्यापक सभक उपस्थिति मे दीप प्रज्वलन कए कएल गेल। प्रशिक्षु शिक्षक सभ इतनी शक्ति ह मे देना दाता प्रार्थना प्रस्तुत कएलनि। विभागाध्यक्ष स्वागत संबोधन मे पिछला वर्षक शैक्षणिक उपलब्धि आ व्यावहारिक अनुभवक समीक्षा करैतआगामी सत्रक कार्ययोजना साझा कएलनि। ओ प्रशिक्षु शिक्षक सभक ज्ञान, कौशल, व्यक्तित्व आ शिक्षणदक्षताक विकास पर जोर दैत विभागक संदेश शिक्षार्थी नेतृत्व करथि कें रेखांकित कएलनि। ओ कहलनि जेविद्यार्थी अपन



सीखबाक यात्राक सक्रिय नेतृत्वकर्ता बनथि। सकारात्मक सोचक लेल ओ कहलनि, जीवन मे मुस्कुरेनाइ बहुत जरूरी अछि, मुस्कुराइत रहू। डॉ. निधि वत्स द्वितीय वर्षक पाठ्यक्रम आ पाठ्यचर्याक विस्तृत जानकारी देलनि। ओ पाठ्यक्रम 7-बी, 8, 9, 10, 11 आ शैक्षिक व्यावसायिक पाठ्यक्रम-4 केर संरचना, विषयवस्तु आ अध्ययन प्रक्रियाक जानकारी देलनि। प्रश्नोत्तर सत्र मे प्रशिक्षु शिक्षक सभक जिज्ञासाक समाधान कएल गेल। कार्यक्रम मे डॉ. निधि वत्स, डॉ. कुमारी स्वर्णरेखा, डॉ. उदय कुमार, डॉ. जयशंकर सिंह, डॉ. रेशमा तबस्सुम, डॉ. श्वेता झा, डॉ. अक्षय कुमार सहित अन्य प्राध्यापक आ शिक्षकेत्तरकर्मचारी उपस्थित छलाह। समापन अवसर पर डॉ. अक्षय कुमार धन्यवाद ज्ञापन कएलनि आ प्रशिक्षु शिक्षक सभ कें नियमित कक्षा आ शैक्षणिक गतिविधि मे सक्रिय सहभागिता करबाक लेल प्रेरित कएलनि।

# बाबा गणिनाथ गोविंदक पूजा 4 सितंबर कें, तैयारी शुरू

जनकपुरधाम, समदिया



नेपालक पलवैया स्थान सं प्रसिद्ध बाबा गणिनाथ गोविंद महाराजक पूजा एहि वर्ष सेहो भादव 20 गते (4 सितंबर) कें जनकपुरधाम उपमहानगरपालिका वार्ड संख्या-23 स्थित बेला दूधमती नदीक कात गणिनाथ गोविंद मंदिर परिसर मे भव्यतापूर्वक मनाओल जायत। आयोजनक तैयारी कें लए कए गोविंद सेवा समितिक अध्यक्ष राघवेंद्र साहक अध्यक्षता मे एकटा बैसार आयोजित भेल। बैसार मे विधि- विधानपूर्वक पूजा-अर्चना संपन्न कराबय, बाहर सं आबि रहल श्रद्धालु सभक लेल निःशुल्क भोजन आ आवासक व्यवस्था करबाक तथा मेलाक दौरान सुरक्षा व्यवस्थासहित विभिन्न विषय पर विस्तार सं विचार-विमर्श कएल गेल। बैसार मे गोविंद सेवा समितिक उपाध्यक्ष सुजीत कुमार साह, सचिव कैलाश साह, सहसचिव ई. मुकेश साह, कोषाध्यक्ष उमेश साह, सलाहकार प्रा. रमेश कुमार साह, अजय कुमार साह, कृष्णदेव साह, सदस्य डॉ. शंभू प्रसाद साह सहित समिति सदस्य आ स्थानीय लोकक सहभागिता रहल।

# प्राथमिक कन्या विद्यालय मे मनाओल गेल हर घर तिरंगा महोत्सव



समस्तीपुर/रोसड़ा, समदिया

नगर परिषद क्षेत्रक प्राथमिक कन्या विद्यालय लक्ष्मीपुर मे सोमदिन हर घर तिरंगा 2026 महोत्सवक अंतर्गत तिरंगा संग सेल्फी कार्यक्रमक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रम मे विद्यालयक छात्र-छात्रा आ शिक्षक सभ उत्साहपूर्वक भाग ललनि। विद्यालय परिसर मे बच्चा सभ हाथ मे तिरंगा लए कए सेल्फी लेलनि आ प्रत्येक घर पर तिरंगा फहरयबाक संकल्प लेलनि। कार्यक्रमक दौरान विद्यार्थी सभ कें राष्ट्रीय ध्वजक महत्व, ओकर गरिमा आ सम्मानक संबंध मे विस्तार सं जानकारी देल गेल। बच्चा सभ मेकार्यक्रम कें लए बहुत उत्साह देखल गेल। विद्यार्थी सभ देशभक्तिक भावना सं ओतप्रोत भए राष्ट्रीय एकता आ अखंडताक संदेश देलनि। नवाचारी शिक्षक राकेश कुमार कहलनि जे तिरंगा देशक आन, बान आ शानक प्रतीक अछि। हर घर तिरंगा अभियानक माध्यम सं बच्चा सभ मे राष्ट्रप्रेमक संग-संग राष्ट्रीयएकता आ अखंडताक भावना सेहो मजबूत होयत। ओ कहलनि जे एहि तरहक कार्यक्रम विद्यार्थी सभ मे देशक प्रति गर्व, जिम्मेदारी आ कर्तव्यबोधक भावना विकसित करबा मे महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत अछि। एहि अवसर पर विद्यालयक शिक्षक जितेंद्र कुमार,गणेश पोद्दार आ जाहिदा परवीन सहित अन्य शिक्षक उपस्थित छलाह। शिक्षक सभ कहलनि जे एहि तरहक आयोजन सं विद्यार्थी सभ मे देशक प्रति सम्मान आ जिम्मेदारीक भावना आरो मजबूत होइतअछि।

## मध्य विद्यालय बेला पंचरुखी मे तिरंगा संग सेल्फी कार्यक्रम

समस्तीपुर, समदिया

समस्तीपुर प्रखंडक मध्य विद्यालय बेला पंचरुखी मे हर घर तिरंगा अभियानक अंतर्गत प्रधानाध्यापक मुकेश कुमारक नेतृत्व मे तिरंगा संग सेल्फी कार्यक्रम चलाओल गेल। कार्यक्रमक अंतर्गत विद्यालयक सभ शिक्षक, रसोइया-सहायक, शिक्षा सेवक तथा छात्र-छात्रा राष्ट्रीय ध्वजक संग फोटो खिंचबा कए भारत सरकारक संस्कृति मंत्रालयक वेबसाइट पर अपलोड कयलनि। ओतय सं प्रशंसा प्रमाणपत्र जारी कएल गेल, जे डाउनलोड कए सुरक्षित राखल गेल। प्रमाणपत्र पर राष्ट्रगीत वंदे मातरम्, आवेदकक नाम, तिरंगाक संग सेल्फीक फोटो तथा भारत सरकारक प्रतीक चिह्नक संग आकर्षक हर घर तिरंगा शीर्षक अंकित छल। हर घर तिरंगा कार्यक्रम सं बच्चा सभ मे राष्ट्रभक्तिक भावना जागृत भेल। सभ छात्र-छात्रा राष्ट्रीय एकता, अखंडता आ स्वच्छता कायम



रखबाक संकल्प दोहरौलनि। कार्यक्रम कें सफल बनाबय मे मो. सादुल्लाह,संजीव कुमार झा, विमल कुमार साह, कैलाश राम, विनय सिंह, दिवाकर कुमार सिंह, विमला कुमारी, खुशबूराय, रुचि वर्मा, विभा कुमारी, अंजुमन शाहीन, बीबी शकीला रहमान, कोमल पांडेय तथा शिक्षा सेवक कैलाश सदा सहित अन्य शिक्षक आ कर्मी सहयोग कयलनि।

## दी सीतामढ़ी सेंट्रल को-ऑपरेटिव बैंक केलक वित्तीय साक्षरता शिविर आयोजित

सीतामढ़ी, समदिया

ग्रामीण क्षेत्रक लोक कें बैंकिंग आ वित्तीय लेन-देनक प्रति जागरूक करबाक उद्देश्य सं दी सीतामढ़ी सेंट्रल को-ऑपरेटिव बैंक लिमिटेडक दिस सं रीगा प्रखंडक बरियारपुर मे विशेष वित्तीय साक्षरता शिविर आयोजित कएल गेल। शिविर मे बैंकक शाखा प्रबंधक रूपेश कुमार आ अन्य शाखाकर्मी सभ ग्रामीण लोक कें आर्थिक रूप सं सशक्त बनेबाक लेल महत्वपूर्ण जानकारी देलनि। शाखा प्रबंधक रूपेश कुमार ग्रामीण लोककें डिजिटल बैंकिंग, एटीएम, यूपीआई आ ऑनलाइन लेन-देनक सुरक्षित उपयोगक संबंध मे विस्तार सं जानकारी देलनि। ओ लोक कें ऑनलाइन ठगी (साइबर ठगी) सं बचबाक लेल अपन बैंक खाताक पिन, ओटीपी अथवा कूटशब्द ककरो सं साझा नहि करबाक विशेष सलाह देलनि। ओतहि बैंकक विभिन्न बचतयोजना आ ऋण सुविधाक जानकारी देल गेल। समय पर ऋण चुकता करबाक लाभ आ बैंक सं जुड़ि आर्थिक लाभ प्राप्त करबाक तरीका पर सेहो चर्चा कएल गेल। बैंककर्मी सभ आम लोक कें अनौपचारिक स्रोतक चंगुल मे पड़ब सं बचैत बैंकक माध्यम सं अपन वित्तीय आवश्यकता पूरा करबाक आ भविष्य लेलबचतकरबाक लेल प्रेरित कएलनि। कार्यक्रमकअंत मे ग्रामीण सभक बैंकिंग सं जुड़ल समस्या आ जिज्ञासाक समाधान सेहो कएल गेल। शिविर मे बरियारपुरआ आसपासक क्षेत्र सं पैघ संख्या मे ग्रामीण, महिला आ किसान उपस्थित छलाह।

# समन्वय समितिक बैसार मे लंबित मामिला पर त्वरित निष्पादनक डीएम देलनि निर्देश




दरभंगा, समदिया

जिलाधिकारी कौशल कुमारक अध्यक्षता मे आइ समाहरणालय स्थित बाबा साहेब डॉ. भीमराव आंबेडकर सभागार मे जिला स्तरीय समन्वय समिति केर बैसार आयोजित कएल गेल। बैसार मे सीडब्ल्यूजेसी, एमजेसी, मानवाधिकार, लोकायुक्त, आरटीपीएस, लोक शिकायत निवारण, सीपीग्राम, ई-अनुपालन डैशबोर्ड, जनता दरबार, राजस्व जनशिकायत सहित विभिन्न मामिला सभक प्रगतिक समीक्षा कएल गेल।जिलाधिकारी सभ संबंधित पदाधिकारी कें निर्देश देलनि जे लंबित मामिला सभक प्राथमिकताक आधार पर त्वरित निष्पादन सुनिश्चित करथि आ मामिला सभक निष्पादन मे अनावश्यक विलंब नहि हो। ओ संबंधित पदाधिकारी सभ कें अपन-अपन विभाग सं जुड़ल मामिला सभक नियमित समीक्षा करैत समयबद्ध कारबाइ करबाक निर्देश देलनि। बैसार मे सर्वप्रथम अभियान बसेरा अंतर्गत पर्चा वितरणक प्रगतिक समीक्षा कएल गेल। जिलाधिकारी सभ अंचल अधिकारी कें निर्धारित समय-सीमा मे पर्चा वितरणक काज पूरा करबाक निर्देश देलनि। संगहि पर्चा वितरण सं संबंधित सभ आवश्यक विवरण संबंधित पोर्टल पर अनिवार्य रूप सं अपलोड करबाक लेलकहलनि। 15 अगस्त कें जिलाक सभ प्रखंड आ अंचल स्तर पर पर्चा वितरण कार्यक्रम आयोजित कएल जाएत। एहि लेल जिलाधिकारी संबंधित पदाधिकारी सभ कें कार्यक्रमक तैयारी समय पर पूरा करबाक निर्देशदेलनि। बैसार मे जिला मे राशन कार्ड निर्माणक प्रगतिक सेहो समीक्षा कएल गेल। समीक्षा क्रम मे जिलाआपूर्ति पदाधिकारी सुरेश कुमार बतौलनि जे जिला मे एखन धरि 8,500 सं बेसी राशन कार्ड बनाओल जाचुकल अछि। बैसार मे जिला मे आंगनबाड़ी केंद्र आ पंचायत सरकार भवनक निर्माणक प्रगतिक सेहो समीक्षा कएल गेल। जिलाधिकारी सभ संबंधित पदाधिकारी कें निर्देशित कएलनि जे विभिन्न योजना आजनहित सं जुड़ल काजक नियमित समीक्षा करैत आपसी समन्वयक संग समयबद्ध रूप सं कार्यक निष्पादन सुनिश्चित करथि। बैसार मे सहायक समाहर्ता कल्पना रावत, अपर समाहर्ता सह जिला लोक शिकायत निवारण पदाधिकारी राजेश कुमार गुप्ता, अपर समाहर्ता मनोज कुमार, अपर समाहर्ता सलीम अख्तर, जिला पंचायती राज पदाधिकारी पवन कुमार, जिला जनसंपर्क पदाधिकारी आशीष अमन सहित अन्य जिला स्तरीय पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

# पुलिस कएलक लाठीचार्ज, छोड़लक आंसू गैसक गोला, जेपीएससीक पूर्व अध्यक्ष गिरफ्तार

रांची,समदिया

▪ झारखंड विधानसभा गेट लग पहुंच आंदोलनकारी छात्र बैरिकेडिंग तोड़लनि







झारखंडक रांची मे जेपीएससी-जेएसएससी परीक्षा मे कथित धांधलीक विरोध मे प्रदर्शन कए रहल हजारो छात्र बैरिकेडिंग तोड़ि विधानसभा गेट लग पहुंचि गेलाह। छात्र सभ सरकारक विरुद्ध नारेबाजी करैत रहलाह। कतेको बेर पुलिस आ छात्र सभक बीच झड़पक स्थिति बनल। भीड़ कें नियंत्रित करबाक लेल पुलिस कें दू-तीन बेर लाठीचार्ज करय पड़ल। एहि दौरान किछु छात्र सभक माथ मे चोट लगबाक सूचना अछि। ओतहि, प्रदर्शनकारी सभ पुलिस दिस पानि बोतल आ चप्पल सेहो फेंकलनि। छात्र सभ भोर सं पुरान विधानसभा लग जमा भेल छलाह आ ओकरा बाद विधानसभा घेराव लेल आगू बढ़लाह। पुलिस पहिनहि सं कंटीला तारक बैरिकेडिंग केने छल। जखन पुलिस वाटर कैननक उपयोग कएलक, तखन किछु छात्र बैरिकेडिंग पर चढ़ि नाचैत देखल गेलाह। किछु छात्र राष्ट्रगान सेहो गाबय लगलाह। बाद मे पुलिस आंसू गैसक गोला सेहो छोड़लक। सुरक्षा लेल 6 स्तरक व्यवस्था कएल गेल छल आ सीसीटीवी कैमरा सभ सं निगरानी कएल जा रहल छल। एहि बीच सीआईडी जेपीएससीक पूर्व अध्यक्ष एल. ख्यांग्ते कें गिरफ्तार कए लेने अछि। 21 जुलाई कें जेपीएससी कार्यालय मे छापेमारीक बाद ओ अपन पद सं इस्तीफा दए देने छलाह। सीआईडी लगातार हुनका सं पूछताछ कए रहल छल। छात्र सभ झारखंड पीएससी-एसएससी परीक्षा रद्द करबाक मांग कें लए 17 दिन सं आंदोलन कए रहल छथि। देवेंद्र नाथ महतो सहित 6 छात्र भूख हड़ताल पर छथि। ओ सभ एंबुलेंस सं विधानसभा घेराव मे शामिल भेलाह। जेपीएससी-जेएसएससी रिफॉर्म फोरमक नेता रविंद्र पासवान कहलनि जे छात्र सभ शांतिपूर्ण ढंग सं विरोध-प्रदर्शन कए रहल छथि, मुदा किछु असामाजिक तत्व आंदोलन कें दोसर दिशा देबाक प्रयास कए रहल छथि। ओ पुलिस सं एहन लोक सभक पहचान कए कारबाइक मांग कएलनि। छात्र नेता देवेंद्र नाथ महतो कहलनि जे ई आंदोलन रुकय बला नहि अछि आ आब जनआंदोलनक रूप लए चुकल अछि। हुनक अनुसार, जं छात्र सभक मांग पूरा नहि भेल तं सरकार पर पैघ दबाव बनत। ओतहि, विपक्षक नेता बाबूलाल मरांडी सोशल मीडिया मंच 'एक्स' पर लिखलनि जे एल. ख्यांग्तेक गिरफ्तारी मात्र देखाबा लेल कएल गेल कारबाइ अछि। हुनका अनुसार छात्र सभक मांग मात्र जेपीएससी धरि सीमित नहि अछि, बल्कि जेएसएससी-सीजीएल, सहायक आचार्य, उत्पाद सिपाही आ पीजीटी परीक्षा सभ मे सेहो कथित अनियमितताक जांच होबाक चाही। ग्रामीण एसपी गौरव गोस्वामी बतौलनि जे किछु छात्र आखरी बैरिकेडिंग धरि पहुंचबाक प्रयास कए रहल छलाह। पुलिस हल्का लाठीचार्ज कएलक आ छात्र सभ सं लगातार बातचीत कए रहल अछि। विधानसभा घेरावक दौरान 'हेमंत सोरेन गद्दी छोड़'क नारा सेहो लगाओल गेल। प्रदर्शन स्थल पर भारी संख्या मे पुलिस बल तैनात रहल आ वाटर कैनन, दंगा-रोधी दस्ता तथा आंसू गैसक व्यवस्था कएल गेल छल। एहि बीच जेपीएससी मे कथित अनियमितताक जांचक क्रम मे आयोगक तीन सदस्य—अजीता भट्टाचार्य, जमील अहमद आ अनिमा हांसदा सेहो अपन-अपन पद सं इस्तीफा दए देने छथि। राज्यपाल एहि इस्तीफा कें स्वीकृति दए देने छथि। रांची मे छात्र आंदोलनक 17म दिन सेहो हजारो छात्र तिरंगा लए सड़क पर उतरलाह आ जेएसएससी-सीजीएल परीक्षा रद्द करबाक तथा सीबीआई जांच करबाक मांग दोहरौलनि।

# झारखंड विधानसभा मानसून सत्रक तेसर दिन अनुपूरक बजट पर भेल चर्चा

रांची,समदिया

विपक्षक कतेको नेता सदन नहि पहुंचल




झारखंड विधानसभा कें मानसून सत्रक सोमदिन तेसर दिन अछि। सत्र मे अनुपूरक बजट पर चर्चा कयल गेल। ओतहि, विपक्षक कतेको नेता सदन नहि पहुंचलाह। एकरा सं पहिले भाजपा जेपीएससी-जेएसएससी मामला मे आंदोलनरत छात्र सभक मांगक समर्थन मे सीएम हाउस पर धरना देलक आ जोरदार नारेबाजी कयलक। ओतहि, शुक्रदिन सत्र शुरू होइतहि विपक्ष सदनक वेल मे आबि नारेबाजी कयने छल। प्रश्नकालक दौरान विपक्ष जेपीएससी मे भेल कथित धांधलीक विरोध मे जोरदार नारेबाजी कयलक। एकरा बाद सदनक कार्यवाही साढ़े 12 बजे धरि लेल स्थगित कए देल गेल। एकरा बाद सदनक कार्यवाही फेर शुरू कयल गेल। वित्त मंत्री राधा कृष्ण किशोर 8399 करोड़ रुपैयाक अनुपूरक बजट पेश कयलनि। एकरा बाद सदनक कार्यवाही सोमदिन भोर 11 बजे धरि लेल स्थगित कए देल गेल। विपक्ष हेमंत सोरेन सं इस्तीफाक मांग कयलक शुक्रदिन सत्र शुरू होए सं पहिले सदनक बाहर भाजपा विधायक सभ जेपीएससी आ जेएसएससी मे भेल कथित धांधलीक विरोध मे प्रदर्शन कयलनि। विपक्ष कहलनि जे छात्र सभ लगातार आंदोलन कए रहल छथि। हुनकर जे मांग अछि, सेहिए हमर सभक मांग अछि। सरकार पेपर लीक नहि, बल्कि पेपर बेचि रहल अछि। विपक्षक नेता सभ "हेमंत सोरेन हाय-हाय" केर नारा लगबैत मुख्यमंत्री सं इस्तीफाक मांग कयलनि।ओतहि, नेता प्रतिपक्ष बाबूलाल मरांडी कहलनि जे जखन सं हेमंत सोरेनक सरकार बनल अछि, तखन सं कोन नौकरी कतेक रुपैया मे बिकैत अछि, ई सभकेँ जानकारी अछि। राहुल गांधी कें हेमंत सोरेन सं बात करबाक चाही। जँ हेमंत सोरेन हुनकर बात नहि सुनैत छथि, तँ कांग्रेस कें सरकार सं अलग भए जाएबाक चाही।

# जेपीएससी छात्र आंदोलनः पुलिसक डंडा उठिते राष्ट्रगान गाबय लगलाह छात्र सभ

रांची,समदिया



झारखंड विधानसभा घेरावक दौरान सोमदिन रांची मे जेपीएससी-जेएसएससी छात्र सभक प्रदर्शनक एकटा तस्वीरि सभक ध्यान आकर्षित कएलक। छात्र सभ कें पाछू हटेबाक लेल जखन पुलिस लाठी उठौलक, तखन प्रदर्शनकारी विरोधक बीच राष्ट्रगान गाबय शुरू कए देलनि। किछु समय लेल प्रदर्शन स्थलाक माहौल पूर्ण रूप सं बदलि गेल आ पुलिसक समक्ष ठाढ़ छात्र सभ एकजुट भए राष्ट्रगान गबैत देखल गेलाह। जेपीएससी-जेएसएससी परीक्षा विवाद कें लए पैघ संख्यामे छात्र सभ झारखंड विधानसभा घेराव लेल पहुंचल छलाह। पुलिस छात्र सभ कें आगू बढ़बा सं रोकबाक लेल बैरिकेडिंग कएने छल। प्रदर्शनकारी बैरिकेडिंग लग पहुंचि अपन मांग सभ कें लए नारेबाजी कए रहल छलाह। एहि दौरान जखन पुलिस छात्र सभ कें पाछू हटेबाक लेल लाठी उठौलक, तखन छात्र सभ राष्ट्रगान शुरू कए देलनि। छात्र सभक कहब छल जे ओ सभ शांतिपूर्ण तरीका सं अपन मांग सरकार धरि पहुंचाबय चाहैत छथि आ कोनो प्रकारक विवाद नहि चाहैत छथि। प्रदर्शनकारी सभक संख्या बेसी होयबाक कारण पुलिसक समक्ष भीड़ नियंत्रित करबाक चुनौती बनल रहल। बैरिकेडिंग लग कतेको बेर पुलिस आ छात्र सभ आमने-सामने आबि गेलाह, जाहि सं तनावक स्थिति बनल रहल। जखनकि छात्र सभ अपन मांग सभ कें लए लगातार नारेबाजी करैत रहलाह। ओतहि, राष्ट्रगान शुरू करबाक छात्र सभक एहि तरीका सं घटनास्थल पर उपस्थित लोक सभक ध्यान आकर्षित भेल आ किछु समय लेल प्रदर्शनक माहौल अलग प्रकारक देखाइ देल। जेपीएससी-जेएसएससी परीक्षा विवाद कें लए छात्र सभ अपन विभिन्न मांग सभ पर सरकार सं ठोस कारबाइक मांग राखि रहल छथि। विधानसभा घेरावक दौरान सुरक्षा व्यवस्थाक लेल घटनास्थल पर पैघ संख्यामे पुलिस बल तैनात कएल गेल अछि।

# साओनक दोसर सोमवारी मे देवघर मे उमड़ल आस्थाक जनसैलाब

देवघर,समदिया

भक्त सभक भीड़ तोड़लक एखन धरिक सभ रिकॉर्ड



श्रावणी मेलाक दोसर सोमवारी पर देवघर मे आस्थाक जनसैलाब उमड़ि पड़ल, जतय लगभग 4 लाख भक्त सभ जलार्पण कए एखन धरिक सभ रिकॉर्ड तोड़ि देलनि। पूरा बाबाधाम गेरूआ रंग मे रंगायल देखल गेल आ चारूकात 'बोल बम'क जयघोष सं वातावरण गूंजैत रहल। पछिला वर्ष 2025 मे दोसर सोमवारी पर 3.62 लाख श्रद्धालु सभ जलार्पण कएने छलाह, जखनकि 2024 मे ई संख्या 2.71 लाख छल। एहि बेर भक्त सभक संख्या सभ पुरान रिकॉर्ड सं आगू निकलि गेल। भीड़ कें नियंत्रित राखबाक लेल प्रशासन दिस सं व्यापक व्यवस्था कएल गेल छल। बीएड कॉलेज परिसरक होल्डिंग प्वाइंट, शिवराम झा चौक, नेहरू पार्क आ क्यू कॉम्प्लेक्स सं कतार कें नियंत्रित कएल जा रहल छल। 'जय शिव जय शिवशंकर' आ 'बोल बम'क जयघोष निरंतर गूंजैत रहल। बाबा बैद्यनाथ मंदिर सं लगभग 15 किलोमीटर दूर धरि श्रद्धालु सभक लंबा कतार देखल गेल। कतारक आखरी छोर कुमैठा धरि पहुंचि गेल छल। पूजा-अर्चना लेल राति 12 बजे सं श्रद्धालु सभक कतार मे लागबाक सिलसिला तेज भए गेल छल। सावनक दोसर सोमवारी आ प्रदोषक संयोगक कारण श्रद्धालु सभ मे विशेष उत्साह देखल गेल। रवि रात्रि 10 बजे सं भक्त सभ मंदिर दिस आबय लगल छलाह। प्रशासनिक आ पुलिस पदाधिकारी पूरी राति व्यवस्था संभारय मे जुटल रहलाह। द्वादश ज्योतिर्लिंग मे सं एक बाबा बैद्यनाथ धामक कपाट भोर लगभग 3 बजि 4 मिनट पर खोलल गेल। परंपराक अनुसार सभसं पहिने काचा जल अर्पित कएल गेल। तत्पश्चात तांत्रिक विधि सं प्रातःकालीन पूजा सम्पन्न भेल। भोरक समय मंदिर परिसरक दुधिया रोशनी आ आध्यात्मिक वातावरण श्रद्धालु सभ कें विशेष अनुभूति दए रहल छल। मान्यता अछि जे देवघर मे शिव आ शक्ति दूनू विराजमान छथि आ प्रातःकालीन पूजाक समय देवी-देवता सभ सेहो उपस्थित रहैत छथि। बाह्य अर्घा सं जलार्पण लेल सेहो लंबा कतार लागल रहल। सिंह द्वार सं कांवरिया सभक निरंतर प्रवेश होइत रहल। भीड़क दबाव कें देखैत मंदिरक मुख्य द्वार, शिवगंगा, शिवराम झा चौक, क्यू कॉम्प्लेक्स सहित सात विशेष स्थान पर अतिरिक्त पुलिस बल आ दंडाधिकारी तैनात कएल गेल छलाह। डीसी आ एसपी मेला मे तैनात पदाधिकारी सभ कें निर्देश देने छलाह जे धैर्य आ संयमक संग श्रद्धालु सभक सुगम आ सुरक्षित जलार्पण सुनिश्चित कएल जाए। एहि कारण सुरक्षा बल बीच-बीच मे 'बोल बम'क जयघोष करबैत श्रद्धालु सभ कें व्यवस्थित रूप सं आगू बढ़ा रहल छल। एहि बीच गर्भगृह सं 'हर-हर महादेव', 'बाबा बैद्यनाथक जय' आ 'मइया पार्वतीक जय'क उद्घोष गूंजल, तं मंदिर परिसर मे ठाढ़ हजारो कांवरिया सेहो जयकारा लगबय लगलाह। एकरा बाद जलाभिषेकक सिलसिला आरंभ भेल। सहरसा (बिहार) सं आएल श्रद्धालु दिगंबर चौधरी कहलनि जे ओ रात्रि 11 बजे कतार मे लागल छलाह। भोर 3 बजे कतार आगू बढ़ब शुरू भेल आ ओ लगभग 5 बजे पूजा कए बाहर निकललाह। हुनक अनुसार भीड़क बावजूद व्यवस्था संतोषजनक रहल आ पुलिस संयमक संग भीड़ नियंत्रित करैत रहल। एक अन्य श्रद्धालु राघव कहलनि जे कांवर यात्रा आ पूरी राति जागबाक कष्ट बाबा बैद्यनाथक दरबार मे पहुंचिते समाप्त भए जाइत अछि। ई बाबा बैद्यनाथक असीम कृपा अछि। श्रावणी मेलाक दोसर सोमवारी पर उमड़ल अभूतपूर्व भीड़ फेर एक बेर सिद्ध कएलक जे बाबा बैद्यनाथ धाम देशक प्रमुख शिवतीर्थ सभ मे सं एक अछि आ शिवभक्त सभक अटूट आस्थाक केंद्र बनल अछि।

# पीएलएफआई उग्रवादी गिरफ्तार, निर्माणाधीन स्कूलक लग लेवी मांगय पहुंचल छल



लातेहार,समदिया

▪ देसी पिस्टल बरामद, एक फरार

लातेहार जिलाक बालूमाथ थाना क्षेत्र मे पुलिस पीएलएफआईक एक उग्रवादी कें गिरफ्तार कयने अछि। ई उग्रवादी निर्माणाधीन कस्तूरबा गांधी विद्यालयक लग लेवी नहि भेटलाक कारण फायरिंग करबाक फिराक मे छल। पुलिस ओकरा लग सं एक देशी पिस्टल, नौटा जिंदा कारतूस आ दूटा मोबाइल फोन बरामद कयने अछि। गिरफ्तार उग्रवादीक पहचान बालूमाथक हाथडीह निवासी लालदेश्वर यादव (28) केर रूप मे भेल अछि। बारियातू थाना प्रभारी प्रभात कुमार दास कहलनि जे 9 अगस्तक राति लगभग 11:10 बजे लातेहार एसपी कें गुप्त सूचना भेटल छल। लेवीक राशि नहि भेटलाक कारण फायरिंगक योजना बना रहल छल सूचनाक अनुसार, पीपुल्स लिबरेशन फ्रंट ऑफ इंडिया (पीएलएफआई) कमांडर बादल यादव उर्फ पवन जी उर्फ दिलीप यादवक संग काज करए बला लालदेश्वर यादव विद्यालयक ठेकेदार सं लेवीक राशि नहि भेटलाक कारण फायरिंग करबाक योजना बना रहल छल। सूचनाक सत्यापन आ कार्रवाई लेल एसपीक निर्देश पर एकटा छापामारी दलक गठन कयल गेल। पुलिस टीम जखन निर्माणाधीन विद्यालयक लग पहुंचल, तखन पुलिस बल कें देखितहि बिना नंबरक बाइक पर सवार दू युवक तेज गतिसं भागए लगल। ज्वरा पुलक लग दुर्घटनाग्रस्त भए गेल बाइक पीछा करबाक दौरान बाइक अनियंत्रित भए विश्रामपुर जाए बला सड़क पर बनल ज्वरा पुलक लग दुर्घटनाग्रस्त भए गेल। बाइक चला रहल युवक अन्हारक फायदा उठा कए फरार भए गेल, जखनकि पाछां बैसल युवक पुलिसक हत्थे चढ़ि गेल। पकड़ल गेल युवकक पहचान लालदेश्वर यादव केर रूप मे कयल गेल अछि। पुलिस गिरफ्तार आरोपी लालदेश्वर यादव सं पूछताछ कए रहल अछि। संगहि फरार युवक आ पीएलएफआई संगठन सं ओकर संबंधक बारे मे सेहो जानकारी जुटाओल जा रहल अछि।

# झारखंड धाम मे उमड़ल श्रद्धालु सभक भीड़ 'बोल बम'क जयघोष सं गूंजल पूरा क्षेत्र

गिरिडीह,समदिया



गिरिडीह जिलाक प्रसिद्ध झारखंड धाम मे सावनक दोसर सोमवारी पर श्रद्धालु सभक जनसैलाब उमड़ि पड़ल। ब्रह्ममुहूर्त सं हजारो भक्त मंदिर परिसर पहुंचय लगलाह। 'हर-हर महादेव' आ 'बोल बम'क जयघोष सं पूरा क्षेत्र गूंजि उठल। श्रद्धालु सभ लंबा कतार मे ठाढ़ भकए भगवान भोलेनाथक जलाभिषेक, रुद्राभिषेक आ विधि-विधान सं पूजा-अर्चना कएलनि। झारखंड धाम राज्यक प्रमुख शिवधाम सभ मे सं एक अछि। सुभाष पांडा बतौलनि जे सावन मास मे एतय झारखंडक अतिरिक्त बिहार, पश्चिम बंगाल, उत्तर प्रदेश आ आन राज्य सभ सं सेहो पैघ संख्यामे श्रद्धालु आबैत छथि। ई गिरिडीह शहर सं लगभग 55 किलोमीटर दूर अवस्थित अछि। कांवरिया आ स्थानीय श्रद्धालु सभक पैघ भीड़ विशेष रूप सं देवघर स्थित बाबा बैद्यनाथ धाम आ बासुकीनाथ मे जलार्पणक बाद हजारो कांवरिया अपन यात्रा पूर्ण करबाक लेल झारखंड धाम पहुंचैत छथि। ओ सभ एतय भगवान शिवक जलाभिषेक करैत छथि। दोसर सोमवारी पर सेहो कांवरिया आ स्थानीय श्रद्धालु सभक भारी भीड़ देखबा लेल भेटल। धार्मिक मान्यता सभक अनुसार झारखंड धामक संबंध महाभारत काल सं अछि। मानल जाइत अछि जे एहि पवित्र भूमि पर अर्जुन भगवान शिवक कठोर तपस्या कएने छलाह। हुनक तपस्या सं प्रसन्न भए भगवान शिव हुनका साक्षात दर्शन देने छलाह आ पाशुपत अस्त्र प्रदान कएने छलाह। एहि कारण ई स्थल शिवभक्त सभ लेल विशेष आस्थाक केंद्र मानल जाइत अछि। इरगा नदीक तट पर लगभग 14 एकड़ क्षेत्र मे पसरल ई मंदिर प्राकृतिक सौंदर्य, धार्मिक महत्व आ ऐतिहासिक विरासताक संगम अछि। मंदिर परिसर हरियरी आ शांत वातावरण सं घेरल अछि, जे श्रद्धालु सभ कें आध्यात्मिक शांति प्रदान करैत अछि। सच्चा मन सं कएल गेल प्रार्थना फलदायी मानल जाइत अछि झारखंड धामक सबसं पैघ विशेषता मंदिर परिसर मे स्थापित दू शिवलिंग छथि। एहि मे एकटा शंभू लिंग आ दोसर कामना लिंगक नाम सं प्रसिद्ध अछि। श्रद्धालु सभ दूनू शिवलिंगक विधिवत जलाभिषेक कए सुख, समृद्धि आ मनोकामना पूर्तिक प्रार्थना करैत छथि। मान्यता अछि जे शंभू लिंग भगवान शिवक दिव्य स्वरूपक प्रतीक छथि, जखनकि कामना लिंग पर सच्चा मन सं कएल गेल प्रार्थना फलदायी होइत अछि। मंदिरक मुख्य शिवलिंग स्वयंभू अर्थात् भुइफोड़ शिवलिंग मानल जाइत अछि। स्थानीय लोकमान्यता सभक अनुसार ई शिवलिंग धरती कें चीरि स्वयं प्रकट भेल छल। एकरा ऊपर कतेको बेर मंदिरक छत बनेबाक प्रयास कएल गेल, मुदा प्रत्येक बेर कोनो ने कोनो कारण सं निर्माण काज पूरा नहि भए सकल। एहि कारण आइ धरि ई शिवलिंग खुला आकाशक नीचां विराजमान छथि, जाहि कें श्रद्धालु दिव्य चमत्कारक रूप मे देखैत छथि। पुलिस बलक विशेष व्यवस्था कएल गेल सावनक दोसर सोमवारी कें लए मंदिर परिसर मे प्रशासन दिस सं व्यापक सुरक्षा व्यवस्था कएल गेल छल। श्रद्धालु सभक सुविधा लेल बैरिकेडिंग, पेयजल, चिकित्सा सहायता, साफ-सफाइ आ पुलिस बलक विशेष व्यवस्था कएल गेल छल। स्वयंसेवक सभ सेहो श्रद्धालु सभ कें सुचारु रूप सं दर्शन कराबय मे महत्वपूर्ण भूमिका निभौलनि। दिनभर श्रद्धालु सभक तांता लागल रहल। महिला, पुरुष, बुजुर्ग आ युवा सभक संग पैघ संख्यामे कांवरिया भगवान भोलेनाथक दर्शन कए जलाभिषेक करैत रहलाह। श्रद्धालु सभ परिवारक सुख-समृद्धि, नीक बरखा, राज्यक खुशहाली आ देशक उन्नतिक कामना करैत भोलेनाथक आशीर्वाद लेलनि। आस्था, इतिहास, पौराणिक मान्यता आ अद्भुत धार्मिक परंपरा सभ सं समृद्ध झारखंड धाम आइ सेहो लाखो शिवभक्त सभक अटूट श्रद्धाक प्रमुख केंद्र बनल अछि। सावनक प्रत्येक सोमवारी एतय उमड़य बला भीड़ एहि पवित्र धामक बढ़ैत धार्मिक महत्व आ लोक सभक अटूट आस्थाक जीवंत प्रमाण अछि।

# मुजफ्फरपुर-भागलपुर मे शिवभक्त सभ पर हेलिकॉप्टर सं फूलक बरखा

पटना, समदिया

साओनक दोसर सोमवारी छल। बिहारक शिवालय सभ मे शिवभक्त सभक भारी भीड़ि उमड़ल अछि। हर-हर महादेवक जयघोष सं वातावरण गुंजायमान अछि। मुजफ्फरपुरक गरीबनाथ मंदिर मे आइ स्थानीय श्रद्धालु आ कांवरिया सभ कए मिला कए 2 लाख लोकक पहुंचबाक अनुमान अछि। मंदिरक ऊपर हेलिकॉप्टर सं फूलक बरखा कयल गेल। ओतहि भागलपुरक अजगैबीनाथ मंदिर, उत्तरवाहिनी गंगा आ कांवरिया पथ सहित प्रमुख स्थल सभ पर सेहो हेलिकॉप्टर सं फूलक बरखा कए शिवभक्त कांवरिया सभक भव्य स्वागत कयल गेल। बेगूसरायक हरिगिरीधाम गढ़पुरा मे 2 किलोमीटर लंब कतारि लागल अछि। भोरहि सं मंदिर मे पूजा-अर्चना चलि रहल अछि। ओतहि भागलपुरक सुल्तानगंज सं लए कए झारखंडक देवघर धरि लगभग 105 किलोमीटर धरि सड़क केसरिया वस्त्र पहिरने श्रद्धालु सभ सं भरल देखल जा रहल अछि। झारखंडक देवघर मे कांवरिया सभक भारी भीड़ि अछि। आइ लगभग साढ़े 3 लाख श्रद्धालुक जलाभिषेक करबाक अनुमान व्यक्त कयल गेल अछि।



नालंदा मे एकटा नन्हका बालक मंदिरक सीढ़ी चढ़ैत देखल गेल। साओन सोमवारीक पूजा सं जुड़ल किछु दृश्य सभ सेहो देखल गेल। मुजफ्फरपुर मे कांवरिया सभक विश्राम लेल शिविर सभक व्यवस्था कयल गेल अछि। पहिलेजा घाट सं गंगाजल लए कांवरिया सभ तुर्की आ रामदयालु होइत बाबा गरीबनाथ धाम दिस बढ़ि रहल छथि। मार्ग मे हर-हर महादेव आ जय बाबा गरीबनाथक जयघोष सं समूचा क्षेत्र गुंजायमान अछि। कतेको स्थान पर कांवरिया शिविर सभ मे श्रद्धालु विश्राम करैत देखल गेलाह। बाबा गरीबनाथ मंदिर मे जलाभिषेकक क्रम रविदिन रात्रि संहि आरंभ भए गेल छल। राति गहराएलाक बाद कांवरिया सभक कतारि मंदिर दिस बढ़ए लागल। स्थानीय श्रद्धालु सभक आगमन सं भीड़ि आरो बढ़बाक संभावना अछि। बिहार सरकारक दिस सं अजगैबीनाथ मंदिर, उत्तरवाहिनी गंगा आ कांवरिया पथ सहित प्रमुख स्थल सभ पर हेलिकॉप्टर सं पुष्पवर्षा कए शिवभक्त कांवरिया सभक स्वागत कयल गेल।

## ▪ बेगूसराय मे 2 किमी लंबा लाइन

आकाश सं झड़ैत फूल सभ सं समूचा मेला क्षेत्र भक्तिमय भए उठल। हेलिकॉप्टर सं पुष्पवर्षा शुरू होइतहि 'हर-हर महादेव' आ 'बोल बम'क जयघोष गूंजए लागल। गंगा घाट सभ पर स्नान आ पूजा-अर्चनाक उपरांत लाखो शिवभक्त उत्तरवाहिनी गंगा सं गंगाजल भरि बाबा बैद्यनाथ धामक 105 किलोमीटर लंब कांवर यात्रा लेल प्रस्थान कयलनि। लखीसरायक प्रसिद्ध अशोक धाम मंदिर मे दोसर सोमवारी पर श्रद्धालु सभक आस्थाक सैलाब उमड़ि पड़ल। भोरहि सं हजारो श्रद्धालु बाबा भोलेनाथक दर्शन आ जलाभिषेक लेल मंदिर पहुंचि रहल छथि। दरभंगाक शिवालय सभ मे सेहो आस्थाक अद्भुत दृश्य देखबाक लेल भेटल। मिथिलाक प्रसिद्ध तीर्थस्थल बाबा कुशेश्वरनाथ मंदिर मे श्रद्धालु सभक भारी भीड़ि उमड़ि पड़ल। राति लगभग 12 बजे सं जलाभिषेक लेल कतारि लगए शुरू भए गेल छल, जे भोर होइत-होइत लगभग 3 किलोमीटर धरि पहुंचि गेल। मंदिर परिसर, शिवगंगा घाट आ आसपासक क्षेत्र शिवभक्त सभ सं भरि गेल। सोनपुरक बाबा हरिहरनाथ मंदिर मे दोसर सोमवारी पर भारी भीड़िक कारण प्रशासन आ मंदिर समिति द्वारा दू अरघाक व्यवस्था कयल गेल अछि, जतए श्रद्धालु सभ जल अर्पित कए रहल छथि। सुल्तानगंज सं मात्र 5 घंटा मे 1 लाख कांवरिया जल भरि देवघर लेल रवाना भेलाह। आइ लगभग साढ़े 3 लाख कांवरिया सभक देवघर पहुंचबाक संभावना अछि। राजगीरक शिवालय सभ मे 'हर-हर महादेव'क गूंज सुनाइ पड़ि रहल अछि। वैभारगिरि पर्वत पर स्थित बाबा सिद्धनाथ मंदिर मे जलाभिषेक लेल भक्त सभक पैघ भीड़ि उमड़ल अछि। श्रद्धालु सभ 536 सीढ़ी चढ़ि महादेवक दर्शन कए रहल छथि। एकटा नन्हका बालक सेहो सीढ़ी चढ़ि दर्शन लेल जाइत देखल गेल। सुल्तानगंज सं देवघर धरिक 105 किलोमीटर लंबा कांवर यात्रा मे वाराणसीक दीपक कनौजिया अपन दिव्यांग मित्र प्रमोद पांडे कए कांध पर बैसाकए बाबा बैद्यनाथ धाम लए जा रहल छथि। प्रमोद चलए मे असमर्थ छथि, मुदा दीपक विगत 8 वर्ष सं हुनकर जलाभिषेकक अभिलाषा पूर्ण करैत आबि रहल छथि। पटना, सुपौल, बक्सर, मोतिहारी सहित राज्यक विभिन्न शिवालय सभ मे सेहो श्रद्धालु सभक लंब कतारि देखल गेल। कतेको स्थान पर लाखो श्रद्धालु जलाभिषेक करबाक अनुमान व्यक्त कयल गेल अछि। ज्योतिषाचार्य राकेश झा कहलनि जे साओन मास, सोमवारी आ प्रदोष व्रतक एक संग पड़नाइ अत्यंत शुभ संयोग अछि। एहि अवसर पर शिव-पार्वतीक पूजा, रुद्राभिषेक आ जलाभिषेक सं मानसिक अशांति, गृहक क्लेश आ स्वास्थ्य संबंधी चिंता दूर होइत अछि तथा संतान प्राप्तिक कामना पूर्ण होइत अछि। बाबा गरीबनाथ मंदिरक पुजारी पंडित विनय पाठक कहलनि जे दोसर सोमवारीक अवसर पर मंदिर मे सभ तैयारी पूर्ण कए लेल गेल अछि। एक हजार सं अधिक स्वयंसेवक श्रद्धालु सभक सहायता आ भीड़ि प्रबंधन मे लागल छथि। पुलिस प्रशासन सेहो सुरक्षा व्यवस्था कड़ी केने अछि। कांवरिया पथ, मंदिर परिसर आ संवेदनशील स्थल सभ पर अतिरिक्त पुलिस बल तैनात कयल गेल अछि। सादे वस्त्र मे सेहो पुलिसकर्मी तैनात छथि तथा वॉच टावर सं लगातार निगरानी कयल जा रहल अछि। श्रद्धालु सभक सुविधा लेल स्वास्थ्य केंद्र, एंबुलेंस, चिकित्सा दल, नियंत्रण कक्ष, यात्री शेड, धर्मशाला आ अस्थायी वाहन पड़ावक व्यापक व्यवस्था कयल गेल अछि, जाहि सं सावनक दोसर सोमवारी शांतिपूर्ण आ सुव्यवस्थित रूप सं संपन्न भए सकए।

# राजगीरक ब्रह्मकुंडक बदलत स्वरूप: 49.87 करोड़क परियोजना, 32% काज पूरा

राजगीर, समदिया

## सितंबर 2027 धरि तैयार होयत नव पर्यटन केंद्र

राजगीरक धार्मिक आ ऐतिहासिक पर्यटनक प्रमुख केंद्र ब्रह्मकुंडक स्वरूप शीघ्रहि पूर्ण रूप सं बदलल नजरि आएत। लगभग 49.87 करोड़क महत्वाकांक्षी एकीकृत विकास परियोजनाक अंतर्गत सदियौं पुरान एहि आस्थाक केंद्र कए नव आ भव्य रूप देल जा रहल अछि। एखन धरि एहि कायाकल्प योजनाक 32 प्रतिशत काज पूरा कएल जा चुकल अछि। परियोजनाक समस्त काज सितंबर 2027 धरि पूरा करबाक लक्ष्य निर्धारित कएल गेल अछि। ब्रह्मकुंड परिसर मे प्रवेश सं लए कए विश्राम आ खान-पान धरि सभ सुविधा कए एकीकृत कएल जा रहल अछि। एतए एकटा भव्य पर्यटन प्रवेश द्वारक निर्माण भए रहल अछि। एकरा संग सार्वजनिक प्लाजा, फूड कोर्ट, कैफेटेरिया, ओपन एयर



एंफीथिएटर आ वॉच टावर जेकां आधुनिक सुविधा सभ विकसित कएल जा रहल अछि, जाहि सं पर्यटक सभ आकर्षित होएताह। एहि अतिरिक्त थीम गेटवे प्लाजा, सुरक्षित आ चौड़ा पाथवे, शौचालय ब्लॉक आ आधुनिक पार्किंगक निर्माण सेहो चलि रहल अछि, जाहि सं भविष्य मे श्रद्धालु आ पर्यटक सभ कए धार्मिक आस्था संग आधुनिक सुविधाक अनुभव भेटत। कतेको हिस्सा मे तेजी सं चलि रहल अछि निर्माण काज एहि पैघ परियोजनाक निर्माण काज विभिन्न हिस्सा मे युद्धस्तर पर चलि रहल अछि। पर्यटक सुविधा केंद्रक लगभग 85 प्रतिशत काज पूरा भए गेल अछि। ओतहि सार्वजनिक प्लाजाक 18 प्रतिशत, पुरान चहारदीवारी आ पोखरिक पुनर्विकासक 15 प्रतिशत तथा वॉच टावर आ थीम गेटवे प्लाजाक 12 प्रतिशत सं अधिक काज पूरा कएल जा चुकल अछि। मौजूदा परिसरक ऐतिहासिक विरासत कए सुरक्षित रखैत पुरान चहारदीवारी हटाकए नव बाउंड्री विकसित कएल जा रहल अछि। एकरा अतिरिक्त पूर्व घाट आ पुलक जीर्णोद्धार कएल जाएत तथा पोखरिक आसपास आकर्षक लैंडस्केपिंग विकसित कएल जाएत। राजगीर पर्यटन कए भेटत नव पहचान नेचर सफारी, ग्लास ब्रिज, अंतरराष्ट्रीय कन्वेंशन सेंटर आ स्पोर्ट्स कॉम्प्लेक्स जेकां पैघ परियोजना सभक बाद ब्रह्मकुंडक ई भव्य कायाकल्प राजगीरक पर्यटन मानचित्र कए नव मजबूती देत। एकरा सं देश-विदेश सं आबए बला लाखो पर्यटक सभक संख्या मे वृद्धि होएबाक संभावना अछि। एकर सीधा सकारात्मक प्रभाव स्थानीय अर्थव्यवस्था, होटल उद्योग, परिवहन व्यवस्था आ रोजगारक अवसर सभ पर पड़त। विरासत आ विकासक एहि अनूठ संगम सं राजगीर कए अंतरराष्ट्रीय स्तर पर नव पहचान भेटबाक संभावना अछि।जिलाधिकारी उदिता सिंह कहलनि जे राजगीरक समुचित विकास लेल कतेको योजना पर काज चलि रहल अछि। एहि क्रम मे राजगीरक अति प्राचीन पहचान ब्रह्मकुंड कए पर्यटक-अनुकूल बनाबैत विभिन्न सुविधा बहाल करबाक योजना पर तेजी सं काज भए रहल अछि। हुनक अनुसार आगामी वर्ष सं पर्यटक सभ एहि नव सुविधा सभक लाभ उठा सकताह।

# शेखपुरा मे पांचम दिन गाम सभ मे जनसंपर्क, पानि संकट सं लोक परेशान

शेखपुरा, समदिया

केंद्र सरकारक नीति सभक विरोध मे भारतीय कम्युनिस्ट पार्टी (सीपीआई)क राष्ट्रव्यापी पदयात्रा शेखपुरा मे लगातार जारी अछि। पदयात्राक पांचम दिन पार्टी कार्यकर्ता सभ दरवेशपुर, धनौल, जखौर, देवपुरी, सहनौरा आ भोजडीह सहित कतेको गाम मे जनसंपर्क अभियान चलौलनि। एहि अभियान मे सीपीआईक जिला सचिव प्रभात कुमार पांडेय, उपसरपंच रामदास आ उर्मिला देवी सहित कतेको कार्यकर्ता शामिल छलाह। पार्टी नेता सभ ग्रामीण सभ सं संवाद कए हुनकर समस्या सभ सुनलनि। पीएचईडी पर उदासीनताक आरोप जिला सचिव प्रभात कुमार पांडेय कहलनि जे एहि गाम सभ मे पिबबाक पानिक गंभीर संकट अछि। जनसंपर्क अभियानक दौरान ई बात सामने आएल जे ग्रामीण सभ पेयजल समस्या सं जूझि रहल छथि। ग्रामीण सभ आ जनप्रतिनिधि सभ जन स्वास्थ्य



सीपीआईक पदयात्रा जारी, केंद्रक नीति सभक विरोध

अभियांत्रिकी विभाग (पीएचईडी) पर उदासीनताक आरोप लगौलनि। हुनका सभक कहब अछि जे जिलाधिकारीक प्रयासक बावजूद विभागक मनमाना रवैया जारी अछि, जाहि कारण लोक सभ कए पिबबाक पानि उपलब्ध नहि भए रहल अछि। आंदोलन तेज करबाक चेतावनी प्रभात कुमार पांडेय चेतावनी दैत कहलनि जे जं जिलाधिकारी आ दोसर अधिकारी सभ समय रहैत एहि समस्याक समाधान दिस ध्यान नहि देताह, तं आगू आबए बला दिन सभ मे जिला मे पिबबाक पानिक कारण आपातकाल जेकां स्थिति उत्पन्न भए सकैत अछि। हुनका स्पष्ट कहलनि जे जं एहि समस्या सभक समाधान नहि भेल, तं भारतीय कम्युनिस्ट पार्टी जनगोलबंदी कए आंदोलन कए आरो तेज करत।

# गयाजी मे मजदूर-किसान संगठन सभक जेल भरो आंदोलन, गांधी मैदान सं समाहरणालय धरि जुलूस

गयाजी, समदिया

## 4 लेबर कोड रद्द आ जिला कए सुखाड़ घोषित करबाक मांग

गयाजी मे चारि लेबर कोड रद्द करबाक सहित 20 सूत्री मांग सभ कए लए सोमदिन विभिन्न संगठन सभ जेल भरो आंदोलन कएलनि। बिहार राज्य किसान सभा, सीटू, खेत मजदूर यूनियन, जनवादी महिला समिति, भारतक जनवादी नौजवान सभा, आंगनबाड़ी सहित आन संगठन सभक कार्यकर्ता एहि आंदोलन मे शामिल भेलाह। आंदोलनकारी सभ चारू लेबर कोड रद्द करबाक मांग कएलनि। एकरा अतिरिक्त ठेका, संविदा आ आउटसोर्सिंग व्यवस्था समाप्त करबाक मांग सेहो उठाओल गेल। स्वीकृत पद सभ पर नियमित बहाली, आंगनबाड़ी, आशा, रसोइया आ अन्य योजना कर्मी सभ कए स्थायी करबाक तथा हुनका सभ कए तत्काल 26 हजार रुपैया न्यूनतम मानदेय देबाक मांग राखल गेल। एहि संग गयाजी जिला कए सुखाड़ घोषित करबाक मांग सेहो कएल गेल। आंदोलनक शुरुआत गांधी मैदान सं भेल। एतए सं पैघ संख्या मे कार्यकर्ता सभ जुलूसक रूप मे निकललाह। हुनका सभक हाथ मे मांग सभ सं जुड़ल बैनर छल। कार्यकर्ता सभ सरकारक विरोध मे नारेबाजी करैत आगू बढ़लाह। सड़क सभ पर 'इंकलाब जिंदाबाद' आ 'किसान-मजदूर, नौजवान-महिला एकता जिंदाबाद'क नारा गूंजैत रहल। जुलूस समाहरणालय पहुंचल, जतए कार्यकर्ता सभ सड़क पर बैसि गेलाह। एकरा सं आवागमन प्रभावित भए गेल। पुलिस आंदोलनकारी सभक गिरफ्तारी कएलक। किछु लोक कए पुलिस वैन मे बैसाओल गेल, जखनकि पैघ संख्या मे कार्यकर्ता पैदल सिविल लाइंस थाना पहुंचि अपन गिरफ्तारी देलनि। गिरफ्तारीक संख्या एखन धरि स्पष्ट नहि भए सकल अछि। एमएसपीक कानूनी गारंटीक मांग आंदोलनक नेतृत्व किसान नेता अजय कुमार वर्मा कएलनि। आंगनबाड़ी नेत्री मंजू कुमारी सहित आन नेता सभ सेहो आंदोलन मे सहभागी बनलाह। अजय कुमार वर्मा कहलनि जे दिल्ली मे 28 आ 29 जुलाई कए भेल राष्ट्रीय सम्मेलन मे देशभरि मे जेल भरो आंदोलन चलाबबाक निर्णय लेल गेल छल। ओहि निर्णयक अंतर्गत गयाजी मे सेहो ई आंदोलन आयोजित कएल गेल अछि। ओ कहलनि जे किसान सभ कए अपन उपजक लाभकारी मूल्य भेटबाक चाही। सभ फसलक खरीद न्यूनतम समर्थन मूल्य (एमएसपी) पर कानूनी गारंटी संग होअय।



किसान आ खेत मजदूर सभक कर्ज माफ कएल जाए। ओ कहलनि जे 2020-21क किसान आंदोलनक समय सरकार कृषि कानून वापस लेबाक आ लागतक डेढ़ गुणा मूल्य देबाक भरोस देलक छल, मुदा एखन धरि किसान सभ कए अपन उपजक उचित मूल्य नहि भेटि रहल अछि। स्मार्ट प्रीपेड मीटर वापस लेबाक मांग आंदोलनकारी सभ बिजलीक निजीकरण पर रोक लगाबबाक मांग कएलनि। स्मार्ट प्रीपेड मीटर व्यवस्था वापस लेबाक मांग सेहो उठाओल गेल। बटाईदार आ पट्टेदार किसान सभक निबंधन कए सरकारी सुविधा देबाक, ग्रामीण क्षेत्र सभक होल्डिंग टैक्स वापस लेबाक तथा स्टेट हाईवे पर प्रस्तावित टोल टैक्स बंद करबाक मांग कएल गेल।भूमिहीन आ गृहविहीन परिवार सभ कए 5 डिसमिल जमीन देबाक, राशन कार्ड सं नाम काटनाइ बंद करबाक आ खाद्य सुरक्षा सुनिश्चित करबाक मांग सेहो आंदोलनकारी सभ रखलनि। पेयजल व्यवस्था आ महंगाई पर नियंत्रणक मांग आंदोलनकारी सभ गयाजी जिला कए सुखाड़ घोषित करबाक आ पिबबाक पानिक समुचित व्यवस्था करबाक मांग कएलनि। अंचल सभ मे परिमार्जन आ जमाबंदी सं जुड़ल समस्या सभक शीघ्र समाधान करबाक मांग सेहो उठाओल गेल। एहि अतिरिक्त बढ़ैत महंगाई पर नियंत्रण, पेट्रोलियम पदार्थ आ रसोई गैसक दाम कम करबाक, महिला, दलित आ कमजोर वर्ग सभ पर अत्याचार रोकबाक मांग कएल गेल।

## विविध

# भारतक मेडिकल डिवाइस क्षेत्र 2047 धरि 250 अरब डॉलर धरि पहुंचबाक अनुमान: रिपोर्ट

भारतक मेडिकल डिवाइस उद्योग आबए बला वर्ष सभ मे तेजी सं विस्तार करैत वर्ष 2047 धरि 250 अरब डॉलरक बाजार धरि पहुंचि सकैत अछि। ई बात फिक्की-डीयूए कंसल्टिंग द्वारा 'भारतीय हेल्थकेयर मे मेडिकल इक्विपमेंटक सर्विस आ मेंटेनेंस - सुरक्षित, भरोसेमंद आ टिकाउ मेडिकल डिवाइस मेंटेनेंस इकोसिस्टम दिस' विषय पर जारी रिपोर्ट मे कहल गेल अछि। फिक्की (एफआईसीसीआई)क संग डिपार्टमेंट ऑफ फार्मास्यूटिकल्स द्वारा आयोजित 'इंडिया मेडिकल डिवाइस 2026'क नवम संस्करणक उद्घाटन सत्र मे जारी श्वेत पत्र मे कहल गेल जे वर्तमान मे लगभग 14 अरब डॉलर मूल्यक भारतक मेडिकल डिवाइस उद्योग एहि दशकक अंत धरि 30 सं 50 अरब डॉलर धरि पहुंचि सकैत अछि आ वर्ष 2047 धरि एकर आकार बढ़ि कए 250 अरब डॉलर होएबाक संभावना अछि। रिपोर्ट मे कहल गेल अछि जे देश मे स्वास्थ्य सेवा सभक बढ़ैत आवश्यकता, अत्याधुनिक चिकित्सा तकनीक सभक तेजी सं अपनाएल जाएब, स्वदेशी विनिर्माण कें बढ़ावा देबए बला सरकारी नीति सभ आ भारत कें वैश्विक मेडटेक हब बनेबाक महत्वाकांक्षा एहि क्षेत्रक



तीव्र वृद्धिक प्रमुख कारण बनत। रिपोर्टक अनुसार, उत्पादन आधारित प्रोत्साहन (पीएलआई) योजना आ मेडिकल डिवाइस उद्योग सुदृढ़ीकरण योजना जकां सरकारी पहल सभ सं घरेलू विनिर्माण क्षमता मे उल्लेखनीय वृद्धि भेल अछि। एहि योजना सभ भारतक वैश्विक प्रतिस्पर्धात्मक क्षमता कें सेहो मजबूत कयने अछि। रिपोर्ट मे एहि बात पर जोर देल गेल अछि जे मेडिकल डिवाइस उद्योगक दीर्घकालिक सफलता मात्र उपकरणक निर्माण पर निर्भर नहि करत, बल्कि चिकित्सा उपकरण सभक सर्विसिंग, रखरखाव, अंशांकन (कैलिब्रेशन) आ पूरा जीवनचक्र प्रबंधन लेल विश्वस्तरीय व्यवस्था विकसित करब सेहो ओतबे जरूरी होएत। रिपोर्ट मे आगू कहल गेल अछि जे आधुनिक स्वास्थ्य सेवा मे चिकित्सा उपकरण समय पर रोगक पहचान, आपातकालीन उपचार, शल्य चिकित्सा आ उन्नत चिकित्सा सेवा सभक रीढ़ बनि चुकल अछि। एहिलेल एहि उपकरण सभक महत्व मात्र खरीद धरि सीमित नहि अछि, बल्कि पूरा उपयोगकाल मे भरोसेमंद रखरखाव सुनिश्चित करब सेहो अत्यंत महत्वपूर्ण अछि। रिपोर्ट मे कहल गेल अछि जे चिकित्सा उपकरण सभक नियमित आ वैज्ञानिक रखरखाव रोगी सभक सुरक्षा बढ़बैत अछि, उपचारक गुणवत्ता मे सुधार करैत अछि, उपकरण सभक खराब रहबाक अवधि कम करैत अछि, हुनकर कार्यक्षमता आ आयु बढ़बैत अछि तथा स्वास्थ्य क्षेत्र मे कयल गेल निवेशक नीक उपयोग सुनिश्चित करैत अछि। एहि चुनौती सभ सं निपटबाक लेल रिपोर्ट मे केंद्रीय औषधि मानक नियंत्रण संगठन (सीडीएससीओ)क उपकरण वर्गीकरण प्रणाली पर आधारित जोखिम-आधारित मिश्रित रखरखाव ढांचाक सिफारिश कयल गेल अछि। रिपोर्ट मे विभिन्न जोखिम श्रेणी सभक अनुसार रखरखाव प्रोटोकॉल तैयार करब, सेवा अभियंता सभ लेल राष्ट्रीय स्तरक प्रमाणन व्यवस्था विकसित करब, तकनीकी प्रशिक्षण मजबूत बनायब, व्यावसायिक मॉडल मे नवाचार कें बढ़ावा देब तथा रखरखाव सं जुड़ल वित्तीय ढांचा कें बेसी व्यावहारिक बनेबाक सुझाव देल गेल अछि। रिपोर्ट मे चिकित्सा उपकरण सभक विश्वसनीयता बढ़ेबाक आ खराबी अवधि कम करबाक लेल पूर्वानुमान आधारित रखरखाव, डिजिटल निगरानी प्रणाली आ जीवनचक्र प्रबंधन प्रणाली जकां आधुनिक डिजिटल तकनीक सभक पैघ स्तर पर उपयोगक सेहो सिफारिश कयल गेल अछि।

# भोर मे खाली पेट एक्सरसाइज करब कतेक सही? वजन घटेबाक चक्कर मे जुनि करी ई गलती

आजुक समय मे वजन बढ़ब बहुत आम समस्या भए गेल अछि। खराब खान-पान, घंटों बैसि कए काज करब, कम चलब-फिरब आ बिगड़ल दिनचर्याक कारण पैघ संख्या मे लोक अपन बढ़ैत वजन कें लए परेशान छथि। एहन स्थिति मे लोक वजन घटेबाक लेल डाइटक संग-संग एक्सरसाइजक सहारा लैत छथि। विशेष रूप सं भोरक समय वर्कआउट करब कतेको लोक कें पसंद होइत अछि। कतेको लोक भोर मे उठितहि किछु नहि खाइ जिम वा पार्क पहुंचि जाइ छथि। हुनकर मानब अछि जे खाली पेट एक्सरसाइज करला सं शरीर अधिक चर्बी घटबैत अछि आ वजन शीघ्र कम होइत अछि। मुदा वैज्ञानिक नजरिया एकरा लए किछु दोसर अछि। दरअसल, वजन घटेबाक लेल पूरा दिन मे अहां कतेक कैलोरी लैत छी, कतेक ऊर्जा खर्च करैत छी, अहांक डाइट केहन अछि आ अहां कतेक नियमित रूप सं एक्सरसाइज करैत छी, एहि सभ बातक महत्वपूर्ण भूमिका होइत अछि। एहिलेल मात्र खाली पेट वर्कआउट कें वजन घटेबाक आसान उपाय मानब उचित नहि अछि। जं अहां भोर मे उठि कए बिना किछु खाइ एक्सरसाइज करैत छी, तं अहां कें शीघ्र थकान महसूस भए सकैत अछि। रातिक भोजनक बाद भोर धरि शरीर कें कतेको घंटा धरि भोजन नहि भेटैत अछि। एहन स्थिति मे जं एकर तुरंत बाद अहां तेज दौड़ब, भारी वजन उठाएब वा कठिन एक्सरसाइज शुरू कए दैत छी, तं शरीर कें पर्याप्त ऊर्जा उपलब्ध कराबए मे समस्या भए सकैत अछि। कतेको लोक कें खाली पेट एक्सरसाइज करबाक दौरान कमजोरी, माथ घूमब



वा बेचैनी जकां समस्या सेहो भए सकैत अछि। विशेष रूप सं जं ओ पर्याप्त पानि नहि पीने होथि वा एक्सरसाइज अत्यधिक तेज हो। एहन समय मे शरीरक संकेत कें नजरअंदाज कए वर्कआउट जारी राखब ठीक नहि अछि। जं एक्सरसाइजक दौरान चक्कर आबए, बहुत कमजोरी लगए वा तबीयत खराब बुझाए, तं तुरंत रुकि जाएबाक चाही। एक्सरसाइजक दौरान खाली पेट शरीर ऊर्जा लेल फैटक उपयोग करैत अछि, मुदा मात्र एहि कारण सं वजन कम नहि होइत अछि। वजन घटेबाक दौरान एकटा दोसर महत्वपूर्ण बात, जाहि पर लोक प्रायः ध्यान नहि दैत छथि, से अछि मांसपेशी। जं कोनो व्यक्ति बहुत कम भोजन करैत छथि आ लगातार एक्सरसाइज करैत छथि, तं वजन कम होएबाक संग मांसपेशी सेहो कम भए सकैत अछि। एहिलेल वजन घटेबाक दौरान पर्याप्त प्रोटीन आ सही मात्रा मे भोजन लेब जरूरी अछि। संगहि वजन उठेबाक एक्सरसाइज सेहो शरीर कें मजबूत बनेने राखए मे सहायता करैत अछि। सब सं महत्वपूर्ण बात ई अछि जे वजन घटेबाक लेल कोनो एकटा तरीका पर निर्भर रहबाक बदला पूरा दिनचर्या पर ध्यान देबाक चाही। संतुलित भोजन, पर्याप्त प्रोटीन, नियमित एक्सरसाइज, नीक निद्रा आ पर्याप्त पानि वजन कम करबा मे सहायक होइत अछि।

# एकटा हमला सं दोहरा घाव : 1000 किमी भीतर घुसि रूस पर यूक्रेनक सभ सं घातक हमला, 12 केर मृत्यु

**यूक्रेन पछिला किछु मास सं लगभग प्रत्येक दिन लंबा दूरीक ड्रोनक माध्यम सं रूसक तेल प्रतिष्ठान सभ कें निशाना बना रहल अछि**





**मास्को, एजेंसी**

रूस आ यूक्रेनक बीच पछिला करीब साढ़े चारि वर्ष सं युद्ध जारी अछि। एहि दौरान कतेको बेर रूसी सेनाक दिस सं यूक्रेनक भीतर घुसि विनाशकारी हमला कएल गेल, मुदा आब जे खबरि सामने आबि रहल अछि, ताहि मे यूक्रेन रूसक भीतर करीब 1000 किलोमीटर धरि घुसि सभ सं घातक हमला मे सं एकटा हमला केने अछि। एहि हमला मे एखन धरि 12 लोकक मृत्यु भए गेल अछि, जखन कि 39 लोक घायल भेल छथि।

यूक्रेनक दिस सं सोमदिन रूसक निजनेकाम्स्क शहर पर कएल गेल ड्रोन हमला मे 12 लोकक मृत्यु आ 39 लोक घायल भेल छथि। तातारस्तान क्षेत्रक अधिकारी सभ एहि घटनाक जानकारी देने छथि।

यूक्रेन निजनेकाम्स्क शहर पर हमला कए रूस कें दोहरा घाव देने अछि। एक दिस पैघ संख्या मे लोक हताहत भेल छथि, दोसर दिस रूसक महत्वपूर्ण ऊर्जा प्रतिष्ठान सभ कें सेहो क्षति पहुंचाओल गेल अछि। उल्लेखनीय अछि जे यूक्रेन पछिला किछु मास सं लगभग प्रत्येक दिन लंबा दूरीक ड्रोनक माध्यम सं रूसक तेल प्रतिष्ठान सभ कें निशाना बना रहल अछि। एहि हमला सं रूस मे ईंधनक कमी उत्पन्न भेल अछि, तेल शोधन क्षमतापर असरि पड़ल अछि आ आम लोकक बीच चिंता सेहो बढ़ल अछि।

### पुतिन कें बात लेल बाध्य करबाक उद्देश्य सं घातक हमला

यूक्रेनक राष्ट्रपति वोलोदिमीर जेलेंस्कीक कहब अछि जे ई अभियान रूसी राष्ट्रपति व्लादिमीर पुतिन कें बातचीतक मेज पर अएबाक आ चारि वर्ष सं बेसी समय सं चलि रहल युद्ध कें समाप्त करबाक लेल बाध्य करबाक उद्देश्य सं चलाओल जा रहल अछि। तातारस्तानक प्रमुख रुस्तम मिन्निखानोवक प्रेस सेवा कार्यालयक अनुसार, निजनेकाम्स्क शहर मे सोमदिन भोर औद्योगिक आ नागरिक ठिकाना सभ कें निशाना बना कए पैघ ड्रोन हमला कएल गेल। हमलाक कारण क्षेत्र मे व्यापक क्षति भेल।



### यूक्रेनक सीमा सं करीब 1,200 किलोमीटर दूर अछि निजनेकाम्स्क

निजनेकाम्स्क यूक्रेनक सीमा सं करीब 1,200 किलोमीटर पूर्व मे स्थित अछि। एहि शहरक जनसंख्या करीब 2.40 लाख अछि। ई रूसक एकटा महत्वपूर्ण तेल शोधन केंद्र अछि। शहर मे दूटा तेल रिफाइनरी आ एकटा पेट्रोकेमिकल संयंत्र स्थित अछि। एहि कारण निजनेकाम्स्क पर भेल हमला रूसक ऊर्जा ढांचाक लेल महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि।

जेलेंस्की रविदिन देर राति सोशल मीडिया पर कहलनि जे यूक्रेन रूसक हमलाक पूरा उचित जवाब दए रहल अछि आ रूसक प्रत्येक हमलाक जवाब देल जाएत। हुनकर कहब छल जे आब रूस कें अपनहि घर मे युद्धक प्रभाव बेसी महसूस करय पड़त। जेलेंस्की इहो कहलनि जे युद्ध एखन धरि जारी रहबाक एकमात्र कारण रूसक ओकरा समाप्त करबाक अनिच्छा अछि।

### एहि वर्ष दुनू पक्ष बढ़ौलक लंबा दूरीक हमला

संयुक्त राष्ट्रक अनुसार, एहि वर्ष रूस आ यूक्रेन दुनू पक्ष लंबी दूरीक हमला मे उल्लेखनीय वृद्धि केने अछि। एकर परिणामस्वरूप आम नागरिकक मृत्यु सेहो बढ़ल अछि। स्थानीय यूक्रेनी अधिकारी सभक अनुसार, यूक्रेनक फ्रंट लाइनक लग, उत्तर-पूर्वी खार्कोव क्षेत्रक एकटा गाम मे रूसी तोपखानाक हमला मे पांच लोकक मृत्यु भए गेल। क्षेत्रीय अभियोजक कार्यालय टेलीग्राम पर देल बयान मे कहलनि जे 10 अगस्त कें रूसी सेनाक दिस सं चुगुइव जिलाक बुगाइवका गामक रिहायशी इलाका मे जोरदार तोपखाना सं हमला कएल गेल। दुश्मनक हमला मे कतेको घर ध्वस्त भए गेल आ पांच लोकक मृत्यु भए गेल। अधिकारी सभ हमलाक बाद भग्नावशेष मे बदलल एकटा घरक तस्वीर सेहो जारी केलनि।

### रूसक 456 यूक्रेनी ड्रोन खसेबाक दाबी

एहि बीच रूसक रक्षा मंत्रालय दावा केलक अछि जे राति भरि मे छोड़ल गेल 456 यूक्रेनी ड्रोन कें मारि खसाओल गेल। हालांकि मंत्रालय ई नहि बतौलक जे एहि ड्रोन सभ मे सं कतेक अपन लक्ष्य धरि पहुंचि सकल। तातारस्तान क्षेत्र पहिने सं यूक्रेनक एकटा पैघ ड्रोन हमलाक जानकारी देने छल। दोसर दिस यूक्रेनक वायुसेना कहलक जे रूस राति भरि चलल हमलाक दौरान 126 ड्रोन छोड़लक।

अधिकारी सभक अनुसार, रूसक सीमावर्ती बेलगोरोद क्षेत्र पर यूक्रेनक हमला मे एकटा महिलाक मृत्यु भए गेल। ओतहि फ्रंट लाइन बला खेरसॉन क्षेत्र मे रूसी ड्रोन द्वारा एकटा टैक्सी पर कएल गेल हमला मे एकटा व्यक्तिक मृत्यु भेल। रूस-यूक्रेन युद्धक एहि टटका घटनाक्रम सं स्पष्ट अछि जे दुनू पक्ष आब लंबा दूरीक ड्रोन आ अन्य हथियारक माध्यम सं एक-दोसरक इलाका मे दूर धरि हमला करबाक रणनीति पर बेसी निर्भर भए रहल अछि। यूक्रेनक निजनेकाम्स्क पर हमला रूसक सीमा सं बहुत भीतर धरि ओकर लंबी दूरीक हमला करबाक क्षमता कें सेहो रेखांकित करैत अछि।

# चीन मे 150 किमी प्रतिघंटाक गति सं टकरायल डॉल्फिन तूफान



**शंघाई मे 150 वर्षक सभ सं बेसी बरखा, 10 लाख लोक सुरक्षित स्थान पर पठाओल गेल**

**बीजिंग, एजेंसी**

जापान मे भारी तबाही मचेलाक बाद डॉल्फिन बीहाड़ि आब चीन पहुंचि गेल अछि। रविदिन देर राति एहि बीहाड़ि पूर्वी चीनक तटीय इलाका मे दस्तक देलक। ओहि समय तूफानक गति करीब 150 किलोमीटर प्रतिघंटा छल। एकर बाद कतेको शहर मे तेज बरखा शुरू भए गेल। सभ सं बेसी असरि शंघाई मे देखल गेल, जतय पछिला 150 वर्ष मे सभ सं बेसी बरखा दर्ज कएल गेल अछि। चीनी अधिकारी सभक अनुसार, खतराक आशंका कें देखैत 10 लाख सं बेसी लोक कें पहिनेहि सुरक्षित ठाम पठा देल गेल छल। चीनी मीडियाक अनुसार, आब बीहाड़ि कमजोर पड़ि रहल अछि, ताहि कारण मौसम विभाग चेतावनीक स्तर घटा देलक अछि। मुदा लगातार वर्षाक कारण बाढ़िक खतरा एखन बनल अछि। किछु ठाम पहाड़ सं माटि आ चट्टान खिसकबाक घटना सेहो भेल अछि।

### 943 उड़ान रद्द, स्थानीय ट्रेन सेवा बंद

शंघाई मे भारी बरखा सं जनजीवन अस्त-व्यस्त भए गेल। शहरक दू प्रमुख विमानस्थल सं सोमदिन 943 उड़ान रद्द करय पड़ल। स्थानीय ट्रेन समेत कतेको परिवहन सेवा सेहो बंद रहल।

### बीजिंग मे रेड अलर्ट

राजधानी बीजिंगक पांच जिला मे भारी वर्षाक लेल रेड अलर्ट जारी कएल गेल अछि। किछु इलाका मे भूस्खलन आ बाढ़िक खतरा अछि। मौसिम विभाग अगिला तीन दिन धरि बरखा जारी रहबाक चेतावनी देने अछि।

### चीन मे बेर-बेर किएक अबैत अछि बीहाड़ि?

पश्चिमी प्रशांत महासागर मे प्रतिवर्ष सभ सं बेसी 25 सं 30 बीहाड़ि बनैत अछि। ई क्षेत्र उष्णकटिबंधीय इलाका मे पड़ैत अछि, जतय समुद्रक तापमान बेसी रहैत अछि। गरम समुद्रक कारण पानि तेजी सं वाष्प बनि ऊपर उठैत अछि आ बीहाड़ि कें ऊर्जा दैत अछि। पृथ्वीक घूर्णनक कारण कोरियोलिस प्रभाव सेहो तूफानक हवा कें घुमावदार गति दैत अछि। एहि कारण बीहाड़ि जापान, ताइवान, चीन, कोरिया आ फिलीपींस दिस बढ़ैत अछि। पछिला किछु वर्ष मे वैश्विक समुद्र सतहक औसत तापमान 21.1 डिग्री सेल्सियस सं ऊपर पहुंचि गेल अछि, जे इतिहासक सभ सं बेसी स्तर बताओल गेल अछि। गरम होइत समुद्र टाइफूनक निर्माण आ ओकर तीव्रता बढ़ेबाक प्रमुख कारण मे सं एकटा अछि।

# दिल्ली मे रेड अलर्ट, एनसीआरक कतेको हिस्सा मे भेल जोरगर बरखा

**आइयो दिल्ली मे भए सकैत अछि झमाझम**

**नई दिल्ली, एजेंसी**

दिल्ली-एनसीआर कतेको हिस्सा मे सोमदिन झमाझम बरखा भेल। मौसिम विभाग दिल्लीक विभिन्न इलाका मे गरज-चमकक संग जोरदार वर्षाक लेल रेड अलर्ट जारी केलक। विभाग भोरहि दिल्ली-एनसीआर मे मध्यम वर्षाक चेतावनी देने छल। मौसिम विभागक अनुसार, आइ आ काल्हियो दिल्ली-एनसीआर मे गरज-चमकक संग जोरदार बरखा होयबाक संभावना अछि।



मौसिम विभाग सोमदिन दुपहर मे दिल्ली मे गरज-चमक आ तेज हवाक संग जोरदार वर्षाक लेल रेड अलर्ट जारी केलक। किछुए देर बाद दिल्ली-एनसीआर कतेको हिस्सा मे कारी बादर घेरि गेल आ तेज गरज-चमकक संग बरखा शुरू भए गेल। नोएडा, गाजियाबाद, फरीदाबाद, दिल्ली आ गुरुग्राम समेत कतेको इलाका मे तेज हवाक संग झमाझम बरखा भेल। जोरदार बरखा सं मौसिमक रूप बदलि गेल आ कतेको इलाका मे जलजमावक स्थिति उत्पन्न भए गेल।

### राति मे सेहो वर्षाक संभावना

मौसिम विभाग राति मे सेहो दिल्ली-एनसीआर कतेको हिस्सा मे वर्षाक संभावना जतौलक अछि। आइएमडीक अनुसार, वर्तमान समय मे तीनटा मौसमी तंत्र सक्रिय अछि। मानसून ट्रफ बीकानेर, दतिया, उत्तरी मध्य प्रदेश, डाल्टनगंज आ दीघा होइत दक्षिण-पूर्व दिस पूर्वी-मध्य बंगालक खाड़ी धरि बनल अछि। एहि कारण बंगालक खाड़ी दिस सं नम हवो आबि रहल अछि। एकरा अतिरिक्त पश्चिमी विक्षोभ सेहो ट्रफ केर रूप मे सक्रिय अछि।

### काल्हि कोना रहत मौसिम?

मौसिम विभाग काल्हियो दिल्ली-एनसीआर मे झमाझम बरखाक संभावना जतौलक अछि। मंगलदिन आकाश मे बादर लागल रहल रहत आ अधिकांश ठाम हल्का सं मध्यम बरखा भए सकैत अछि। एहि लेल येलो अलर्ट जारी कएल गेल अछि। सांझ अथवा राति मे सेहो बहुत हल्का सं हल्का बरखा होयबाक संभावना अछि। मौसिम विभागक अनुसार, 12 आ 13 अगस्त कें वर्षाक तीव्रता मे कमी रहत। हालांकि एहि दुनू दिन हल्का बरखा अथवा फुहार पड़ि सकैत अछि।

### 14 सं 16 अगस्त धरि मौसिम

14 अगस्त कें दिल्ली-एनसीआर मे बादर छाए रहल रहत। भोर सं दुपहर धरि किछु ठाम हल्का बरखा भए सकैत अछि। दुपहर सं सांझक बीच सेहो कतेको ठाम हल्का वर्षाक संभावना अछि। 15 अगस्त कें भोर मे सेहो हल्का बरखा होयबाक संभावना बताओल गेल अछि। मौसिम विभागक अनुसार, 16 अगस्त कें दिल्ली आ एनसीआरक कतेको हिस्सा मे हल्का बरखा अथवा फुहार पड़ि सकैत अछि।

# परमाणु समझौता बिना सेहो युद्ध समाप्त कए सकैत छथि ट्रंप, होर्मुज फेर खोलबाक शर्त

**नई दिल्ली, एजेंसी**

अमेरिकी राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंप ईरानक संग बिना परमाणु समझौता केने सेहो युद्ध समाप्त करबाक विचार कए रहल छथि। वॉल स्ट्रीट जर्नलक अनुसार, अमेरिकाक एकटा पैघ शर्त होर्मुज जलडमरूमध्य कें पूर्ण रूप सं खोलनाइ अछि। जं ईरान एहि मार्ग सं गुजरनिहार व्यापारिक जहाज सभ कें बिना कोनो रोक-टोक आवागमनक अनुमति दैत अछि, तं अमेरिका युद्ध सं पाछां हटि सकैत अछि। रिपोर्टक अनुसार, राष्ट्रपति ट्रंप पछिला किछु सप्ताह सं एहि योजनापर काज कए रहल छथि। ओ अपन वरिष्ठ अधिकारी सभ कें कहलनि अछि जे जं ईरान होर्मुज जलडमरूमध्य खोलि दैत अछि, तं अमेरिका औपचारिक परमाणु समझौता बिना सेहो संघर्ष समाप्त करबाक लेल तैयार भए सकैत अछि। पहिने अमेरिकाक सभ सं पैघ शर्त ईरानक संग नव परमाणु समझौता करब छल। मुदा युद्ध लंबा खिंचलाक बाद अमेरिकाक प्राथमिकता बदलैत देखाइ पड़ि रहल अछि। आब होर्मुज जलडमरूमध्य मे जहाज सभक आवागमन फेर शुरू करेनाइ युद्ध समाप्त करबाक महत्वपूर्ण शर्त बनि सकैत अछि। ई मार्ग वैश्विक स्तर पर अत्यंत महत्वपूर्ण अछि, कारण एहि बाटे पैघ मात्रा मे तेल आ गैसक आपूर्ति होइत अछि।



होर्मुज जलडमरूमध्य खोलबाक बदला मे ईरान सेहो अमेरिकाक सामने कतेको शर्त रखने अछि। सुप्रीम नेशनल सिक्योरिटी काउंसिलक सचिव मोहम्मद बाघेर जोलघदारक अनुसार, अमेरिकाक लेल ई सभ शर्त मानब आवश्यक होयत ।

# पाकिस्तान मे ठाढ़ भए गेल ट्रक आ बस पेट्रोल-डीजल लेल मचल त्राहिमाम

**इस्लामाबाद, एजेंसी**

पेट्रोल-डीजलक दाम बढ़ला सं पाकिस्तान मे त्राहि-त्राहि मचल अछि। शुक्रदिन सं शुरू भेल रैली आ विरोध-प्रदर्शनक दौर शनिदिन ट्रांसपोर्टर सभक हड़ताल मे बदलि गेल, जे रविदिन सेहो जारी रहल। जमात-ए-इस्लामी घोषणा केलक अछि जे 16 अगस्त कें चारू प्रांतीय राजधानी मे प्रदर्शन कएल जाएत। पाकिस्तान मे पेट्रोलक दाम 335 पाकिस्तानी रुपैया प्रति लीटर धरि पहुंचि गेल अछि। तेलक बढ़ैत दामक विरोध मे दू दिनक भीतर देशभरि 500 सं बेसी रैली, विरोध-प्रदर्शन आ चक्का जाम कएल गेल अछि। ट्रांसपोर्टर आ तेल टैंकर सभक देशव्यापी हड़तालक घोषणा सं लाखो मालवाहक वाहनक पहिया थमि गेल अछि।

ऑल पाकिस्तान पब्लिक ट्रांसपोर्ट ओनर्स फेडरेशन आ गुड्स ट्रांसपोर्टर्स घोषणा केने अछि जे 12 अगस्तक भोर सं पाकिस्तान मे ट्रक, बस आ भेद-प्रांतीय परिवहन पूर्ण रूप सं बंद कए देल जाएत। पेट्रोलक दाम मे लगातार भए रहल वृद्धि सं पाकिस्तानी लोक सभ मे सरकारक विरुद्ध भारी आक्रोश देखाइ पड़ि रहल अछि।

### सार्वजनिक परिवहन सेवा बंद करबाक घोषणा

ट्रांसपोर्टर संगठन सभक कहब अछि जे चालू वित्त वर्षक बजट मे सरकार पेट्रोल आ डीजल पर 70 सं 80 रुपैया प्रति लीटरक रिकॉर्ड पेट्रोलियम लेवी लगा देने अछि। एहि भारी कर आ टोल प्लाजा शुल्कक कारण हुनका सभ लेल कारोबार करब कठिन भए गेल अछि।

